# Ираф

**I**
**2021**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА**

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

Журнал издается с февраля 1991 года

**Главный редактор**
**Эльбрус СКОДТАЕВ**

**Редакция**
Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева
Валентина Миндзаева
Наталья Семенова
Джульетта Бузоева

**Редколлегия**
Тамерлан Камболов
Таймураз Тамаев
Руслан Бабочиев
Амурхан Кибиров
Милуся Будаева

ВЛАДИКАВКАЗ, 2021

# Ираæф

## I
## 2021

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**

---

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
**СКЪОДТАТИ Эльбрус**

**Редакци**
КОЛИТИ Витали – сæйраг редактори хуæдæййевæг
Такъоти Альбинæ
Миндзайти Валентинæ
Семенова Наталья
Бузойти Джульеттæ

**Редколлеги**
Хъамболти Тамерлан
Тамати Таймураз
Бабочити Руслан
Къибирти Амурхан
Будайти Милуся

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2021

# НӀМЕРИ ЕС:

## Ное юбиляртое

*Раздзурд* .....5
Ходи Камал – 80! *Æмдзæвгитæ* .....6
Хъодзати Æхсарæ. *Хи поэтикон хъæлæс* .....25
Скъодтати Эльбрус. *Поэт æма поэзи* .....31
Джусойти Нафи. *Æнкъарæн – зарæджы æндзарæн*.....55
Джиккайти Шамил. "*Фыст у йæ ныхыл алкæмæн йæхи цард"*.....62
Хъазити Мелитон. *Зонды цæстæй кæсгæйæ*.....65

## Прозое æма поэзи

Гегкити Сослан. *Æмдзæвгитæ.* .....74
Будайти Милуся. *Седзæри бонтæ. Уацау* .....79
Хайманти Антонинæ. *Æмдзæвгитæ* .....145
Даурати Дамир. *Документалон радзурдтæ*.....150
Зæгæлти Ермак. *Æмдзæвгитæ*.....185

## Сфоелдистадон бастдзийноедтое

Вера Кобзарь. *Æмдзæвгитæ*.....190
Виталий Мальков. *Очерк*.....194
Татьяна Огурцова. *Æмдзæвгитæ*.....202

## Ноуоег тоеллаутое

Гæздæнти Гайто. *Французаг зæнхæбæл. Документалон прозæ* .....204
Александр Вампилов. *Хистæр фырт. Дууæархайдон комеди*.....234

## Сабийти дуйне

Бæгъатæр Нартæ. *Идарддæр*.....271

## Публицистикое

Хидирти Батраз. *Ираæфи райони*
*евгъуд æнзти кусти хатдзæгтæ*.....287
Малхъарти Нателлæ. *Малхъарти муггаги*
*равзурди истори*.....293

## Финсунцое ноелое

Хъамболти Николай. *Радзурдтæ*.....301

# НÆ ЮБИЛЯРТÆ

*Раздзурд*

*Аци анз æнсури мæйи 26-аг бони 80 анзи исæнхæст æй Иристони номдзуддæр лæгтæй еу – Ходи Камалбæл. Адæмон поэт, драматург, литературон критик, тæлмацгæнæг, публицист, Хетæгкати Къостай номбæл æма «Нарти фæткъу»-й премити лауреат, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Гимни дзурдти автор. Камал райгурдæй Зæронд Бæтæхъой гъæуи. Каст фæцæй Мæскуй Максим Горькийи номбæл Литературон институт 1970-аг анзи. Куста берæ бæрнон бунæтти æма берæ хуæрзти бацудæй е 'мзæнхон хъазар адæмæн, фал æ сæйраг лæгигъæдæ ба адтæй, скурдиадгун поэтæй ке баскъуæлхтæй, æма æ аййев уадзимистæй ирон литературы хæзнадонæ дзæвгарæ ке фæгъгъæздугдæр кодта, е.*

*Ходи Камал æ Хуцауи лæвар ирд скурдиади артмæ æндзарста е 'новуд фæллойни артагæй æма си, циренкалæг æскъæрнæгутау, ци ирд æмдзæвгитæ истæхиуонцæ, етæ рохс кодтонцæ Иристони мæйдар изæртæ, нæ гъостæбæл нин уайун кодтонцæ гъæугæрон будури нидæн зарти адгин зæлтæ: «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...»*

*Камал, никки медесгундæр цард фæккæнæ æнæнезæй, дæ сæдæ анзей сæрти ракæсæ, дæ кæстæрти-кæстæрти цæстити рохсæй æфсæст уæд дæ зæрдæ, хъазардæр кæмæн дæ, уони кувдтитæ дæбæл æрцæуæнтæ. Журнал «Ирæф»-и адæн дин устур аргъ кодтонцæ, кæнунцæ æма кæндзæнæнцæ кæдфæндидæр. Де 'гурæн бон æма дин дæ юбилейи фæдбæл зæрдтагон арфитæ кæнæн! Хестæр кæстæри уод федаргæнæг æй, кæстæр ба хестæрæн – уоди нифс. Хуцау ди исарази уæд, Камал...*

*Редакци*



# ХОДЫ КАМАЛ – 80!

## РИВАД

*(Æмдзæвгæ ныффыссыны размæ)*

Æрæнцад сау æврагъыл мæй,
Гъестæй æрæмбæхсти йæ фæстæ...
Æркъулы хъомыс та мын нæй,
Нæ та мæрдтæй дæн, нæ – æгæстæй.

Мæ зæрдæ нал зоны æнцой,
Цымæ цы хорзæх домы цардæй?..
Кæмдæр кæрæдзийы æнцой
Фæцæуынц расыг лæгтæ, заргæ...

Кæцæйдæр тарст цъæхахст ыссыд, –
Уый бонрухс мæйдары æвдæрздзæн...
Æддейы тар æхсæв хуыссы
Нæ хъуынджын сау куыдзы нывæрзæн.

Кæм дæ, уæууæй, хъуыдыты арф?! –
Емылыккæн куы нал и ’рцахсæн...
Ныггæрах та мæ ласта арв,
Æмæ та багомыг дæн ахсæв...

1968

* * *

Цы пайда сты
Дæ рагъамад фыстытæ?!
Нæ мæм хъарынц,
Нæ уадзынц ныфс мæ туджы.
Тызмæг бонты,
Лæгæвзарæн хъызтыты
Гæвгæвгæнгæ нынныгъуылдтæ дæ хъузджы.

Дæ бонæй у! –
Дæ уд дарын фæрæзтай...
Дæ риуæй никæд сирвæзти дæ катай.
Дæ адæмæн
Куы каст сæ туг сæ цæстæй,
Ды сарæзтай уæд хъазæн хъул дæ фатæй.

Фыдæй-фыртмæ
Цъысцъысгæнгæ фæсыгътæ,
Ирон фарнмæ дæ уазал къухтæ ма дар!
Дæ дзырдтæ дын пайда-сасир фæрсыгъта...
О, уаих уай –
Дæ къонайы нырма дæр
Нæ бангæстæ дæ арт!

1968

## ÆНДÆРГ

«Интурист» рестораны кæрты
сарæзтой «Ирон хæдзар».

*Газеты уацæй.*

Фæластой ардæм хохаг сау къæйдуртæ,
Биноныг сæ уæнгтæ-уæнгтæ фæкодтой,
Гъестæй сæ уæд
Бæрзонд æгомыг къулты
Ныхæй-ныхмæ фæцамадтой.
Къæвда бон
Сæ зыхъырты ныссуйтæ вæййы дымгæ.

Æцæг хæдзар,
Æцæг ирон хæдзарау
Хынцт у æппæт дæр ацы ран бæстонæй?
Нæ фыдæлты æртыкъахыг фынгтæ,
Ирон хæрд, стæй ирон нозт у парахат.
Ам коммæгæс кæстæриуæггæнджытæ
Дæ алы фæкаст, алы фезмæлд хатынц.

Ис хæдзарæн йæ бæрæгастæу къона, –
Уым судзы арт,
Фæлæ нæ кæны ’ндавгæ:
Йæ хъузг – æртхуыз авгæй.
Электрон рухс – йæ уд.

Фæсахсæвæр,
Куы сафтид вæййы «Хæдзар»,
Куы адард вæййы хъæлдзæг лæгты зарын,
Уæд аныгъуылы «Хæдзар» дæр æнцойы.
Æрмæст ма хатгай
Фехъуысы мæнг хъыррыст...

Уый фефсæрынц
Биноныгамад къултæ.

1968

* * *

*А. Б.*

Сырдтау зылдысты гаджидæуттæ фынгыл...
Козбау ныхас фæзгъæр-къæрттытæй хаудта...
Иу иннæйы цур хи цæстмæхъус фаудта...
Кæмæндæр чидæр уагъта дон йæ зынгыл. –

Дзырдта:
«Æз æм æвзистæхгæд кæрддзæмæй
Тæмæнкалгæ фæцъыллинг ластон хъама...»
...Мæ бакомкоммæ
Бадтæ
Ды
Æдзæмæй,
Дæ сæрмæ та ыздыхсти фæздæг калмау.
Цы мын дзырдта
Дæ уазал сау цæстыты
Фæлмæн æнгас?
Цæмæн сыгъта цъæх артау?
Дæ фарсмæ бадт –
Хæрзхуыз æмæ рæстылдзур –
Дæ зондджын лæг.
Æрбанцади дыл уартау.
Æмæ зылдысты гаджидæуттæ фынгыл,
Козбау ныхас фæзгъæр-къæрттытæй хаудта...
Иу иннæйы цур хи цæстмæхъус фаудта...
Кæмæндæр чидæр уагъта дон йæ зынгыл.

1968

## МАРДЫ ФÆСТÆ ЦÆУГÆЙÆ

*Ардасенты Хадзыбатырæн*

Уæззау музыкæ
зæрдæтыл æнцайы,
Æрхæндæг дзыллæ
нарæг уынджы ’нхъæвзы...
Куы иу, куы иннæ сау хъыгæй ныккæрзы...
Къуыбар цæссыгтыл мит-гæлæбу тайы.

Ирон фæтчы
нæ фидауынц
рæумитæ... –
Чи дзуры фын...
Чи, ивгъуыд мысгæ, аджих...
Тыхурæд богъ-богъ
Гоби динамитау
Мæстæлгъæдæй хæссы йæ риуы алчи.

Тæдзынджытæ тæдзгæ-тæдзыны сæлынц,
Тыхсаст – зымæгон хуры тынтæ, згъæлынц...
Фæндаггæттæ æфсæрмхуызæй æрлæууынц
Æмæ æгъдау ирон æгъдауæн скæнынц.

Æнкъуысы дзыллæ...
Уæлмæрдмæ – йæ фæндаг.
Ныр уым дæуæн – мыггагмæйы цæрæндон...
У адæмы зæрдæбын хъыг – дæ кæнддаг,
У адæмы уарзт –
Де ’нусон цæрæнбон!

1968

## КЪАХВÆНДАГ

Æнуд хъæдбынты къахвæндаг ныссуйтæ.
Йæ уд æрдуйæ нарæгдæр ысси...
Ныккалдтой йыл æмбыд къодæхтæ, сугтæ –
Уæддæр йæ мидæг цавæрдæр ныфс и...

Æмæ цæуы. Куы ададжы ныххауы,
Куы ’рбайсæфы æмыр пыхсбыны ’васт...
Æвæццæгæн, гуымиры тыхты ’гъдауы
Нæй фыст æрвон, тæссонд зæрдæйы маст.

Фæзынд быгъдæг ран – ихкъæвда ныууары,
Зындон арт фесты райдзастдæр æрдуз...
Йæ дудгæ хъæбыс пысыра ныддары,
Къæскъæсгæнгæ йыл рафæлдæхы тулдз.

Уæддæр ма уый фæдары кæд бæрджытæ, –
Йæ уды сконды иу хæрам монц нæй.
Æмæ йыл тарфы адзæгъæлуæвджытæ
Æрыздæхынц сæ хæдзæрттæм фæрнæй.

1968

## ГОРÆТАГ САГЪÆС

Ахæм рæстæг
Æнæмæнг æрцæудзæн:
Æз иу бон –
Иу æнтъыснæг фæззыгон уæззау бон
Æрыздæхдзынæн
Мæ райгуырæн хъæумæ,
Зæронд Бæтæхъойыхъæумæ.

Сидзæргæс устытæн ласдзынæн суг.
Мæ сыхæгтæм,
Мæ кæддæры рæдау сыхæгтæм
Каутæ бийынмæ фæкæсдзынæн.
Амайдзынæн мæкъуылтæ
Сусæны мæйы
Дзынгаджын тъæпæнты.

Хуыцаубонæй хуыцаубонмæ
Æз хуындзау чызджыты ’хсæн аивæй
Агурдзынæн къайаг мæхицæн...

Æз уыдзынæн æмсæр
Мæ саби-дуджы хæлæрттимæ –
Семæ парахатзæрдæйæ цæрдзынæн
Æмæ сын нæ кæндзынæн
Поэзийы «уæлиау нысаны» кой.
Фæлæ-иу фæскуыст
Стъалыджын сатæг изæры
Уæнгвæллад-зæрдæхъæлдзæгæй
Зорыхъойы астымджын рагъæй
Куы ныццæлхъ ласæм ирон зарæг,
Уæд-иу нæм сæ гомрудзынг хибар уæттæй
Хъусдзысты ’нкъардæй
Чындздзон чызджытæ.

1969

## РАГУАЛДЗЫГОН ЭТЮД

Ныггуыпп ласта бæлæстыл сыфтæр.
Кæрдæгхуыз æртытæ ысрæдывтой зæххæй.
Арвмæ – сæ фæндаг.

Цинуылæн дунейыл анхъæвзта.
’Взонг чызджы ’нæвнæлд æлвæст буар
Хъары йæхи
Уалдзыгон хуры равдаугæ ныдзæвдыл.

Уарзты монц абухы æрдзы.
Куыстуарзаг лæппуты фæсизæр
Нал хæссы рæгътæй сæ къах –
Хъæумæ сын уддзæф æрыскъæфы хатгай
Сæ зарæджы сагъæсджын зæлтæ.

Уарзты монц абухы æрдзы.
Кæрдæгхуыз æртытæ ысрæдывтой зæххæй –
Ныггуыпп ласта
Бæлæстыл
Сыфтæр!

1969

## ХЪÆУУОН НЫВТÆ

Æризæр та.
Нырма æнуд у.
Рæхджы, рыгкалгæ, ’рыздæхдзысты хъом.
Кæцæйдæр хъуысы дондзау чызджы худын.
Зæрæхсид ризы.
Хорз бон уыдзæн сом.

Бæрзонд рæгътæй та цадæггай æрхъуызы
Изæры фæлм.
Æрталынг уыдзæн тагъд.
Фæллад хосдзауты хъæлдзæг зарæг хъуысы...
Мæ зæрдæйы уæззау сагъæс ныттагъд...

1969

## АФОНМÆ...

Уалдзæг у...
Афонмæ нæхимæ
Ысзынди нартхоры ’взар
Арцау
Саумæрæй.
Йæ къусчы
Сæууон æртæх
Цыкурайы фæрдыгау
Цъæх-цъæхид тæмæн калы.

Æвæццæгæн,
Сæумæцъæхыл
Мæ чысыл хæрæфырттæ
Райхъал вæййынц
Се ’взонг адджын фынæй
Рувæнтæ ’мæ рæсты хъæлæбамæ.
Кæуынц,
Фæлæ сын бавæры зæрдæтæ
Мæ зæронд мад:
«Ма кæут,
Камал та уын горæтæй
Æрхæсдзæни гагатæ...»
Æмæ сын уый æвдадзы хос фæвæййы...

Сæумæрайсом.
Афонмæ нæ колхозы кæрты
Рауай-бауай систой
Хъуыддагхуыз бригадиртæ:
Æмдзуарджынтау – тыхстхуыз, æнæвдæлонæй.

Сæ хъæр,
Сæ дзолгъо-молгъо уырауы сæ сæрмæ.

Уалдзæг у...
Афонмæ фæзынди хъæуы тута...
Зынгдæллагхъуыр зæрватыччытæ афонмæ,

Пæрпæргæнгæ,
Сæхицæн ахстæттæ кæнынц
Нæ сæрдыгон хæдзары... –
Сæ фæллойы ис дун-дунейы фидыц!

1969

## ТÆССОНД МÆСЫГ

Мæйдар æхсæв дыууæ стъалыйы арвыл
Кæрæдзиуыл куыд фæхъарынц сæ уарзт,
Раст афтæ махмæ дун-дунейы арфы
Нæ фыццаг фембæлд рухс амондау каст.

Æмæ хуыдтон мæ царды фæндаг урс таг,
Уæззау балцыты уый рухсыл цыдтæн,
Уыдтæ бæрз уисау тасаг æмæ хъусаг.
Ды ницы зыдтай кад æмæ цытæн.

Бæргæ, куы уынид адæймаг ызноны
Йæ абоны, йæ сомбон царды уаргъ...
Фæлæ, уæвгæйæ, хатгай мах нæ зонæм,
Цы ис нæ къухты, уымæн кæнын аргъ.

Ныр мыл æртыхст æрæджиау дæ катай...
Тæссонд мæсыг – ды тохы монц нæ радтай
Мæ зæрдæйæн...

1969

## ÆЗ ФЕДТОН ДÆУ...

*Д. В.*

Дæ уды сконд,
Дæ цæстæнгас,
Дæ бахудт
Сты уый аккаг,
Цæмæй дæ ном ыссарон
Æнæфенгæ бæрзонд, æрвон ныхæстæй,
Фæлæ сæм, оххай, не ’ххæссы мæ къух...
(Дзырды хъизæмар, нæй дæуæй уæззаудæр!)

Æз федтон дæу
Æмæ мын байгом дуне:
Раст арвы дуар куыд фегом уа æмæ йæм
Дæ цæстытæ куыд кæной тартæ, афтæ.

Æз федтон дæу:
Цыма æнæвнæлд дойнаг цъити
Мæнæн парахатæй йæ сатæг уддзæф радта.

Дæ фидыцæн нæй а зæххыл æмуæз,
Æмæ тæрсын,
Куы асхъиуа æгуыппæг раууаты дунемæ.

Пъæззыйау саууæззау къæйдуртæ –
Мæ уарзт кæй бын кодта мæрдон фынæй нырыонг –
Фæхаудысты тæгæлтæ
Дæ рог,
Дæ гæзæмæ ныдзæвдæй.

Мæ зæрдæйы æртæтигъон цъæх цъитийы
Ды ссудзын кодтай пиллон арт.
Дæу фенгæйæ,
Æз хъоды бакодтон мыггагмæ
Хæрзконд,
Фæлæ быдыргъау афтид саурæсугъдтыл.

Ныр акастæн æлгъгæнгæ,
Кæддæр цы фæфыстон «бæрзонд уарзтыл»
былалгъæй,
Уыцы –
Хъузгау царæфтыд –
Рæнхъытæм.

Æз федтон дæу,
Æмæ мæ уды саудалынгдæр къуымæй
(Æдзæрæгæй кæй фæтыдтон нырыонг)
Ысрæдывта фæдисхъæрау мæ уарзт
Æмæ, уыраугæ,
Хæхты сæрты ’нхъæвзы...

Мæ зæрдæйы быгъдæг, æзæл тъæпæнтæн с’ астæу
Ныллæууыдтæ ныфсы цæджындзау ды
Æмæ фæцыдтæ арвмæ!

1969

## ÆФСУРГЪ

Мæ тæлфаг бæх мыр-мыр кæны мæ быны,
Фæппæррæстæввонг кафы, ’хсыны зæхх...
Куы суасы рындзмæ – сау айнæг лæбыры –
Æмыр комæй ма сынкъуысы йæ дзæхст.

Куы скъæфы азæлд къæдзæхты дыдæгътæй
Бæхы хуыррытт –
Ыссырддзаст вæййы уæд.
Йæ комыфынчы урстæбын æврæгътæн
Æруазал вæййы къæйдуртыл сæ фæд.

Болат цæфхæдтæй дурвæндаг ныххойы,
Ызнæт цæстытæй комы ’рдæм кæсы...
Дзæнхъа цъитийæ басæтты йæ дойны,
Тæссар-тæссар мæ былырдæм хæссы.

1971

## ПУШКИНЫ ЦЫРТЫ РАЗ

Мæскуыйы уыд
цъыччытæгæнгæ уазал.
Дæ сау пæлæзыл
уарыд мит
сындæг...
Кæддæр, хъæрзгæ куы ахаудтай дæ фазыл,
Уæддæр дын мит уыд пакъуыдзагъд сынтæг.

Цы мæт дæ ис?
Цæмæн дæ, бард, æрхæндæг?
Дæуæн ма ныр
Кæй бон цæуы дæ тыхыл?
Дæ къæбæлдзыг сæрыхъуынты пырхæндæг
Цæмæн æмбæхсы
арф уырынгтæ
ныхыл?..

Тызмæг у бон.
Мит хауы æмæ хауы.
Æртыхсти уазал
зæрдæтæ ’мæ хурыл.
Дæ бынты дзыллæ алырдæм фæйлауы, –
Тындзы,
тыхсы,
йæ дзуринæгтæ дзуры.
Нæ хъысмæты къæскъæсгæнаг цалх тулæм...

Поэтты риуты
бацард кæд
æнцой туг...
Рæстдзырды бардуаг!
Ды кæсыс сæркъулæй,
Кæны хæстулæфт
Бронзы дæр
Дæ сонт уд!

1969

## ФÆЗЗÆГ

Рагвæззæджы сонт уазалтæ
Бæлæсты ныццавтой:
Азымау, æмпылдтæ сыфтæр
Сау мæрмæ ызгъæлы.

Йе сæрд нал у,
Йе фæззæг нæу...
Сæрвæт дæр фæкъуырма,
Æмæ фос изырыгæтты
Æмбондтæм ныхилынц.

Хърихъуппыты ’рхæндæг уастмæ
Куыдз хъырны йæ мидфын...
Сагъуыди лыстæг сæлфынæг
Æмæ хурхæй мары...

1970

## РÆСТÆГ ЦÆУЫ

Кæны уæлæхох зонды хъару монцтыл,
Мæнг бæллицты мæнг базыртæ сæтты.
Зæххон ныхасы дурвидар æрдзон тых
Мæ зæрдæйæн æхцон сагъæс дæтты.

Кæны мæ ныхас бонзонгæдæр, арфдæр...
Мæ къух нæ исын иу хъуыддагыл æз:
Уæззау хъуыды хъуымæтæг дзырды бавæр –
Куыд кæна рæнхъ, æндæгъд нуарау, дыз-дыз.

1972

## РЫНДЗМÆ ЦÆУГÆЙÆ

Къæсæрты ком...
Æгуыппæг сау къæдзæхтыл
Ыстъалыджын арв узæлæн кæны.
Дон уыраугæ йæ гæндзæхтæ ысцæгъды,
Æхсæв уа, бон уа – быдырмæ кæлы.

Кæй ныхас хъуысы?
А тызмæг ран чи и?
Кæмæн нæу адджын ацы ’хсæв йæ уат?
Фæллад фыййæуттæ Буроны фæдджийы
Сæ фосы дзугтæн равзæрстой быууат.

Фæндаггон дæн.
Ыздæхæн нæй фæстæмæ.
Æз мæйдары дæр ссардзынæн мæ рындз.
Уæззау къæдзæхтæ фæндаджы хæдсæрмæ
Æрхауынæввонг ауыгъдæй лæууынц...

Цæлхыдзаг мæй...
Хи аппæрста уæлгоммæ.
Æмыр рæтты дзæбидыртæ хæтынц.
Æнафæтты æрхизынц, мæгуыр, коммæ,
Сæ карз дойны цъæх уылæнæй сæттынц.

Йæхи нывзилы къæйдуртыл æрра дон,
Йæ пырхæнтæ æрызгъæлынц хуыртау.
...Зæрæмæджы мын иу зæронд лæг абон
Йæ хъæстæгтæ зæрдæбынæй дзырдта:

«Æгæр сарæх и тулæг цалх ныртæккæ...
Ныр, акса, адæм бархийæ цæрынц...
Зынæрвæссон дзæбидырты бынæттæ
Æдзæрæгæй-æдзæрæгдæр кæнынц...»

Фæрухс и ком...
Мæ фæндаг рындзмæ дарын:

Йæ ракаст – хурæн,
Ме схæццæ – мæнæн.
Мæ хæхбæстæй лæджы уæззау хæс дарын,
Лæгæн та ’рмæст фæндагыл ис мæлæн!

1970

## ТÆРХОН

Парахат улæфт ме ’мдзæвгæты не ’рцард,
Сты уды ’гъдауæй цаудгомау, æдзухъом,
Æрдзон царды, хуымæттæг дзырды фарн сæм
Нæ цæуы ’мгæрон. – Уым уыдзæни с’ адзал!..

Уæддæр сын уадзын зæххы сой сæ уæнджы,
Уæддæр сын тадзын дуджы маст сæ риуы,
Поэты ’хсар сын бахсидын сæ туджы, –

Кæд искæд бон фæхæциккой сæхиуыл,
Сæхи сæрыл кæд уаиккой ысдзырдхъом,
Куынæуал уон æз а дунейыл, уæд...

1973

## САУМÆР

Фыст у йæ ныхыл алкæмæн йæ хъысмæт.
Уæлæрвтимæ куыд самадæуа хыл –
Нæй мисхалбæрц дæр Се ’вастæй зæххыл,
Нымад Сын у нæ цинаг дæр, нæ рыст дæр.

Уæвгæйæ дæр та, заманты цæнды
Кæнынц æмдзу – бæрзонд амонд, фыдбылыз...
Кæрæф саумæр!
Хъæбулхор калмау, ды,
Цы раттыс, уый фæстæмæ дæр ныхъуырыс.

2008

## МÆ ФЫДЫ МЫСГÆЙÆ

Куы федтон боны рухс мæ цæстæй,
Уæд бадтæ акъоппы мæйдары
Æмæ зæрдæлхæнæн ныхæстæй
Рæвдыдтай удисæг æмгары.

Куы-иу касти мæ мад дæ фыстæг,
Уæд-иу хуыссыдтæн æз æдæрсгæ,
Фæлæ сыгъд топхосы цъæх фæздæг
Уæддæр мæ авдæнмæ æмбæрстон.

Нымадæй мыл нæма цыд аз дæр,
Æмæ куы слæууыдтæн мæ къæхтыл,
Ды уæд, æмдзæхгæр лыг бæласау,
Æрхаудтай тохæй арыд зæххыл.

Дæ сæрмæ джихæй хур лæууыди,
Фæйнæрдæм сау мигъты фæсырдта...
Цымæ дæ фæстаг дзырд цы уыди?
Цымæ дæ ныстуанты цы куырдтай?..

## УАЛДЗЫГОН ИЗÆРТÆ

Арвгæрон мынæг цырæгътæ
Рох бæллицтау тайынц...
Уалдзыгон мæйрухс æхсæвтæ
’Взонг зæрдæты сайынц...

Уæ, лæппутæ, рацæут-ма,
Быдыры фæбадæм,
Боны сцъæхмæ арвыцъæхæй
Гаджидæуттæ уадзæм!

## КАР

Сырхзынг нæмгуытау, Ивгъуыды фæныкыл
Мæ царды бонтæ уарæгау кæнынц.
Чысыл æртытау, дарынц уым бæрджытæ
Æмæ сæм тавын Абонæй мæхи.
Цæуын мæ кары.
Зноны лæппу нал дæн.
Мæхицæн мын ныр кæстæртæ æгъдау
Кæнынц: куы мын мæ уæлдай нуазæн айсынц,
Куы та мын раттынц Ныхасы бынат.
Æхсызгон мын куыннæ вæййы, уæвгæ та!
Фæлæ фесхойы зæрдæсæр цыдæр:
Кæд фаг лæггад нæ бафтыди мæ къухты
Мæ хистæртæн... Уæд къахырбыл – мæ цард...
Æмæ кæд нал и рагбонтæм ыздæхæн,
Нæ баззайдзæни хæс уæддæр мæныл:
Мæ кæстæртæн уыдзæни Абон Ивгъуыд,
Æмæ сын уадзын Абоны мæ уд,
Мæ рæнхъытæ – мæ уды урс цæхæртæ.

* * *

Мæ Иры зæхх,
Дæ тугдадзин нæ сысы,
Уым не ’нцайы аланты ’хсидгæ туг,
Йæ уынæр мæм фæндыры цагъдау хъуысы,
Аланты тугæй иу æртах – мæ уд.

* * *

Мæ тæрныхыл æнафоны хæххытæн
У бонæй-бонмæ судзагдæр сæ фæд...
Кæсы мæм афтæ, цыма æз æмгъуыдæй...
Æмгъуыдæй раздæр ссардзынæн мæлæт!

Куы ’нхъæла исчи: «Цавæрдæр мæнг тохыл
Хæры йæхи...». Куыд-фæнды дæр зæгъут! –
Цы ис мæ зæрды, уый ысдзырды охыл
Зындон-артмæ дæр раттин æз мæ уд.

* * *

Цы ’рхæндæг дæ,
æмбисæхсæвы дардæй
æрбайхъуысæг тæхгæ поезды уасын:
цыма лæгæн йæ фæстаг ныфс фæласыс,
цыма æз нæ –
ды вæййыс иунæг
тары...

## ХИ ПОЭТИКОН ХЪÆЛÆС

Ходы Камал рауагъта æртыккаг чиныг. Йе сфæлдыстад бæрæг бынат ахсы не 'рыгон поэзийы. Зæгъæн ис: Камал бацыди йæ лæджы æмæ йæ поэтикон кары (йæ ног чиныгыл «Кар», зæгъгæ, ахæм ном дæр, æвæццæгæн, уымæн сæвæрдта).

Чиныджы æмдзæвгæтæй мæ зæрдæмæ æппæты тынгдæр райстон «Денджызæй куы не ’рбаздæхы нау». Ам дзырдтæ кæрæдзиуыл фидар хæцынц, сиу сæ кодта хъуыдыйы æмæ нывты рæстдзинад. Уымæ гæсгæ фиппайгæ дæр нæ кæнæм, рæнхъытæ рифмæбыд кæй не сты, уый. Хъуыды æмæ æнкъарæнтæ цас ахадгæдæр вæййынц, уыйас дзырдтыл дæр фылдæр уæз æрæнцайы. Ам дæр дзырдтæ арф хъуыдыйы бæрны бацыдысты. Æмæ сæ алчи дæр йæ хæс æххæст кæны хорз. Поэт тырны предметæн, цауæн, æнкъарæнæн йæ уидæгтæм ныккæсынмæ. Денджызы нау кæм бацарæфтыд, ууыл уылæнтæ сау марой систой, идæдз устытæ саутæ скодтой, адæмы ’хсæн дам-думтæ сарæх сты, чидæртæ катайы бацыдысты: «чи йæ бынатæн стæрсы, чи – йæ ном, йæ кадæн». Æвирхъау хабар бирæты базмæлын кæны, – зæгъы поэт. Фæлæ… Æппæтæй фылдæр рыст баййафынц уидæгтæ:

Денджызæй куы не ’рбаздæхы нау,
Уæд
Тар хъæды,
Науы райгуырæн бæстæйы,
Бындзарæй лыг бæлæсты зиллæччытæй
Хъарм цæссыгтæ схъары.

Бинонык реалистон нывты фæстæ поэт ахæм æнæнхъæлæджы, зæгъæн ис, фантастикон фæзилæн кæй ацахста, уымæй æмдзæвгæ фæци уæлдай цардхъомдæр.

Камалы поэтикон ахорæнтæ цардхуыз сты. Мæнæ æмдзæвгæтæ «Быдираг хъæуы ритмтæ», «Мылазон арвæй урсурсид мит уары». Ацы цæхгæр контрасты фарсмæ дзæбæх фидауынц æндæгъд рудзгуыты бур рухсытæ, «бæхы знæт хуыррытт, дзоныгъы æмыр сыррытт, ехсы гæрах, хъыггаг куыйты æйтт-æйтт…» Æмæ ноджы «æвастхъæртæ», – Дæлæты! Марадз! – Æйтт!!!» Ритмтæ кæрæдзи афтæ рæвдз ивынц, афтæ рæзгæ цæуынц, раст цыма сæ мырты сонт азæлдмæ мит дæр исдугмæ йæ уарынæй фенцади. Æмæ уый чи нæ бафиппайа, уымæ, чи зоны, фарст дæр сæвзæра: автор дыккаг хатт цæмæн зæгъы «æмæ та ногæй – мит тъыфылтæ арвæй?»

Поэты хъуыды хæдæвзæрд кæм у (ацы ныхас хорзырдæм зæгъын, ома, хъуыды æрдзон уагыл, æнæ тыхмийæ куы райгуыры, уæд), рæнхъытыл бинонык куыст кæм æрцыд, ахæм æмдзæвгæтæ ма чиныджы дзæвгар ис. «Туристты хæдзары», «Фурды был», «Æнахуыр зымæг», «Батрадз», «Фыстæг», «Фæлтæрд поэтмæ», «Калоты Хазбийы фæстаг сахат», «Гаджидау», «Фæззæг», «Оазисты цъæх зæххыл» æмæ-ма ноджы цалдæр æмдзæвгæйы хайджын сты уыцы хорзæхæй. Ныв тæ – бæлвырд, ирд, сырæзы сæ цардæгас поэтикон дуне:

Сты ныр дæр ма зноны тынтæ дурты бын –
Дæлфæдтæм сæ хъарм улæфт цæуы…
Чызг лæууы, рæхснæг бæласау, фурды был,
Аивæй хæкъуырццæгæй кæуы…

*(«Фурды был»)*

«Рæхснæг бæласау», зæгъгæ, уыцы ихсыд абарстæй фæстæмæ ацы рæнхъытæм къухбакæнæн ничердыгæй ис, сты æрдзон сагъæсы бындурыл амад. «Зноны тынтæ дурты бын» æмæ чызджы зноны амонды сахæттæ… Куыд æнгом баст сты кæрæдзиуыл! Чызджы зæрдæ мастæй, кæуынæй ныддур æмæ ма йæм бынæй сæ хъарм улæфт цæуы мысинæгтæн – ивгъуыд цинтæн…

Йе сæрд нал у,
Йе фæззæг нæу…
Сæрвæт дæр фæкъуырма,

Æмæ фос изæрыгæтты
Æмбондтæм ныхилынц.

*(«Фæззæг»)*

Ацы нывæн йæ хорздзинад уый у, æмæ, ног чи райгуырди, ахæм цъитидонау сыгъдæг, æнæвнæлд кæй у. Абарстытæй, эпитеттæй цух уæвгæйæ дзы ис цыдæр æнæзынгæ тых, фæззæджы хуызтæ, мыртæ æмæ иумæйаг уавæр йæ мидæг ахъардта…

Мæймæбулкъау кæмæн у йе сконд афтæ:
Йæ агъуд – сырх, йæ гуырдзон хъапп та – урс,
Уæддæр – ма ’ндæртыл чи фæмысы даутæ –
Дунейы фарн! Дæ фыдæх сыл ныххуырс!

*(«Гаджидау»)*

Бæлвырд у поэты позици. Афтæ бæлвырд у йæ позици иннæ æмдзæвгæ «Фыстæг «фæлтæрд» поэтмæ», зæгъгæ, уым дæр. Æнæ дыкъæдзыгтæй дæр зын раиртасæн нæу, автор «фæлтæрд поэт» иронийы хуызы кæй зæгъы, уый. Зæрдæйæ нæ, фæлæ былалгъæй чи зары (куы – искæй хыцмæ, куы – фырхæлæгæй, куы та – исты пайдайы сæрвæлтау), ссæдзгай азтæ поэты ном чи фæхаста, фæлæ литературæйы асинтыл бынæй хæрдмæ кæсгæ чи баззад, уыцы «фæлтæрд поэты» фæлгонц афтæ æвдисы автор:

«Хуымæтæг фысс!..»
Цы ’нцон вæййы йæ зæгъын! –
Дæхицæй скæ æппæтзонæг Хуыцау.
Æмæ дæ фæдмæ чи нæ кома здæхын –
Сæ хъуыртыл сын дзыларбостæ æфтау…

Иуæй-иутæ сæ мидбынаты цоппай сисынц, кæсгæ та сæм афтæ фæкæны, цыма царды, поэзийы бæрзæндтæм хизынц, традицитæ рæзын кæнынц. Камал йе ’мдзæвгæйы у искæй фæсарц бадыны ныхмæ. Æцæг поэт хъуамæ ног дунетæ гом кæныны сæрвæлтау йæ удæй арт цæгъда, йæ цард нывондæн хæсса.

Камалы сфæлдыстад, кæй зæгъын æй хъæуы, æнаипп нæу. Фæлæ йыл дзурын хъæуы цæстуарзонæй. Кæд хъыгаг у, уæддæр хатгай афтæ нæ рауайы. Мæнмæ гæсгæ йын иуæй-иу критиктæ йе ’сфæлдыстадмæ объективон хуызы нæ бацæуынц, раст аргъ не скæнынц, цы хъуагдзинæдтæ йæм ис, уыдонæн. Хъуагдзинæдтæ та йæм ис! Йæ иуæй-иу æмдзæвгæтæ æгæр рационалистон сты. Йæхи загъдау, «кæны уæлæхох зонды хъару монцтыл». Уымæй поэты йæхи бахизын хъæуы – поэзийы сæйраг гуырæн æнкъарæн у.

Фыдыбæстæ!
Нæ дыл кæнын ныхас:
Нæ дæ хонын
«Фæйлаугæ фурд…»
«Цырын арт»…
Мæ фыстыты цыфæнды бынат ахс,
Уæддæр мæ риуы
Стырдæр у
Дæ бынат!

*(«Фыдыбæстæ»).*

Ацы æмдзæвгæйы ног хъуыды нæй. Уæвгæ, æвæдза, хъуыды «сног» уыдаид, æнкъарæнтæй иппæрдæй куынæ райгуырдаид, уæд. Хатгай иу ран сцæнд вæййынц «æрттиваг» ныхæстæ. Поэт йæ ных саразы куыдрæсугъддæр зæгъынмæ æмæ уый фыдæй цæмæйдæрты фæкъахыр вæййы æмдзæвгæйы мидис. «Æрра арт», «тыхурæд» монцты удлæууæн дыздыз», «дзæхст – дзæхстгæнаг рæнхъытæ», «фæкæнынц, уадау, зæрдæйы æмбу». Ацы ныхæстæ сты иу строфайы. Бæрц нæ базыдта поэт. Уымæ гæсгæ рæнхъытæ зымæгон бæласау баззадысты бæгънæгæй: – нæ сыл дыргъ и, нæ – сыфтæр. «Кæнын рæнхъамал», – зæгъы поэт йæ иу æмдзæвгæйы. Ацы хъуыды мæ зæрдæмæ цæуы, хорз æвдисы поэты хъизæмар, удуæлдай куыст. Гъе æрмæст хатгай автор йæ хъуыды йе ’нкъарæны æххæстæй батайын нæ бауадзы. Исты мæ ныффыссын хъæуы, зæгъгæ, йæ размæ хæс куы æрæвæры, уæд бар-æнæбары рахизы тыхмимæ, тыхкуыстытæм.

Дыккаг аипп та уый у, æмæ Камалы уацмысты лирикон хъайтар хиуылхæцгæдæр, бонзонгæдæр хъуаг у. Зæгъæм, нæ йыл фидауы Пабло Нерудамæ афтæ дзурын: «Æмрæстæджы æмсагъæс кодтай мемæ». Стыр ныхæстæ мæм кæсынц мæнæ адон дæр: «Æз дун-дунейы рантыстыл куы фæлгæсын» (æмдз. «Ленинæн»), «Кæны мæ ныхас бонзонгæдæр, арфдæр» («Рæстæг цæуы»), «Мæнæн нæй рухс хурау, мæлæн» («Фæндагыл), «Мæнæн мæ риуы абухы цъæх арт» («Ныхас бюрократимæ»). Царды дæр, стæй поэзийы дæр ныфсхаст уæвын хорз у. Хъару æмæ авналæнтæ цас сты, уымæй ныфсхастдæр уæвын та, цыма, бæллиццаг нæу. Бæрц зонынæй хуыздæр дзы нæй! «Уанцон нæу!» – ахъуыды кодтон мæхинымæр мæнæ ацы рæнхъытæ бакæсгæйæ:

Уæлтæмæны арты
Куы амæлон искуы,
Уæддæр-ма, æрвнæрдау,
Мæ дзыхыдзаг зардмæ
Æнусон ингæнтæй
Фыдæлтæ ыстдзысты.
*(«Куы амæлон искуы»).*

«Фæндæгтæ», зæгъгæ, уыцы æмдзæвгæйы кæстæр дзуры хистæрмæ:

Гуыргъахъхъ фæндæгтыл рацыдтæ, мæ хистæр,
Лæгау-лæджы цард ракодтай цытимæ,
Æмæ ныр абон – намысы къæсæрыл
Дæ кæстæры къæмдзæстыг сидтыл барвæсс!

Ацы ныхæсты фæстæ цымæ кæстæрæн цас аив у хистæры аивады æмæ царды хъуыддæгтыл ахуыр кæнын:

Уæззау дзаума у курдиат…
Мыййаг дæ
Æнæхъуаджы æфхæрджытæ куы фæуа, –
Æнæсымæй-иу дар дæ фæндаг размæ –
Хæрзæмбæлджытæ бирæ ис нæ зæххыл!

Лæгау-лæджы цард чи фæкодта, гуыргъахъхъ фæндæгтыл намысы къæсæрмæ чи фæцыд, уыцы куырыхон хистæрæн кæстæр (йæ къæмдзæстыг сидты!) ноджы фæдзæхсы:

Дæ фæндаг дар астымгæрдæг къуылдымтыл,
Хæларзæрдæ быдираг къахвæндæгтыл,
Æмбæхст æмæ сындзæрхæхгæд æфцгуытыл –
Гармонийы цыкурайы фæрдыгмæ!

Ныббарæд мын поэт, фæлæ мæм ацы дыууæ æмдзæвгæйы автопародиты хуызæн кæсынц.

Афтæ дæр мæм кæсы, цыма Камал йæ иуæй-иу уацмысты йæ хъуыды æгæр комкоммæ фæзæгъы. Фæсномыг ныхасæй, кæнæ дæ иунæг скойæ кæм æмбарон, уым-ма биноныг ныхасы сæр цæмæн хъæуы? Дæ дзуринагæн йæ уидæгтæ æгæр ракъах-бакъах куы кæнай, уæд сын тас у сæ поэтикон мæрæй фæиппæрд уæвынæй, гом-гæрццæй аззайынæй. Æрдæгхæлд дидинæджы фылдæр аромат вæййы, стæй уынджындæр у. Æмдзæвгæйы хъуыддаг дæр афтæ у – йæ аромат ын чиныгкæсæгæн æвгъау кæнын нæ хъæуы…

Ноджы ма иу фиппаинаг. Поэт æгæр арæх ныхас кæны йæ музæимæ, йæ рæнхъытимæ. Сфæлдыстадон процесс æвдисæг уацмысты фембæлæн ис, Камалæн йæхи, стæй æндæр авторты фыстыты æнгæс чи у, ахæм рæнхъытыл.

Фæлæ поэтæн аргъ кæнын хъæуы, йæхи сфæлдыстадон орбитæмæ кæм рахизы, уыцы уацмыстæм гæсгæ. Ахæмтæ та, куыд загътон, афтæмæй дзæвгар ис Ходы Камалы ног чиныджы.

*Хъодзаты Æхсар*

*26.03.1975 аз.*

## ПОЭТ ÆМА ПОЭЗИ

Еу финддæс анзей размæ Финсгути цæдеси æмбурди фæсте еумæ рацудан Ходи Камали хæццæ. Хуæдтолги нæ нæ хæдзæрттæмæ ласта, нерæнги ма хуæрзæригон косæг, хуæдæфсармæ лæхъуæн Темурти Артем.

Нæ цуд игъæлдзæг адтæй, мадта гириз, ходæг дзубандитæ дæр кæми нæ кодтаййанæ!

Фæндагбæл еу усми бæрцæ нигъгъос ан, уæдта Камал æ цæсгон фæссагъæсхуз кодта æма сдзурдта:

– Артем, тухсгæ ма кæнæ! Поэтти хæццæ кæд æнцон косæн нæй, уæддæр уодискондæй ба цæмæдессаг æнцæ.

...Æма мæ гъостæбæл рауадæнцæ дессаги рæсугъд зæлтæ:

Æризæр... Сатæг...
Дымгæ хъазы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...

Уайсахат дæр мæ цæстити рази æристадæй мæ райгурæн гъæу: дæлæсинх, изæрмелтæ, арти фæлабулай – биццеути къуар. Игуæрдæнтæй мæмæ сæрдигон сатæг уоддзæф æрбахаста нæуæг-карст кæрдæги хуæрздæф. Æма ранигъулдтæн мæ евгъуди бонти уацари... Имисун сæ... Æма мин циуаварæдæр æхцæуæн рист мæ зæрдæ базмæлун кодта:

Ыслæууыд ивгъуыд дуг мæ разы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ох, уарзын нал зонын кæддæрау...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
У амонд а зæххыл фæцæрын...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Цæуы та тох

Дзырд æмæ кардæй...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ныхъхъуыста хъæу йæхимæ ’нкъардæй...
Кæмдæр...
ирон лæппутæ...
зарынц...
Фæсхохмæ
Хурзæрин
Фæцæуы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ысхæццæ
Былалгъмæ мæ кæуын...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...

Берæ зæрдæмæгъаргæ æнкъарæнтæ исæвзурун кæнунцæ адæймагмæ аци рæнгъитæ. Евгъуд æноси 70–80-аг æнзти æмдзæвги дзурдтæбæл финст æрцудæй мелоди æма е иссæй ирон зартæн сæ хуæздæртæй. Мæхецæн дæр абони уæнгæ е æй мæ уарзондæр зартæй еу.

...Æма æцæгæйдæр цард цæмæдессаг куд нæ уа Ходи-фурти хузæн поэтти хæццæ! Машини цæугæй, Камал ке загъта, еци «гиризæмхæццæ» дзурдти игъæлдзæгдзийнадæй сагъæс æма мæтæ фулдæр адтæй. Ходи-фуртæн æ меддуйне дæр уæхæн æй:

Фæраз, поэт, нынныхъуыр иу дæ хъæрзын:
Æвдис дæ цин, ныгъуылдæй дар дæ маст...
Хуымæтæг лæг, æхцон уаргъау, цы хæссы,
Дæуæн уый у, сырхзынг æфсондзау, раст!

«Фæраз, поэт...»

Камалæн йæ поэтики дæр бафеппайæн ес уæхæн характерон æууæл: фиццаг бакастæй дæр аййев æма лигъз æнцæ æ хуæздæр æмдзæвгитæ, фал е сæйрагдæр нæй, – сæ æцæг аййевадон тухæ æндæмæ нæ зиннуй: римæхст æй, киунугæкæсæги ка исразæнгард кæна, сæ еци хъаппæ.

Поэтæн æнтæсуй рæсугъд фæлуст сорæти вазуггин гъудитæ æма æнкъарæнтæ римæхсун. Е мæмæ багъардта,

е ’мдзæвгитæ ин дугкаг кенæ æртигкаг хатт ку кастæн, уæд. Ходи-фурти поэзи мин мæ меддуйней еу гъуди раййивта: гъома, абони уæнгæ федарæй уотæ нимадтон, зæгъгæ, æмдзæвги формæ, азæлд, гъæуама уонцæ æ медеси агкаг, – æнкъард темитæбæл финст рæнгъитæн сæ арæзт, сæ азæлд дæр гъæуама уа уæззау, – рæуæг ритмики зæрдæбæл фæдуадзæг монцтæ равдесæн нæйййес. Фал, куд рабæрæг æй, уотемæй бустæги раст нæ гъуди кодтон – æма Хуцауæн табу: поэтикон уадзимисæн æ формæ, æ арæзт кæд бæлвурд фæткæбæл æвæрд фæууй, уæддæр æ медеси сосæгдзийнадæ гъæуама ма исгъæр уа, уотемæй деси бафтауа киунугæкæсæги.

Поэзи æй, хонхи уæлвæзæй нигъгъæргæнгæй, арви нинæрдау ка азæла, уæхæн унæр. Кæмттæ, гъæутæ æма сахартæбæл ка азæла, уæхæн «дзæнхъадор». Поэзиуарзæгæн поэзи æй, кæрдæг æ фæлмæн армæй ка дауй, уæхæн рæуæг уадусмæ, бæлæстæ ка базмæлун кæнуй, уæхæн ахъуз, кенæ денгизи фæлхъæзæнтæ ка нинкъусун кæнуй, уæхæн æрра думгæ.

Поэзи æй, адæймаги реуи æхсæвæ бонæй ка раййевуй, уæхæн рохси цъита. Поэзи æй, æрдæгæргомæй, медмурæй ци дзурд не ’сзæгъай, уотемæй ба зæрди уадиндзи тæгтæ ка байагайуй, зар кенæ ба си гъарæнгæ ка сæвзурун кæнуй, уæхæн алæмæти дессаг фæззинд.

Æцæг поэзи реуи фæззинуй æнæнгъæлти, æвваст, тар мегъæй æхгæд арвбæл арвæрттивд фæззиннæгау: уод фæццирен кæнуй, зæрдæ ниггæбар-губур кæнуй, æмбаст зæриндаг дамугъати тæрккъæвда рауаруй зæнхи уæлцъарæбæл, цæрæг уодтæ æма зайæгойтæбæл, уæдта сæбæл ракæсунцæ, бауæр æхсицгон дзиги ка ракæнуй, уæхæн, медбилти ходгæ, хори рæвдаугæ тунтæ.

Æмдзæвгæ æхемæ циуавæр минеугути фæрци æлвасуй, е цæйбæрцæбæл æнæбæрæгдæр уа, уойбæрцæ æрдзæмæ, дуйней сфæлдистадæмæ хæстæгдæр æй. Поэзи æй «интуитивон фæззинд», æма интуиций закъæнттæ ба нерæнги некема байгон кодта, логики «фæзуати» æй дамугъатæй некема æривардта æма раертаста.

Ходи Камали хуæздæр уадзимисти «уод» æма «бауæрæн», еу цари нæ уогæй, сæ кæрæдземæй нæйййес фæххецæнгæнæн, уомæн, æма ирæзунцæ æнæгъæнæ, æгас организмæй,

фæйнæхузон «æрмæгæй» кæд арæзт æнцæ, кæд син еухузон характер нæййес, уæддæр.

Бæрзонд сфæлдистадæн æ райгурæни, æ ратæдзæни рæуæнттæ зин базонæн æнцæ: цæйбæрцæ арфдæр си «нигъулай» дæ гъудити, уойбæрцæбæл æнæлæдæрддæр кæнунцæ, еу фарстайæн дзуапписсирд æ фæдбæл расайуй нигки фулдæр фæрститæ, зæнхæ еу рауæн ку фенкъусун кæнай, уæд си дон цалдæр рауæнемæй куд исгъаруй, уотæ.

Ходи Камали æмдзæвгити æмбурдгонд «Балсæги цалх»-и уадзевдзитæй берети хæццæ раздæр базонгæ дæн, фал киунугæ æрæги кæронмæ ку бакастæн, уæд æмдзæвгæ «Сосæни мæйæ» нигки арфдæр багъардта мæ зæрдæмæ: бонигъæдæбæл финст аййев лирикон æмдзæвгæ, рæуæг азæлд...

Ныррæдæнг ысты каухалæнтæ хурмæ,
У фæндаджы рыг
Рог æмæ фæлмæн.
Фæрыст мæ уд бæрзонд сæрвæтты бурæй,
Зыны ма се ’хсæн къахвæндаг тæлмæй.
О, ацы ’нуды фехæлдзæни дур дæр...
Фæцъæх и зæрдæ...
Калы арв тæмæн...
Ныррæдæнг ысты каухалæнтæ хурмæ,
У фæндаджы рыг
Рог æмæ фæлмæн.

Лæмбунæг не ’рлæудтæн аци æмдзæвгæбæл фиццаг, уæлæнгай адтæй ме ’ркаст. Дугкаг хатт æй ку кастæн, уæд мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, фал цæй фæрци, уой ба уæддæр нæма балæдæрдтæн. Никки лæмбунæгдæр имæ æркастæн: æмдзæвги рæуæг азæлди агъоди римæхст æнцæ æнахур дессаги æнкъарæнтæ, еци æнкъарæнтæн ба сæхе медæг ес зингæ философон хатдзæгтæ:

«Ныррæдæнг ысты каухалæнтæ хурмæ».

Аци еунæг рæнгъæ æвдесуй адæймаги евгъуд дзаман, кæддæр ци кауæ исбидта, е абони, куд рабæрæг æй, уотемæй нæбал гъæуй, ихæлд æрцудæй æма æ ихæлддзæгтæ хормæ

бахускъæ æнцæ. Фал уæддæр æрхæндæг гъудитæ нæ сæттунцæ поэти нифс, архайуй сæ æ сæрæй рагæлдзунмæ, æхе æндæр дзурдтæбæл фæккæнуй æма æ «фæндæ» идарддæр нивæндуй:

У фæндаджы рыг
Рог æмæ фæлмæн.

Цубур æмдзæвги цæмæдессаг композицион арæзтмæ гъос лæмбунæгдæр æрдарун гъæуй.

Ходи Камали сфæлдистадæбæл поэт Хъазити Мелитон ци устур æма бундорон монографи ниффинста, уоми еу рауæн уотæ зæгъуй: «Литератортæ арæх аййеппитæ уадзимиси композицион арæзтмæ фæххæссунцæ.

Алкæмæдæр æхе гъудити ранивæнст ахедгæдæр фæккæсуй. Æз Камали уадзимисти композиций арæзти кой барæй не ’скодтон. Фиццагидæр е æй, æма Камалмæ устур формитæбæл-жанртæбæл финст уадзимистæ нæййес, лирикон кадæнгæ «Æзинæ æма абони»-й скуддзаг гъудитæй нин ци равдиста, уомæй æндæр, цубур уадзимиси арæзти ба кæд берæ аййевдзийнæдтæ фæууй, уæддæр фулдæр æргом фæуунцæ».

Мелитони гъудитæ, æвæдзи, раст æнцæ, фал мæхе гъуди дæр гъæуама зæгъон: поэзий цубур формитæн дæр фæууй сæхе композицион арæзт, æрмæстдæр никги вазуггиндæр. Фулдæр хатт æргом нæ, фал римæхстдæр, сосæгдæр, уомæ гæсгæ ба – дессагдæр. Минкъий бауæргъæди минеугутæ зиндæр бафеппайæн æнцæ. Молекулæ атомтæ, протонтæ, нейтронтæ æма электронтæй арæзт куд æй, уæдта сæ æмархайд æма æмæзмæлд куд æнæзингæ, фал ахсгиаг æй, уотæ цубур уадзимисти аразæн «элементтæ» дæр æнæзингæ æма ахсгиагдæр æнцæ.

Еумæйагæй райсгæй, æцæг поэтикон уадзимисæн æ композици, æ арæзт æ уодигъæдæ æй, уадзимиси хæццæ еумæ рантæсуй æма уомæ гæсгæ ба баст дæр æ хæццæ фæууй райдайæнæй – кæронмæ. Е си ку нæ уа, уæдта ин уадзимис исхонæн нæййес. Нур ба фæстæмæ раздæхæн Ходи Камали хуæздæр æмдзæвгитæй еу «Сосæни мæйæ»-мæ æма ин æ римæхст композицион арæзт раргом кæнун бафæлварæн

идарддæр, уæдта нæ дзубанди гъуддагæй бафедар кæнæн, мæнмæ гæсгæ, аци æмдзæвгæбæл бæрæг æй, цубур форми хузи финст уадзимистæн дæр сæхе композици ке ес, е.

Уæлдæр ци рæнгъити кой кæнун, етæ æнцæ «нейтралон», уотæ зиннуй, цума син бæрæг-бæлвурд нисанеуæг нæййес. Æнæнгъæлæги февзурдæнцæ, кæрæдзей фæд-фæде ка гъæуама цудайдæ, еци, еухузон психологий хæццæ, дуурæ рæнгъей астæу: «Ныррæдæнг ысты каухалæнтæ хурмæ» æма «Фæрыст мæ уд бæрзонд сæрвæтты бурæй».

Уæлæнгай цæстингасæй имæ ку æркæсай, уæд си фæууинæн ес «рæдуд». Цума дугкаг гъудиадæ «арæни фарсау", сæ кæрæдземæй фæххецæн кодта æмбауæр фиццаг æма æртигкаг рæнгъитæ, цæмæй си алке дæр бæлвурддæрæй разинна, уой фæсте ба сæ фæстæмæ нигки æнгондæрæй бабæтта...

Е – æмдзæвги структури туххæй. Нур ба – дуурæ дзурди æ тематики туххæн...

Поэт уæддæр нæ фæййервазтæй æ гъудитæй, фæстæмæ фæккастæй æма си æ цард рауидта хонхи фахсбæл аййев нивæгондæй:

Фæрыст мæ уд бæрзонд сæрвæтты буртæй,
Зыны ма се ’хсæн къахвæндаг тæлмæй.

Ами поэт «сæрвæттæ» хонуй æ æзини царди фæзуат, къахвæндаг ба æ еци царди архайдæвдесæг æй, æ фæд: æ тонх æма æ уарзт. Æма кæд «сæрвæттæ фæбур сты», уæддæр æ евгъуд царди бонти ци фæд ниууагъта, е ба æнзти сæрти дæр зиннуй, бæрæг даруй идардмæ. Поэт хуарæнтæй исаразта, уæлвонг бæллецтæ æма зæнхон æцæгдзийнадæ баеу кæнгæй, гармонимæ тундзгæй, цæстуингæ фæлгонц.

* * *

Алли хуарз æмдзæвгæ дæр æй хецæн дуйне. Уоми алке дæр агоруй æхе «зæнхæ», æхе уоди фенцойнæгæнæн, æхе уарзон «артдзæстæ». Еци хехуз уæдзимис куд равзурстон, уой хæццæ, гæнæн ес, æма æ автор арази ма уа, фал æй кæд еске бæрæг-бæлвурдæй уотæ лæдæруй, уæд, æнæмæнгæ,

уæхæн цæстингас дæр цидæр æвдесуй æма ин ес уни барæ. Гъо, æмдзæвги ци зæгъунмæ фæгъгъавуй автор, уой æхецæй хуæздæр неке фæззонуй. Уогæ, еци фæткæ хауй æрмæстдæр «зундæй финст» æмдзæвгитæмæ. Æрдзи лæварæй «цæттæ финст», уодæй рацæугæ æмдзæвгити медес æма нисанеуæг ба арæх фæрсæйкæсæг авторæй лæгъуздæр нæ банкъаруй. Æма си еугæрдæр «мæхе зæнхæ» иссердтон, еугæр ин еци хузи лæдæрун æ медес, уæд е дзæгъæли хумæтæги уотæ нæй, уæд си е дæр ес. Уæлдæр куд бафеппайдтон, уотемæй, уадзимис цæйбæрцæбæл римæхстдæр, табуйагдæр уа, уойбæрцæбæл вазуггиндæр æма берæвæрсугдæр фæууй. Еуæйеухатт æй поэт æхуæдæг дæр нæ рахатуй, ци ниффинста, уой.

Камал е ’мдзæвгæ «Сосæни мæйæ»-и кæрон балхий кодта æ райдайæнæй æма си рауадæй æмæхгæд зилд, киунугæкæсæгæн ба ниууагъта, «уæлдæфи ауигъдæй», дзæвгарæ фарстатæ. Автор нæ раргом кодта æ зæрди уагæ, не ’сбæлвурд кодта æ уоди уавæр, не ’скодта зундамонæн æма зæрдæцъæхгæнæн хатдзæгтæ.

Киунугæ «Балсæги цалх»-æн сæргонд лæвæрд æрцудæй æ фиццаг æмдзæвги сæргондмæ гæсгæ:

Лæджы бæллиц æмбæлы Мæйыл, Хурыл,
Фæлæ зæххон фæтк – дурвидар... Нæу рох:
Къæс-къæсгæнгæ Историйы Цалх тулы –
Хæссы уый амонд, уый хæссы фыдох.

Поэт зинтæй арази кодта, цалх кæбæл зелуй, еци зæнхи цъарæбæл фудæнхæ дæр, амонди хузæн, цæруни агкаг ке æй, хецæнæй сæрмагонд бунат ке ахæссуй æ хæццæ, уобæл. Фал дууæ нихмæвæрд фæззиндей тох æй царди философи, дуйней æносондзийнади царди бундор.

Аци цуппар рæнгъеми поэт испайда кодта, æвзаг рæсугъд ка кæнуй, еци мадзал – антитезæй. Развæлгъау мæ зæгъун фæндуй уой, æма еци поэтикон фæрæзнæ арæх æмбæлуй Камали сфæлдистади. Уæхæн мадзалæн бунат ци æмдзæвги разиннуй, е фæууй гъудийæй арфдæр, медесæй ба – вазуггиндæр.

Æмдзæвгæ «Балсæги цалх»-и автор цæстæбæлгъазгæ фæлгонцти фæрци дзоруй егъау фарстатæбæл. Балсæги цалх – дигоронау – Ойнони цалх – æй нæ рагфиддæлти, нæртон адæми хуæцæнгарз, фудгæнгутæ исафæг æма рæстдзийнади сæрбæл тохгæнæг.

Камал «Балсæги цалх» баруй историй цалхи хæццæ. «Балсæги цалх» æй тæрхон æнхæстгæнæг, мæлæти цæфæй нæ ауæрдуй знæгтæбæл дæр, æ уæргутæ рахаун кодта нæртон Сосланæн дæр, берæ адæми тæрегъæдти ке бацудæй, уомæ гæсгæ. Историй æцæгдзийнадæ дæр уотæ æнæхатир, æнæтæрегъæд æй. Историй фæууй алцидæр – амонд дæр æма фудæнхæ дæр:

Къæскъæсгæнгæ Историйы Цалх тулы –
Хæссы уый амонд, уый хæссы фыдох.

Поэт аци дууæ рæнгъемæй киунугæкæсæгæн æвдесуй æцæгдзийнади уаварæ, цæттæ ’й кæнуй, цæмæй Историй зелгæ «Цалх»-и æнæхай ма фæууа, уæн кæмæн ес, еци фудæнхæй ба æхе бахеза. Уогæ еци гъуди комкоммæ дзубандитæй нæ кæнуй, фал ибæл дзоруй «æртигкаг цæсгомæй».

Идарддæри хатдзæгтæ искæнуни барæ ба лæвæрд цæуй киунугæкæсæгæн æхецæн. Еци ахсгиаг аййевадон мадзал дзорæг æй уобæл, æма поэт аргъ кæнун зонуй литературæуарзæгæн, æхе æмсæр æй æвæруй, æма ин уомæй æ зæрдæ æлхæнуй. Киунугæкæсæг ба, уой лæдæргæй, аргъ кæнуй поэзийæн, поэтæн æ эмоционалон æнкъарæнтæн. Нихмæвæрд нивесийнитæ æма хуарæнтæй поэт арæх исаразуй царди æма зæнхи нивæфтудтитæ дæр. Æ царди устурдæр бæлдæ æй, цæмæй алке дæр архайа ести хуарзæнхæ ниууадзунбæл.

Историй цалх æма Зæнхи цалх. Аци æмдзæвги параллельтæ кæд фæйнæ рæстæгути финст æмдзæвгити æмбæлунцæ, уæддæр æмхузон дзурдбæститæ æнцæ: Зæнхæ æй Истори дæр æма ибæл æ «хуарзæнхæ ка ниууадза», уой толуй æ хæццæ исонбонмæ Зæнхи цалх æма уотемæй Историбæл æфтуйгæ цæуй.

Нур ба лæмбунæгдæр æрдзорæн, Камали сфæлдистади сæрмагонд бунат ка ахæссуй, еци нихмæвæрд хуарæнти тух-

хæй. Поэт арæх баеу кæнуй гъар æма уазал, уорс æма сау, рохс æма талингæ, фал си алкæмæн дæр радтуй хецæн хузæ, байвæруй си æхе медес, гъудитæ, меддуйне:

Уæрæхкъабаз арт алырдæм лæбурдта,
Гургуыргæнгæ йæ хуылфы сыгъдис талынг.

Арт рохс ке кæнуй, е дузæрдуггаг нæй, фал рохси хурфи талингæ сугъдæй, зæгъгæ, уæхæн фæлгонцбæл ба ирон литератури абони уæнгæ æз нæма исæмбалдтæн. Поэт бабæй ами дæр фæййеу кодта, кæрæдзей хæццæ «æмдзæрийнæй» цæрæн кæмæн нæййес, уæхæн дууæ нихмæвæрд фæззинди. Рохс æма Талинги æносон буцæуи гъæуама фæууæлахез уа Рохс. Уæхæн æй поэтæн æ зæрди сконд. Æрмæстдæр ин алкæд уæхæн зæрди уагæ нæ фæууй.

Æ цуппаррæнгъон – «Дузæрдуг», зæгъгæ, уоми дæр поэт арæхстгинæй испайда кодта антитезæй: «райдзаст уат» ин фестадæй «унгæг агъодæ», «уæлтæмæни арти бунат ин баахæста уазал уодæнцойнæ».

Æмдзæвгæ «Уæларвæй ничи скъæфы стъалытæ», гъæздуг æй æнкъарæнтæ æма зундгин гъудитæй, киунугæкæсæг ибæл исæмбæлдзæй устур æхцæуæндзийнади хæццæ. Фал киунугæй адæймаги сæризундмæ комкоммæ ка бахезуй, еци æмдзæвгитæ Камалæн æ хуæздæртæ нæ ’нцæ.

Цæветтонгæ, автори скурдиадæй ци æлхъивд рæнгъитæ ратонунцæ, æма киунугæкæсæги сæри магъзмæ, бауæрбæл рахезгæй, тоги фæйлауæнау ка бакæлуй, уæхæн æй Камалæн е ’цæгдæр поэзи.

Ходи фурт æй лирик. Лирикон æмдзæвгити философи ба «уазал гъудити» философийæй уæлдæр æй – хæстæгдæр æй адæймаги скондмæ, фулдæр си фæууй æнкъарæнтæ æма мондæгтæ.

Нигъгъавæ-нигъгъавæгæнгæй, лæдæргæй, зонгæ-зонгæй, генийæн дæр нæ бæнтæсдзæй æнаййепп, æнæлазæ, æнхæст дуйне исаразун, развæлгъау ин бæрæг бæлвурд фæткæ æма «стæгдар» исаразгæй. Алли рауæнти, алли уавæрти финст æмдзæвгитæ нæдæр сæ тематикæй, нæдæр сæ нивæндуни рахастæй, нæдæр ба сæ гъудитæ æма фæлгонцтæй баст уогæй, сæ кæрæдзей баæнхæст кæнунцæ æма си рауайуй

еу поэтикон дуйне. Камали сфæлдистадæбæл дзоргæй, мæн фæндуй зæгъун, æ уадзимистæ ин куд балæдæрдтæн, мæ уод мин цæмæй исрохс кодтонцæ, уой тухх æн. Арвбæл иннæ стъалути æхсæн ци бунат æрахæста, уой ба адæм сæхуæдтæ зонунцæ.

Дзурдти азæлдмæ цидæр хемæлвасагæ, æнæзингæ хъаурæ ес.

Адæмæн сæ фулдæр хай – æригонæй-зæрондæй – фæлвардтонцæ æма фæлварунцæ æмдзæвгитæ финсунбæл.

Рифмæгонд дзурдтæ магнитау æрахæссунцæ адæймагæн æ зунд æма æ уод. Фал «æз» ке ниффинсон, е поэзи нæма фæууй. Поэзи æй, æмбаргæ адæм кæбæл бæдес кæнонцæ, – мæнæ куд фæрраздæр æй, мæ гъудитæ мин ниффинста, зæгъгæ, е. Зундгонд французаг философ Мишель де Монтень уотæ загъта: «Дзурдтæ æнцæ æрдæгмæ, ка сæ фæдздзоруй, уой, иннæ ’рдæг ба æй, ка сæ фегъосуй, уой».

Поэт финсгæ ку фæккæнуй, уæд, ка ’й фегъосдзæй, уобæл нæ фæгъгъуди кæнуй. Еци усми е ’гас хъауритæ дæр æмбурд фæуунцæ, æ зæгъуйнæгтæ аййевдæрæй ранивæндунбæл бахарз кæнунбæл. Уæхæн уаваræн исхонæн ес, «сфæлдистадон уагæ». Æма поэт еци уаги уацари ку бахауй, уæд æ уоди медрæбунæй исæнтæсунцæ æнæнгъæлæги бæдæйнаг рæнгъитæ:

Мæ рæнхъытæ!..
Мæнæй кæд фестут, уæд
Мæ зæгъинæгтæ развæлгъау æнкъарут:
Тыхджын чи вæййы, бараг вæййы, уый –
Къуымых лæггæндты сау хæхуыр ныббарут!
Фæтагъди уæм мæ зæрдæтых, мæ зонд,
Сымах дыууæ нæ зæгъдзыстут мæ фæндыл,
Йæ царды цæджындз хъуамæ уа лæгæн
Зæххон хорзæхты
барджындæр:
Æууæндын!

.....

Æнцой цардæй ныфс не ’вæры хъысмæт...
Уæ маст мæ ’вдузы ингæнмæ æдзардæй...

Дæрдтыл уыны мæсыг,
Куы уа бæрзонд.
Йæхæдæг дæр
Зыны фыдгулмæ дардæй.

Æмбесонди зундгин æма рæсугъд дзурдтæ! Уæхæн рæнгъитæ «рæнгъити туххæн» ниффинсун æй, математикон æвзагæй дзоргæй, рæнгъитæ кæрæдзебæл рахатти кæнуни хузæн зин, фæрсаг дзубандитæй ба ’й рахонæн ес «поэзия в квадрате». Æмдзæвгитæ финсуни темæбæл поэттæ ци нæма загъгонцæ, уæхæнæй, æвæццæгæн, нецибал байзадæй.

Уæддæр Ходи-фурт æхердигонау хуæдбундоронæй нивæндуй æ сагъæстæ поэзибæл, æ рæнгъити хæццæ дзубандигæнгæй. Уæхæн формæ ирон литературимæ æй нæуæг фæззинд.

Камал æй «цæрдуод поэт», цардæн архайуй æ тæккæ туфули, æнкъаруй ин æ уолæвд. Царди коми тулфæ поэтæн амонуй фæндаг, е дæр æхе ради цæуй цардæн е ’лвæст дадзинттæбæл. Аци дзурдти æцæгдзийнадæн æвдесæн æнцæ æмдзæвгæ «Фæраз, поэт»-и рæнгъитæ:

Фæраз, поэт, нынныхъуыр-иу дæ хъæрзын:
Æвдис дæ цин, ныгъуылдæй дар дæ маст...

Фæстаг рæнгъæ æй цардамонди тезиси хузæн: æ дзурдтæ алли адæймагмæ дæр хаунцæ. Уони ку æнхæст кæнианæ, уæд не ’гас дæр хуæздæр уавæри уаййанæ.

Уæхæн рæнгъитæ ци ’й фæндуй устур поэтбæл дæр исфедаудзæнцæ. Уæхæн рæнгъитæ адæмæн уарзун кæнунцæ поэзи. Поэзий сæйрагдæр нисанеуæг ба æй – цард уæддæр еу усми бæрцæ фæррæсугъддæр кæнун: «Æвдисын цин, ныгъуылдæй дарын маст».

Алæмæти дессаг ба мæмæ кæсуй гъудиади дугкаг æмбес – «ныгъуылдæй дар дæ маст» – æ арф гъудийæй, е ’нæнгъæлæги фæлгонцæй, æ хумæтæг, æнцонлæдæрæн дзурдтæй.

Уæхæн рæнгъитæ дормæ дæр багъардзæнцæ.

Æцæг аййевадон уадзимиси рантæстæн æрмæст курдиадæ фагæ нæй. Уомæн ма гъæуй берæ «зæрдæтых»-тæ радтун дæр. Камал æй «æлвæст фати» хузæн зæгъуй:

Хуымæтæг лæг æхцон уаргъау цы хæссы,
Дæуæн уый у сырхзынг æфсондзау раст!

Æз уой зæгъунмæ нæ гъавун, æма Камали æмдзæвгитæ æгасæй дæр шедевртæ æнцæ, зæгъгæ, кæд сæмæ техникон æгъдауæй еу мори бæрцæ фау æрхæссæн нæййес, уæддæр. Поэтæн е 'мдзæвгитæ, ци ’й фæндуй устур скурдиади хецау уогæй дæр, еу аййевадон æмвæзадæбæл финст нæ фæуунцæ. Ке фæндуй уадзимисти дæр, ци дæ фæндæуа, ци имæ агорай, уой фæууиндзæнæ æма иссердзæнæ. Камали поэзибæл рафæлгæсгæй, бафеппайæн ес еу уæхæн æууæл: æ уадзимисти дзæвгарæ хай финст æнцæ «дæлгоммæ дзубандитæй», – уруссагау æй хонунцæ «подтекст». Сæ æцæг медес син цæмæй фæууинай, уой тухæй сæ фæгъгъæуй лæмбунæг, гъудигæнгæй кæсун.

Æркæсæн æмдзæвгæ «Егъау сахары сагъæс»-мæ:

...Уыдис ма мит –
Æмæ та уый дæр атад.
Ныллæууыд рагуалдзæг.
Быдыр кæмæн ис,
Уымæн тагъд
Цъæх адардзæн йæ быдыр.

Ныллæууыд уалдзæг.
Кæмæн ис сусæг уарзон, уый
Сау æхсæвæй бонмæ
Кæндзæни рафт-бафт
Йæ артуадзæг хуыссæнты,
Фæлæ уæддæр
Нæ фендзæни йæ уарзоны йæ фыны.

...Уыдис ма мит –
Æмæ та уый дæр атад.

Аци æмдзæвги «уод» æй æнкъарди цæстисугти «нигъулд».

Фæлабулай – рохс, гъар, алке æ царди ради койти бацæудзæнæй, æмдзæвги лирикон бæгъатæræн ба уалдзæги æр-

цуд æрхæсдзæнæй уазал æма тар бонигъæдæ æ зæрдæмæ. Ами дæр бабæй поэт испайда кодта нихмæвæрд хуарæнтæй. Мет уазал æй, фал æй поэт гъарæй æвдесуй, уомæн, æма ами мет æ бæллец æй, бæллец ба алкæддæр «гъар» фæууй. Фал ка не ’сæнхæст уодзæй, еци бæллец ба «уазал» æй æма поэт уой банкъардта развæлгъау, уомæ гæсгæ ба позитивон æууæл хуаруй негативон хуарæнтæй.

Уотæ ку загътайдæ: «Уыдис ма хур, фæлæ уый дæр бамбæхст мигъты аууон», – уæд лæдæрддæр, æргондæр адтайдæ аци фæлгонц, уой бæрцæ ба – хумæтæгдæр, лæмæгъдæр.

«...Уыдис ма мит – æмæ та уый дæр атад» – аци рæнгъæ гъæуама æхцæуæндзийнади хæццæ исæмбалдайдæ киунугæкæсæги гъостæбæл, – метæй адæн тухсгæ кæнунцæ. Ами сæмæ поэт исæвзурун кодта рагимиси æнкъарæнтæ.

Е æй логикон рæдуди хузæн. Æрмæст поэзи сор логикæй уомæй хецæн кæнуй, æма кæрæдзебæл ка нæ бадуй, уæхæн дууæ архайди дæр æнахур фæлгонцти, характерти фæрци исфедаун кæнуй. Уотемæй син фæстагмæ æрæвæруй логикон бундор. Уæхæн лæгигъæдтæ ба æрмæстдæр еугай скурдиадгун поэттæмæ фæууй.

Хуæдбундор поэт Ходи Камал «сгаруй» æма «иссеруй» цæмæдессаг фæлгонцтæ:

Ныссабыр æхсæв...
Бандзыг и мæ хъуыды.
Мæ сынтæджы
Æрдæгцъындæй
Хуыссын.
Мæ гом рудзгуытæй
Расыг ныхас хъуысы...
Фæсабыр ысты...
Ног сæ хъæр ыссыд...

Мæгуырæгтæ!
Æхсæв сын рухс у бонау,
Рæстæгмæйы монц – адджындæр цытæй...
Дыздызгæнæг антеннæйы кæронау

Мæ зæрдæ
Сгары
Талынджы
Цыдæр...

*(«Æхсæв»)*

Аци æмдзæвгæн ес цалдæр хузи балæдæрæн, фал æвеппайди адæймаги цæститæбæл рауайуй уæхæн нивæ: поэт «æрдæгцъундæй» финсуй æмдзæвгæ. Æ ниффинсуни агъонмæ æ зæрдæ æнцойнæ нæбал фæййеруй, цидæр ин нæбал фæффагæ кæнуй æма агоруй еци «цидæр». Алли сибиртт дæр, уæлдæфи алли удзæл дæр ахæссуй æ зæрди «антенни кæронæй». Зæрдæмæдзæугæ фæлгонц æй, дзубанди дæр ибæл нæййес. Зæгъунæн фæлгонц!

Камали уадзимистæ техникон æгъдауæй куд амад æнцæ, уой дæр мæ фæндуй баамонун аци рæсугъд æмдзæвгæй. Рæсугъд ба уомæн æй, æма игъусуй æ медрæнгъон ритмикæ, азæлуй музикау. Азæлд хуæздæр балæдæрунæн æрхæсдзæнæн æнгæс игъусæг дзурдтæ, дууæ къуаребæл сæ радех кæнгæй: «бандзыг и», «сынтæджы», «æрдæгцъындæй», «талынджы» æма «ныссабыр», «æхсæв», «хуыссын», «хъуысы», «ыссыд», «ысты», «дыздызгæнаг», «сгары».

Аци æмæнгæс дзурдтæ æмдзæвги сæ бунæттæ иссергæй, равардтонцæ еумæйаг эффект. Е ба æй æмгъæлæсон муртæ с, з, т, д, дз, дж, х, с, р, г-йи æмархайди фæрци.

Ходи-фуртæн æ иннæ æмдзæвгитæ дæр техникон æгъдауæй æнцæ хуæрзæнхæст. Мадта е ’взаги гъæдæ дæр уотæ ’й, æ уадзимисти гъудиæдтæ æма дзурдбæститæ арæзт æнцæ ирон аййев æвзаги бундорбæл. Æнаййепп æнцæ стилистикон æгъдауæй.

Æвзаги гъæдæй цауд финститæн æмдзæвгитæ исхонæн кæд нæййес, уæддæр еци æууæл поэзийæн æ сæйраг домæнтæмæ нæ хауй. Поэзий ахсгиагдæр æй æмдзæвги аййевадæ, æ гъуди, æ темæ, фæлгонцтæ æма монцтæ, ритмикæ æма рифмитæмæ еу коми тулфæ ка бауадзуй, еу рауолæфтæй сæ ка бæттуй, еци уодигъæдæ.

Ходи Камал æй æ адæми патриот. Æ фидибæстæ æма е ’мзæнхонтæмæ ци зæрдæ даруй, е уарзти цæхæртæй, маст

æма цийни цæстисугтæй гъаруй æ берæ æмдзæвгити рæнгъитæй.

Уомæн æвдесæн æй Камали æмдзæвгæ «Уæлмæрдты» дæр:

Ку бафтын æз мæ райгуырæн хъæубæстæм,
Уæд уæлмæрдтæм
Æнæ ссæугæ нæ дæн.
Салам фæдæттынц базыртæй лæгæн,
Ироны удау, тохмондаг цæргæстæ.
Уæвгæйæ та
Зынаргъ ысты мæнæн
Зæрондхъæуы зæронд уæлмæрдтæ, –
Лæзæрынц ам
Мæ тохвæллад фыдæлтæ,
Стæй уыдонæн сæ 'фыдæлты фыдæлтæ –
Æнусты размæ
Чи калдта тæмæн.

.....

Æнæкæрон Уæрæсейы быдыртæ
Сæ хъарм хъæбысты бануæрстой сæ фыртты...

Аци рæнгъити дзæвгарæ информаци ке ес, е æнцон балæдæрæн æй. Уогæ и æмдзæвгæ кадæнгæй – гъарæнгæмæ хæстæгдæр æй. Поэт æ цубур уадзимиси рахъæрттæй устур уæлдæфон-зæнхон итигъдадæбæл. Уæдзимиси аллихузон хуарæнтæ кæрæдзей æййевгæ цæунцæ: æрхæндæги – нифс, инæйнондзийнади – уарзт, царди алли бони сагъæсти – бæрцуат философон хатдзæгтæ:

Кæсы та фырт
Йæ фыдæлты цыртытæм.

Фурт кæсуй фиддæлти циртитæмæ æма син сæ цард имисуй, сагъæсти арф ниннигъулдæй. Æма идарддæр кæсæн:

Ам алы цырт дæр
Чиныджы сыфау у,

Æнæхъæн уæлмæрд
Царды чиныгау у...

Уæхæн рабарститæ медесгундæр кæнунцæ æмдзæвги тухæ. Логикæмæ гæсгæ, еугур циртитæ дæр еумæ æнцæ царди киунугæ. Уотемæй бустæги ирдæй æвдист æрцудæй æнæгъæнæ уæлмæрдти фæлгонц. Æма æмдзæвги кæронбæттæни ба хæрхæмбæлд фæууæн æнæнгъæлæги фæззелæнбæл:

О, хаттæй-хатт мæм афтæ дæр фæкæсы,
Цыма, хæстонтау,
Фидæнмæ фæкæсынц!..

Автор циртитæ уодæгас тугъдонтæ фестун кодта, архайд си байвардта, æма исонбонмæ кæсунцæ. Куд æй лæдæрун, уотемæй ами ес арф римæхст гъуди: фæлтæртæмæ нистауæн, гъæуама фæсауунмæ дæр лæдæронцæ, ке фæрци цæрунцæ абони аци рохс дуйнебæл, æнкъаронцæ сæ бауæрбæл сæ рагфиддæлти цæстингаси катай æма естæбæлти гъуди кæнонцæ.

Ецихузи форми дзурдæн ес устур гъомбæладон нисанеуæг. Адæймаг æхе сæри зундæй ци раст гъудимæ æрцæуа, е ин дзæвгарæ хъазардæр фæууй еске амундæй, æхе зæрди фæндæнттæ æнхæстдæр, æндиуддæр, æнæзийнадæдæр æма æвæстеуатдæрæй фенхæст кæнуй. Лирикон поэтæн æ хæлар зæрдæ æй æ поэзий хумзæнхи хуæздæр нæмуг. Гъар æма фæлмæн уарзтæй фæлунст æй Камали иннæ æмдзæвгæ «Афонмæ» дæр.

Уалдзæг у...
Афонмæ нæхимæ
Ысзынди нартхоры ’взар,
Арцау
Саумæрæй.
Йæ къусчы
Сæууон æртæх,
Цыкурайы фæрдыгау,
Цъæх-цъæхид тæмæн калы.

Æвæццæгæн,
Сæумæцъæхыл
Мæ чысыл хæрæфырттæ
Райхъал вæййынц
Се ’взонг адджын фынæй,
Рувæнтæ ’мæ рæсты хъæлæбамæ.
Кæуынц,
Фæлæ сын бавæры зæрдæтæ
Мæ зæронд мад:
«Ма кæут,
Камал та уын горæтæй
Æрхæсдзæни гагатæ...»
Æма сын уый æвдадзы хос фæвæййы...

Автор имисуй æ мади, æ бийнонти, æ райгурæн гъæу, сæ дзæхæра...

Æмдзæвги рæнгъитæ зæрдæмæдзæугæ æнцæ се ’ргомдзийнадæй. Цума уадессагæй неци ес аци дзурдти: «Камал та уын горæтæй æрхæсдзæни гагатæ», – зæгъгæ. Фал уони иссерунмæ æма æмдзæвги байвæрунмæ дæр æвзигъддзийнадæ гъудæй.

Киунугæкæсæгæн «игон» уодæй финст уадзевдзи алкæддæр хъазардæр фæууй.

Камали уадзимисти арæх æмбæлунцæ дууæ æмæвæрд нивей кенæ фæлгонцей бастдзийнæдтæ. Дæнцитæ æрхæсдзæнæн æмдзæвгæ «Сидзæр чызг»-æй:

Сусæны судзгæ-уыраугæ хур
Хъæууынгты
Зилы æгуыппæгæй.
Хæдзары æлыгæйсæрст зæххыл
Цайданы æрхуы хъæлæсæй
Сатæг нывæфтыдтæ
Аразыс
Ды...

Аци æмдзæвги гъудиæдтæ арæзт æнцæ аййевадон параллелизми бундорбæл. Дууæ гъудий кæд нихмæвæрд æнцæ, уæддæр сæмæ ес æмæнгæс минеугутæ иссеræн дæр. Камал

æмхузон арæхстгинæй ке пайда кæнуй æвзаги аллихузон аййевгæнæн нивæфтуд фæрæзнитæй, уой нæ бон равдесун æй еу цалдæрхузон дæнцей бундорбæл.

Æркæсæн, поэт анафори фæрци е ’мдзæвгити рæнгъитæ куд фæррæсугъддæр кодта, уомæ:

1. **Кæд бафхæрдта** дæу цурон ми,
Кæрæф дзырд?..

.....

**Кæд хъавыдтæ:**
«Ысбуц кæнон йæ цæсты
Мæ уарзонæн мæ тæргайййæ мæхи?»
*«Æнæзонгæ сылгоймаджы фæдтæ»*

2. **Фæраз, поэт,** нынныхъуыр-иу дæ хъæрзын.

.....

**Фæраз, кæд дын** æнæфæлтæрд уæнгуытæ –
Дæ кæстæртæ –
Нæ рог кæной дæ хæс...
*«Фæраз, поэт»*

Арæх æмбæлунцæ Камали поэзий эпитеттæ дæр:

Мæ **зынг тæрныхыл** сæмбæлди æвваст
**Уæлвонг цъититы сатæг уддзæф комы.**

Еци еунæг гъудиади æртæ хатти æмбæлæн эпитеттæбæл æма уони фæрци æмдзæвги фæлгонцтæ нæ цæститæбæл аййевдæр æма ирддæрæй рагъазунцæ. Ходи-фурт æ уадзимистæ сфæлундуй метафори хецæн хузæ – олицетворенийæй дæр:

**Кæрæф саумæр!**
**Хъæбулхор калмау,** ды,
Цы радтыс, уый фæстæмæ дæр ныхъуырыс.

Мадта иннæ аййевадон мадзал – гиперболæй дæр цох нæ ’нцæ Камали уадзимистæ:

**Йæ тугдæппал** æрбадид кæд мæ рыстæн...
*«Масты сахат»*

Сæрибар дæн æз **хурау**!
.....
Мæнæн нæй, **рухс хурау,** мæлæн.
*«Гуыргъахъхъ лæнкаутæ...»*

* * *

Сæрмагонд дзубандий агкаг æнцæ Камали пародитæ æма эпиграммитæ. Етæ, алайнаг саздахъи фатау, сæ нисанбæл уотæ рæстдзæвинæ æмбæлд искæнунцæ, æма хормæ ракалунцæ адæймаги гъæнтæ, хæран миутæ, гадзирахат, æма уæхæн бари-æнæбари аййеппитæ. Поэт цæвуй лæгъуздæр минеугутæн сæ тæккæ хъабагъ. Æрхæсдзинан еу цалдæр дæнци:

Къæдзæхты бæсты халыс
Хæлæртты ’хсæн æууæнк.
*«Дамдумгæнæг».*

Куыройы фыдтæ ривадæй куы зилынц,
Сæ гыбар-гыбур дардмæ хъуысы уæд.
*«Магусайæ хъæруарзаг поэт».*

Хай –
Уымæй.
Хай –
Амæй.
Фылдæр та –
Хайямæй.
*«Ныхилаг поэтæн».*
.....

Йæ банкетмæ куыд ныггуылф ластой адæм,
Цæуæнт йæ пъесæтæм дæр афтæ!
*«Йæ куывды бирæ дзыллæтæ*
*кæмæн уыд, уыцы драматургæн».*

Ходи Камали тæлмацтæ уруссаг æвзагæй иронмæ зин равзарæн æнцæ оригиналтæй. Берæ литераторти гъудимæ гæсгæ, поэзийæн тæлмацгæнæн нæййес. Гæнæн ес, æма етæ дæр кæмидæрти раст æнцæ: поэзи æй цæрæг уод æма æмдзæвги уодигъæдæ æцæгæйдæр еу бауæрæй исесæн æма ’й иннæ бауæри байвæрæн нæййес. Уæдта уодигъæдæн дæр æндæр хузи раййевæн нæййес. Цæмæй тæлмацæй æцæг аййевадон уадзимис рауайа, уой тухxæн тæлмацгæнæг гъæуама æ тæлмаци æхе уод бауадза. Зæгъæн ес, æма тæлмацгæнæг æхе æвзагбæл финсуй автори бæсти нæуæг æмдзæвгитæ, æцæг курдиадгун тæлмацгæнæг ци ’й фæндуй генийи дæр исдзорун кæндзæй æхе мадтæлон æвзагбæл. Дæнцæн æрхæссæн, Камал Шекспирæй ке раййивта, еци рæнгъитæ:

**66-аг сонет**

Мылаз ингæнмæ амондау бæллын,
Мæнгард дуджы цъæх-цъæхид марджы тайын.
Йæ боныхъиутæ сау уæрмы хæры
Лæджы намыс; нæ рæстæджы гак – сайын.

Фыдæх уæхски-уæхск фарнимæ цæры;
Тæссонд фидыц йæхи сырх туджы найы:
Æдых тыхджыны цъысыммæ тæры,
Куырыхон лæг нæм рахонынц æррайы.

Бæрзонд аивад, – цæгъдæг рынау, у раст,
Куыдзы ’мгад сси, нæй ауайæг йæ цурты –
Йæ сæр æййафы сау фыдæлгъыст, маст:
Рæстдзинадæн йæ дзыхыл дарæм цъутта.

Адзалæй мын мæ цард æнцондæр нæу,
Фæлæ, мæ зæд, кæмæн ныууадзон дæу?

* * *

Берæ хæттити уадзимистæ форми агъоди «æхгæд» уогæй, æнцон балæдæрæн нæ фæуунцæ. Уомæ гæсгæ ба син се ’мбæрзæн исесун фæгъгъæуй. Уотемæй киунугæкæсгути аудитори дæр парахатдæр кæнуй.

Еумæйагæй райсгæй, ирон литературæ гъæздуг æй, фал æ теори ба æдзæллагдæр уавæри æй. Куд æма цæмæн уотæ æй, еци фарста ба абони уæнгæ дæр бæстон æвзурст нæма æрцудæй. Ефстагмæ фæззиннунцæ критикон-библиографион уацгъудитæ. Æма сæмæ лæмбунæг æркæсгæй, адæймагмæ исæвзуруй еу феппайуйнаг: сæ автортæ, айдагъ киунугæкæсæги нæ, фал ма сæхе дæр фæссайунцæ, эмоцити уацари бахаугæй, кæми автори нæгъæуаги уæлиаумæ исесунцæ, кæми ба ’й федистæ æма фудкойти буни нинниуæрдунцæ. Предметон дзубандий бæсти – æхсилкъитæ, хахуртæ, айуан æма æфхуæрæн дзурдтæ. Æгæр æппæлгутæ æма æгæр нихмæ дзоргутæй ка фулдæр зæран хæссуй нæ литературæн, е бæрæг нæбал фæууй. Дзорун ба гъæуй æрмæстдæр кæдзос рæстдзийнадæ. Фал æргомæй зæгъун, лæгъузæй – лæгъуз æндеугæ нæ кæнунцæ, хуарзæй – хуарз ба æвгъау кæнунцæ.

Поэзи æй кæдзосдзийнади символ, рæстдзийнади сæраппонд тохгæнæг, ци рæстæгмæ хауй, еци доги æвдесæндар.

Ходи Камал æй æргомзæрдæ, æргомдзурд лæг, сосæггагæй имæ неци ес æ адæни цори, куд царди медæгæ, уотæ æ æмдзæвгити дæр.

Поэттæн рагæй-æрæгæмæ дæр дзиллитæ дæр æма устур паддзæхтæ дæр сæ дзурдмæ игъустонцæ. Поэзи æмдзо кæнуй цард æма адæни хæццæ берæ æности дæргъи.

П. Ильфмæ ес курухон загъд: «Кæсæг финсæги ку нæ зона, уæд е кæсæги нæ, фал финсæги фуд æй». Камали, куд финсæги, уотæ зонунцæ Иристони дæр, еугур Уæрæсей дæр, фал, куд æхсæнадон архайæг, уотæ ба ’й нæхемæй хуæздæр некæми зонунцæ. Æма ’й зæгъæн: Ходи Камал нæ республики æхсæнадон царди ахæста æма ахæссуй зингæ бунат.

* * *

Хуцау, æвæдзи, рæвзаруй хецæн адæймæгути æма син радтуй сæрмагонд минеугутæ: кæмæн – финсæги скурдиадæ, кæмæн – хумгæнæги тухæ, кæмæн ба – фудгæнæги архайд.

Уонæй алке дæр кæнуй æхе куст, æ зунд æма æ фадуат куд амонуй, уотæ. Фудмæ ка бæллуй, уæдта хуарз ке зæрди ес ракæнун, уонæй алке дæр, æ «куст» куд рæвдзæдæр рацæуа, уобæл фæттонуй æ бицъинæг. Уогæ ’й не ’гас дæр хуарз зонæн: хуарз ракæнун зин æй, лæгъуздзийнадæ ба – хъæбæр æнцон.

Нæуæг гъуддаг исаразунæн, ести нæуæг гъуди бахæссуни развæлгъау бал басæттун фæгъгъæуй стереотиптæ.

Еци ихæс исæнхæст кæнунæн ба гъæуй – устур хъаурæ, зунд, федар нифс æма æвæлмæцгæ тох.

Ходи Камал хуарз ракæнуни тухæн ци стереотиптæ басаста, уонæй æз дууæ бæлвурдæй зонун. Нифсгунæй уой тухæн дзорун æма етæ мæнæн мæхемæ дæр хаунцæ.

1990 анзи Цæгат Иристони финсгути Цæдеси иуæнгти рæстæмбес карæ, кæд нæ рæдуйун, уæд хъæрттæй 65 анземæ.

Уæд нæ финсгутæй еу цалдæрей сæри хъанзи цоркау ниффедар æй уæхæн æнæраст гъуди: «Нæ литературæ исæфуй, нæ нæмæ ес курдиадгун кæстæр фæлтæр, ка финсуй, етæ ба æнцæ курдиадæй цох». Уой азарæй дзæвгарæ æнзти дæргъи Финсгути цæдеси рæнгъитæмæ некебал истонцæ.

Фал кæдæй Камал сæрдареуæг кæнуй, уæдæй абони уæнгæ ба финсгути Цæдеси иуæнгтæ иссæнцæ – Къибирти Амурхан, Къадзати Станислав, Бабочити Руслан (адæмон поэт), Абайти Эдуард, Мамукъати Хъазбег, Колити Витали, Джусойти Марат æма иннетæ. Се ’гасей нæ нимайун. Уонæй сæ еунæгемæй дæр зæгъæн нæййес, амæ æрдзон скурдиадæ нæййес, зæгъгæ. Сæ еугурдæр æнцæ курдиадгун финсгутæ.

Дугкаг ахсгиаг хабарæн ба æ гъуддаг уотæ адтæй (стереотипти кой кæнун): аллон адæнихатти еу хаййæн советон дзамани е ’взаг æхгæд æрцудæй, – рагон дигорон æвзагæй

зæгъун. Æма æ мадтæлон æвзагбæл дзоруни бартæ ист кæмæн цæуонцæ, е, гъай-гъайдæр, тингун кæндзæнæй.

Нæ адæни еу хай дзæвгарæ æнзтæ еци уавæри хæццæ арази н' адтæнцæ, гъома, еуетæ сæ бартæбæл дзурдтонцæ, иннетæ ба син сæ дæтгæ нæ кодтонцæ (уæлдæрлæууæг хецауадæ). Æма æцæгæйдæр, мæнæн Хуцау æма æрдзæ ке равардтонцæ, уони мин гъæуама ка еса фæстæмæ. Ци мæрдти æй, уордигæй рохс талатæ исуадзæд нæ республики уæди сæргълæууæг Галазти Æхсарбег. Е, æхуæдæг филолог уогæй, хуарз лæдæрдтæй еци ахсгиаг фарста. Наукон æма сфæлдистадон æхсæнæдти æхсæн уæд берæ хъаугъа дзубандитæ рауадæй, фал уæддæр нæ рагфиддæлти æвзаги сæрбæл исдзурдтонцæ нæ курухон æма дзурддзæугæдæр лæгтæ. Номхундæй ба еци гъуддагаразгути хæццæ адтæнцæ: Ходи Камал, Хъодзати Æхсарæ, Малити Васо, Дзасохти Музафер, Хостихъоти Зинæ æма иннетæ.

Социалон рæстдзийнадæ цæттæ æууилд стереотиптæй уæлдæр ке сæвардтонцæ, се 'сони бонбæл ке гъуди кодтонцæ ирон финсгути аци къуар, е син сæхе ба æвæруй нигки уæлдæр бунати.

Е æй курхон зунд æма нифси хецæн «курдиадæ».

Гуыргъахъхъ лæнкаутæ...
Ме 'фсургъ бастад.
Кæд нал у барæг дæр хуыздæр...
Мыййаг, кæд сау къæдзæхмæ баст дæн.

.....

Хъуына чиновниктæ,
Пигмейтæ
Нæ цæуынц ме 'мгæрон мæнæн.
Бæллын æз хурыскасты фендмæ,
Мæнæн нæй рухс хурау мæлæн.

*«Гуыргъахъхъ лæнкаутæ».*

Æнæбасæтгæ нифсæй идзаг æй аци æмдзæвгæ. Поэт æй тохи лæг, царди æфсæддон, æма æ бæх рæстæгмæ ку бас-

тайа, уæддæр æ размæ æмпурсун, æ рохсмæ тундзун, æ нисанмæ бæллун нæ ниууадздзæнæй. Æмдзæвгæ адæймаги, киунугæкæсæги уавæрбæл цæйбæрцæ исахеда, æ аргъ уомæй баргæ æй.

* * *

Исуйнаг адæймаг е ’ригон бонти исбæлвурд кæнуй æхецæн æ исонбони цардвæндаг; курхон лæг, курдиадгун адæймаг æхецæн æ размæ сæвæруй, хуарз ке фæллæдæруй, уæхæн устур, фал цæмæдессаг ихæс: æ уарзон адæнæн кæронмæ балæггадæ кæнун.

Æвæдзи, уæхæн æй Иристони зундгонддæр лæгтæй еу, курдиадгун поэт, зингзæрдæ патриот, æвæлмæцгæ рохситауæг Ходи Камали царди принцип. Е æ æрдзон курдиадæ некæд æвгъау кæнуй æ адæнæн, æ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй, тох кæнуй æ мадтæлон æвзаги цæрабæл.

Æ киунугæуарзгути зæрдитæ æлхæнуй е ’рттевгæ курдиадæй, æ аййевадон уадзимисти арф медесæй, æнæнгъæлæги рæсугъд арæзт фæлгонцтæй, литератури æнхæст сорæттæй, нæуæг вазуггин гъудитæ æма цæмæдессаг сюжеттæй...

*Скъодтати Эльбрус*

## ÆНКЪАРÆН – ЗАРÆДЖЫ ÆНДЗАРÆН

Ходы Камалыл рацыд 60 азы! Ныртæккæ йæ цæрæн бон æмæ йæ фæлдисæн бон сæ тæккæ тæмæны сты. Ныр æппæтæй цæттæ зиууон лæг у – царды дæр æмæ дзырдаивады дæр. Стæй канд ныр нæу, – дыууиссæдз азы размæ рацыд зиумæ, ирон аив литературæйы зиумæ, æмæ дзы кусы, лæппу-лæгау – æвæллайгæ, цыма йæ тых цы фæкæна, уый нæ зоны, ахæм равгæй. Тъизынтæ-хъæрзынтæ никуы уарзта æмæ нæ уарзы ныр дæр. Йæ зарæг – йæ удрæбын ис зымæгон хъызты дæр, уалдзæг та (уалдзæг йæ уарзон афон у!) – йæ былы алгъыл. Кæд ын фадат фæвæййы, уавæр æй фæамоны, уæд райхъуысы йæ рæсугъд иллæлæй, кæд уавæрмæ гæсгæ зарын аив нæ вæййы, уæд та хъазæн ныхас æмæ дзырды юморæй йæхи фæхæссы. Ахæм у йæ характеры æрдзыхъæд, ахæм уыд, куы йæ базыдтон (дыууиссæдз азы размæ!), уæдæй фæстæмæ æмæ ныр йæ ахуырст (кæркæ-мæркæ ахуырст!) нал ссæудзæн, тæрккъæвдатæ йыл куы фæцæуой, уæддæр. Уый æз хорз зонын æмæ йæ уымæн æнæдызæрдыгæй дзурын – дыууиссæдз азы фæрсæй-фæрстæм кусæм æмæ хæссæм нæ уистæ, кæрæдзи базоныны фадат нын уыди.

Советон дуджы литературон зиумæ фысджытæ цæуын райдыдтой, мæнæ стыр мыггаджы фæсивæды ’хсæн куыд вæййы, афтæ – иугæйттæй нæ, фæлтæргай.

Камалы фæлтæр бирæ уыдысты, фæлæ дзы цыппар лæппуйы, Дюмайы цыппар мушкетерау, бынтон æнгом уыдысты, мæнæ иронау куыд акæнынц – иу хæдон дæр сын уæгъд уыди. Уыдон уыдысты Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камал. Ацы лæппутæй, зиумæ куы ’рбацыдысты, уæдæй фæстæмæ стыр ныфс æвæрдтой хистæр фæлтæры хуыздæр минæвæрттæ – Плиты Грис, Гафез, Дзугаты Георги, Цæрукъаты Алыксандр, Мамсыраты Дæбе, Дзаттиаты Тотырбег æмæ æнд. Гъе, æмæ цыппар дæр рацыдысты æцæг ныфсы лæгтæ нæ литературæйæн.

Мæнæн цыппар дæр цыдæр адджын фесты. Хæрзæгъдау ирон лæппутæ, мæ кæстæртæ, курдиатджын поэттæ. Æцæг Шамил æмæ Васо романтикон традицимæ æмхицдæр уыдысты, Камал æмæ Æхсар та – реалистон уынынад æмæ стилистикæйыл æнувыддæр. Мæхæдæг дæр реалистон аивадмæ мæхи ластон æмæ йæ æргом дзырдтон:

Бæрзонд романтикон цæлхъытæ…
Æмæ дзырдарæхсты фырдиссаг,
Зæрдæйы трагикон фыдриссаг
Ныууагътон кæстæртæн. Цы дам –
Кæд мæм нæ фæуиккой хæрам…

Иу дзырдæй, Æхсар æмæ Камалы реалистон поэтикæ мæ удæн æхцондæр уыди. Камалы поэтикон ныхас мын ацы аххосæй адджын уыди рагæй фæстæмæ, фæлæ йын ацы ныхас дзургæ фыццаг хатт кæнын. Афтæ мæм каст, цыма йæ æнæуый дæр зоны, дзурыны сæр дзы ницæмæн хъæуы…

Ныр æй кæй рахъæр кодтон, уый та у, поэтыл æртиссæдз азы кæй ацыд, æз та дзы 16 азы хистæр кæй дæн, уый аххос: дыккаг хатт мæм дзурыны рад куы нал æрхауа. Кæддæр 60 азы стыр карыл нымад уыдысты. Ныр дæр мæнæ чысыл не сты, фæлæ сæм ис иу æндæр миниуæг: мæнæ бæрзонд хохы сæр фæзау куы ныууа, уæлдæр схизæн ыл куыд нал уа, уый хуызæн сты. Ома, уыцы фæзауы дæ бон у æмæ дыууæрдæм озер кæнай, фæлæ дын уæлдæр схизыны фадат нал ис. Поэтикон курдиаты рæзтæн дæр 60 азы ахæм бæрзонд у – ацы бæрзæндæй кæс дунемæ, фæлдис бир-бирæ азты – дæ уæнгты хъару йæ тæккæ ивылдыл æмæ аивыл у! – фæлæ дæ рæзты дуг фæцис. Хорз афон у æмæ иугæр Камал уырдæм бахæццæ, уæд мæ фæндиаг у: йæ бæллицтæ се ’ппæт дæр сæххæст уæнт, йæхи зæрдæ куыд зæгъы, афтæ! Ацы арфæмæ ма мæн бафтауын фæнды бæрцæй цалдæр дзырды, Камалы поэзи мын адджын цы миниуджыты тыххæй фæци, уыдоны фæдыл.

Камалы иу цыбыр уацмысы ис ахæм стих: «Æнкъарæн у æмдзæвгæйы æндзарæн…». Раст зæгъы, – дзырдаивады уацмысы æнкъарæн куы нæ уа, уæд йæ зæрдæйы куырой цæмæй разила, уый нæ уыдзæнис æмæ марды хуызæнæй лæудзæн. Фæлæ дзырдаивады артдзæсты æртдзых цæмæй ба-

кæнай, уымæн хъæуы æртæ сæйраг æндзарæны æмæ стæй алыхуызон лыстытæ дæр. Уыцы æндзарæнтæ сты: æнкъарæн, фæлдисæг фантази, поэтикон хъуыды. Æцæг уацмысы куы сæ иу вæййы развæдгæнæг, æппæтæн хуыздæттæг, куы та – се ’ннæ. Науæд та, – уый поэты бæллиц у! – æртæйæн вæййы гармонион иудзинад, артдзæсты фæсудзынц иу цырагъы къуыназау.

Камалы æмдзæвгæтæй мæ уды алгъыл иу сулæфтæй чи аныдзæвы, æхсинæджы сисау, уыдон сты, фыццаджыдæр йæхи биографион цардæвæрæнтæй чи рантыст, уыцы рæнхъытæ. Мæнæ йæ сабийы боны мысинаг: «Чысыл лæппу йæ фыды фыдмæ дзуры, – хъæдмæ-иу сугтæ ласынмæ куы ацыдтæ, уæд-иу мын «дæ дзыппыты æрхастай æмбисонды цымтæ…». Ацы иунæг хабарæй нæ цæсты раз сысты царды æнæхъæн ныв: саби фыды рæвдыд зоны æрмæст йæ зæронд фыдæй, йæ радтæг фыд кæмдæр хæцæны æрвиты йæ удуæлдай бонтæ… Сабийы арвгæронæй айсæфт уыцы рæвдауæг хур дæр æмæ ма йын уыны йæ зæнгæйттæ, йæ худ, йæ хотыхтæ, йæ гæрзтæ. Фæлæ йæ мидбылхудт нæ уайы йæ цæстыл…» Афтæ поэт мидбылхудты койæ амбæхста йæ зæрдæйы æрхæндæг… Камал дзырдаивады арæхсы æппæтмæ дæр. Зоны мадæн уарзондзинады æргом ныхасæй йæ зæрдæ алхæнын, стæй йæ уарзондзинад нывæнды ахæм хуымæтæг хуызы æмæ йыл мисхалы бæрц дæр гуызавæ фæуæн нæй: «Мæ уды уд! Æз уарзын дæ фæлмæн дзырд, дæ къæхты хъæр, дæ бахудт, дæ конд кæрдзын…».

Поэты ныхас цæуылфæнды ма дзура, уæддæр афтæ хуымæтæг дзæнхъирд æмæ хурæргом кæм вæййы (ахæм та вæййы фылдæр хатт), уым нын нæ зæрдæйы дуар байгом кæны иу сулæфтæй:

Бæлас бæласæн цы дзуры,
Уый мæ базонын фæнды.
Зæрдæ уалдзыгон цы куры,
Уый мæ базонын фæнды.
Хох кæмæ уайсады ’нусмæ,
Уый мæ базонын фæнды.
Хур кæмæн фæтагъд йæ рустæм,
Уый мæ аскъæфын фæнды.

Фæстаг фæндиаг кæд цыфæнды кæркæ-мæркæ у иннæты цур, уæддæр афтæ æргом æмæ райдзаст зæрдæйæ загъд кæй æрцыд, уымæй нæ æваст йæ фарсхæцæг скодта æмæ нæ мидбылты бахудтыстæм, афтæмæй сразы стæм поэты фæндиагыл нæ миднымæр.

Камалы поэтикон аивады, æвæццæгæн, уый сæйраг миниуæг у: ирдæй, сыгъдæгæй, хуымæтæг, фæлæ нывыл кондæй аваæры нæ армы дзыхъхъы, йæ удрæбын цы фæндийæгтæ, æнкъарæнтæ æмæ сагъæстæ хæссы, уыдон. Разы уай æви нæ, уый дæ бар у, фæлæ истæуыл дызæрдыг кæнай, кæнæ уæлдай дзырдты фæлмæй ма фенай поэты æцæг хъуыды, ныв, фæндиаг, уый фадат дын нæ дæтты. Ахæм у Камалы поэзи йæ уацмыстæн сæ фылдæр хайы.

Чи зоны, ноджы зæрдæмæдзæугæдæр у Камалы аивадæн йæ дыккаг æууæл. Æз æй рахонин оптимистон дунеæнкъарынад. Адæймаджы царды цы зындзинæдтæ, хъыгтæ, фыдæвзарæнтæ ис, уыдонæй иу дæр Камалы поэтикон дунейæ нæ фæиппæрд. Фæлæ уыцы дунейæн æцæгæлон сты хъæрзын æмæ нæтын, æцæг æмæ мысгæ тухиты демонстраци, æрхъуыдыйы уырыхоны. Царды бирæ æнæрастдзинæдтæ æмæ фыдбылызтæ кæй ис, уый хорз зоны поэт, фæлæ сæ тæрсгæ нæ кæны. Цыфæнды зын ын куы вæййы, уæддæр та æхсæндзарды галиу митыл бахуды æмæ мах дæр бахудын кæны йæ хъазæгой ныхасæй. Æмæ та айсæфы нæ зæрдæйы уынгæг æнкъарæн, бауырны та нæ, а дунейы адæймаджы иунæг хæрзиуæг дæр кæй ныббырсдзæн мин-мин хæрамы, лæгдзинад æмæ лæгуарзондзинад кæй никуы фæуыдзысты тæппуд, хин æмæ фыдзæрдæ эгоизмы амæттаг!..

Камалы поэтикон оптимизм æз уынын йæ аивады мæнæ ахæм миниуæджы дæр – поэт йæхи миддунемæ (йæ уды æнкъарæнтæ, фæндийæгтæ, сагъæстæм) куыд зæрдиагæй æмæ уарзон цæстæй кæсы, раст афтæ нымайы, йæ алыварс цы дуне ис, уый дæр. Эгоист цыфæнды дзырдарæхст æмæ дæсны фæдсафæг куы уа, уæддæр æрмæст йæхи уарзы, йæхи сæры койыл у, поэт-гуманист та, уæларв хурау, æппæтыл мæт кæнынмæ тырны, æппæт барæвдауынмæ – кæрдæджы цъуппæй – æврагъы пирæнгоммæ, тархъæды сагæй – денджызы цъингуырмæ. Ацы миниуæгыл баст у поэты уарзондзинад йæ

райгуырæн зæххы хуызтæм. Ирыстоны зæхх, адæм, сæ ивгъуыд, сæ абон, сæ фидæн æвæджиауы уарзон кæй сты поэтæн, уый кой ныр дыууиссæдз азы кæны, стæй алы хуызты – куы хъæрæй, уæлмонц ныхæстæй, куы миднымæр сагъæсы формæйы, куы хъазæгой дзырды ауунæй. Æмæ йыл адæймаг æууæнды æргомдзырд поэтыл. Фæлæ раст зæгъгæйæ, мæ зæрдæйæн уыцы уарзондзинад иууыл адджындæр удæнцой хæссы, Камал иу райсомы ныв куыд уыны, уый мæ цæсты раз куы сысты, уæд…

Сæумæрайсом… Мысыкайы къуылдымтыл
Уæззау æртæхæй – астымгæрдæг къул.
Зырзыргæнгæ йæ был ысдардта хур,
Æмæ нырттывтой æртæхтæ, фæрдгуытау…
Зынджытæй, пыхсæй пъырыпъыф æрттивы,
Йæ гагатæ – сæ «цатырты» нымæхст…
Нындзыг, ыстъæлфау, арвы фæтæн риуыл
Хæрдмæдзæуæг цъиу – нал æй ахсы цæст…
Йæ зарæджы фæдисон мыртæ зæххæй,
Æхсæрдзæнау, ныггуылф ластой хæрдмæ…
Сæууон æртæхыл тæрхъусты фæдтæ
Тæссар-мæссарæй къохырдæм ыздæхынц…
Сиу мæргъты зарæг – иугæндзон æмтъæлланг…
Мæрдтæй æвдадзау раздахид лæджы!..
Зындзысты ардæм хосдзаутæ  рæхджы, –
Сæ удтæ сын æррæвдаудзæн уæнгвæллад…
Æдзæм тæрфыты – суадæтты сыр-сыр…
Мынæг уддзæфæй зазы хихтæ ризынц…

Уырысмæ иу ныхас ахæм ис, – уарзондзинад, дам, куырм у!.. Чи зоны у, фæлæ æрмæст æвзæрдзинæдтæ уынынмæ. Дунейы æмæ адæймаджы аивтæ уынынмæ та уарзондзинадæй цæстджындæр ницы æмæ ничи ис зæххыл. Камалы цæстæй дæр уарзондзинады рухс куынæ кæлид, уæд афтæ бæстон æмæ аив нæ федтаид Ирыстоны  сæумæрайсомы нывтæ.

Гъе, стæй ма иу фиппаинаг. Камал æрмæст цæстæй нæ уыны йæ уарзон зæхх. Уый йын хъусы йæ алы мыр дæр, йæ кæрдæджы алы хæрздæф – «дардæй тархъæды сым-сым», æмбуды рагуалдзæг быдыры «алайы тæф». Гъе, æмæ Камал

бæрзонд ныхæстæм риторикон цæлхъытæ æмæ дзырдаивмæ дæр кæд дæсны у («Аланты тугæй иу æртах – мæ уд», «о, хæхты зарæг райгуырди мæнимæ» æмæ æнд.), уæддæр мæ зæрдæмæ арфдæр чи хъары йæ уды скъуыддзæгтæй, уыдон сты, йæ цæсты рухсæй кæй уыны æмæ йæ зæрдæйы хъустæй кæй хъусы, уыцы мыртæ. Йæ интеллектуалон фæллойæ та мæм иууыл аивдæр кæсынц, поэт йæ хъазæгой зæрдæйыл куы вæййы, уæд дзы цы юмористон æмæ иронийæ ифтыгъд ныхæстæ сирвæзы, уыдон.

Камал арæхсы иу тæхудиаг аивмæ: цыфæнды ахсджиаг æнкъарæн кæнæ фæзындыл ма дзура, уæддæр йæ ныхасæн хаттæй-хатт ссары юмористон кæнæ иронион фездæхæн.

Мæнæ йæ бафæндыд йæ уарзон чызгæй раппæлын æмæ йæ къæмдзæстыг бамбæхсыны охыл нытъæлланг кодта: «Æз хæлæг кæнын мæхимæ, ахæм чызг кæй уарзы…». Уарзон чызгимæ фембæлды аххосæй æрæгмæ кæй бацæуы хæдзармæ лæппу, ууыл мæт кæны мад, фæлæ хæрзиуæджы охыл кæй у уыцы хъуыддаг, уый мад бамбæрста фæрссаг хабары руаджы:

«Æвæццæгæн, дæ хъарм дзыккуты уддзæф
Бахæссын мæ уатмæ…».

Хаттæй хатт æцæг поэты юмор ахизы сарказммæ. Мæнæ не ’хсæндзарды иу фæуддзаг фæзынд: къухдариуæггæнæг йæ алфамблай æмбырд кæны йæхицæй цауддæрты æмæ афтæмæй сырæзы ахæм уавæр, къухдариуæггæнæджы йæхи сæрæй хъуыды кæнын куы нал фæхъæуы. Уæд райдайы æнæсæрты рад æмæ базары кæсæгтæ уæй кæнынц диссаджы аргъыл: «Сæрджынты килæ – сомы ’рдæг! Æнæсæртæ та – сом!..».

Камал урс æмæ сæрибар стихæй фыссынмæ дæр æмхиц æмæ арæхстджын у. Сæрибар стих европæйаг нымадæй фылдæр-фылдæр хауы, интеллектуалон поэзи кæй хонынц, уымæ. Ома, уацмысы сæйраг у хъуыды, фарст, эмоци дæлтексты кæм ис, ахæм ныхас. Камал сæрибар стихæй фыссы иттæг эмоцион æмдзæвгæтæ дæр, фæлæ хорз арæхсы иронийы фæрцы йæ хъуыды ранывæндынмæ дæр:

Бирæгъ,
Сæгъ
Æмæ къабускайыл
Ис бирæ ’мбисæндтæ.
Фæлæ арæх
Иу хъуыддаг рохуаты фæуадзæм:
Цæвиттон,
Бирæгъæй тас вæййы сæгъæн,
Сæгъæй тас вæййы къабускайæн,
Къабускайæ тас никæмæн вæййы, –
Тас вæййы æрмæст йæхицæн…
Æмæ уæм уый куыд кæсы?..

Иу дзырдæй, иронау куыд акæнынц, – кау ныллæгдæр кæм вæййы, адæм иууылдæр ууылты хизынц æмæ уымæн нырма рæхджы ницы хос æрцæудзæн, афтæ кæсы поэтмæ, стæй мæнмæ дæр, æмæ уæд къабуска цы кæна?..

Ныр у, æмæ, чи зоны, исчи зæгъа: ау, Камалы дзырдаивадмæ иу фау æрхæссæн дæр нæй?!. Ис, мæ хур, ис. Фаутæ æнцон хæссæн сты. Аипп йæхæдæг йæхи искæй цæсты æппарынмæ тырны. Зын та у хæрзиуæг æмæ аив рахатын уацмысы, цухдзинад армы тъæпæнау уæлгоммæ у. Фæлæ æз абон фаутæ хæссыныл нæ дæн. Стæй фау хæсджытæй Иры дзыхъхъ цух никуы уыд æмæ рæхджы нæ дæр уыдзæн. Уыдонæн сæ амонд сæхи, фæлæ ма иунæг фæндиаг: Камал йæ иу æмдзæвгæйы бæллы стихамад зæлты узæлдмæ иу нысаны охыл – кæд, дам, «Ныррaид мæ зæрдæ, Ныммæлид мæ зын». Хуыцау зæгъæд, цæмæй нырæй фæстæмæ дæр Камалы зæрдæйæ цæргæсы лæппынтау, тæхой бæрзонд арвмæ уæздан мыртæй амад аив дзырды фæлтæртæ. Уадз æмæ сæ райа Иры дзыллæйы зæрдæ! Зонын æй, аив дзырды бон нæу адæмы зын амарын. Фæлæ зæрдæйы рисс фæсабыр кæнын æмæ ууыл уæлахизæн ахъаз кæнын у йæ бон. Гъе, æмæ æвидигæ уæд Камалы поэтикон ныхасы ахæм ахъаз!..

*Джусойты Нафи*

2001 аз

## «ФЫСТ У ЙÆ НЫХЫЛ АЛКÆМÆН ЙÆХИ ЦАРД»

Алы фыссæгæн дæр ис йæхи хъысмæт. Иуæй-иуты фыссын бахъæуы дæсгай азты, цалынмæ мыхуырмæ баирвæзынц, уæдмæ. Бирæты бахъæуы къорд чиныджы рауадзын, цæмæй сыл фыссæджы ном сбада, уый тыххæй. Камал хызт уыд ахæм хъизæмарæй. Уый поэзимæ æрбацыд барджынæй, æваст, комкоммæ.

Пединституты уыд фыццаг курсы студент. Уæд сфæлдыстадон цард Ирыстоны фыхти цæджджинагау. Иу литературон изæры Камал бакаст цыбыр æмдзæвгæ «Чъыры къæртт». Хистæр студент-поэттæ загътой: «Амæ цыдæр ис». Уыцы цыдæр уыди курдиат. Йæ фыццаг фæлварæнтæ мыхуыргонд æрцыдысты æнæ удхарæй, сæ цæст сыл æрæвæрдтой фысджытæ дæр æмæ кæсджытæ дæр.

Уæд, 60-æм азты къæсæрыл, ирон поэзийы æвзæрди ног суадæттæ, уыдон фæрцы ралæууыд аивады ног заман. Донвæд ын кодтой Нафи æмæ Алыксандр, зиууонæй сæм фæзындысты Бестауты Гиуæрги, Дзаболаты Хазби, Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уалынмæ фæзынд ног хъазуатон фæлтæр. Уыдонæн сæ сæрæндæртæй иу уыди Ходы-фырт.

Ног аивады фæндагыл цæлхдуртæ вæййы. Йæ сæраппонд фæхъæуы тох кæнын. Хицауадон хъуыды æмæ партион поэзи уыдысты барджын, хъуына гæнахау лæууыдысты фидар, зындысты тызмæг æмæ æнæсæттон. Сæ хъахъхъæнæг чиновниктæ æмæ сæ хъузон фысджытæ уыдысты тохвæлтæрд, каубыдау æнгом, кодтой æмархайд.

Зын уыд сæ басæттын, нæ цудыдтой. Цыди карз тох. Камал уыд, ног æхсæнадон, этикон æмæ эстетикон идеалтыл чи хæцыд, уыдонæй.

Иу æмбырды та уæлдæртæ растадысты уыцы идеалты ныхмæ. Уым æргом, ныфсджын æмæ раст ныхас загъта Ка-

мал. Уæд ын йæ хæлæрттæй иу зæгъы: «Нæ дæ хъуыди, Камал, афтæ дзурын. Хицауадæн хъыг уыд дæ ныхас. Уыдонмæ уыд фæндон: дæу редакцийы хайады сæргълæууæг скæнын. Ныр ма дæ чи сæвæрдзæн уыцы бынаты. Уæд Камалы дзуапп уыд ахæм: «Хорз, уыцы бынат мæн хъæуы, æмæ рæстдзинад нæ загътон. Хайады сæргълæууæг сдæн. Иннæ хатт мæ бафæндыд уæлдæр бынат бацахсын, æмæ та рæстдзинад зæгъын мæ бон нæ баци. Мæ сæр мæ сагæхты æмбæхсдзынæн. Æмæ уæд мæнæй цы рауайдзæн? Цъаммар фæсдзæуин!» Афтæ мæм кæсы, æмæ уыцы ныхасы фæстиуæг у æмдзæвгæ «Ныхас бюрократимæ». Поэт йæ зондамонæгæн фидарæй зæгъы: «Нæ мæ фæнды сæдæ мады дæйын, нæ мæ фæнды сабыр уæрыкк уæвын».

Тохæн бирæ хуызтæ æмæ бирæ фæрæзтæ ис. Ног эстетикон идеалтæ фидар кæнын хъуыдис фыццаджыдæр ног аивадæй. Камалы курдиат у æрдзон æмæ хигъæдон. Йæ ныхас – бæстон, хъомысджын, нывæфтыд. Нæ зæрдæ нын æхсызгонæй агайдта йæ фыццаг æмдзæвгæты лиризм: хуымæтæг, æргом, æнахуыр æнкъарæнты поэзи. Диссаг куыд нæ у, йæ уындмæ кæмæн бæллыс, уыцы чызгмæ афтæ хатын: «Ма мæм бахуд, – бабын мæ кæндзынæ». Науæд: «Æз хæлæг кæнын мæхимæ, ахæм чызг кæй уарзы!». О святая наивность! Нæ бæллицтыл нын тæссонд базыртæ сагъта, æрдз дæр кæй æрхуымыл дис кæны, уыцы лæппуйы дзуапп: «Цæстытыл-иу ауадысты уæд, чи адарди, уыцы сау дзыккутæ». Курдиаты æвдисæн уыд «Хæхты зарæг». Мæ зæрдæйы зæлынц суадоны цыдæр сæрибар, ирд æмæ зылангон рæнхъытæ:

«Бидайы комы дзедырджын къуыбыртыл
Æз рагбонты бæгъæмзæнгæй хылдтæн».

Уый райдайæг поэты ныхас нæу. Æвзонг поэт дзуры фидар хъæлæсæй, йæ хъуыды зæгъы уæндонæй, дзырдтæ сæ бынæттæ ахсынц барджынæй, ис сын сæрибарæй змæлæн æмæ сулæфæн, æмæ æвдисынц сæ тых æмæ сæ фидауц. Уыдон сты курдиаты æууæлтæ.

Камалæн фыццаг программон æмдзæвгæ уыд «Æмбисæхсæвы монолог» (1965 аз). Поэты уæлмонц кæнынц дыууæ бæллицы: «зæрдылæмбæлгæ дзырд» зæгъын æмæ

«æдзæлгъæд тутт ныхæстæй хъуыддаджы дзырдмæ рахизын». Камалæн æнтыст йæ бæллицтæ æххæст кæнын.

«Æргом ныхас»-ы загъта:

«Ныраæй фæстæмæ нал фыссын æмдзæвгæтæ,
Ныраæй фæстæмæ æз фыссын
Мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ».

Афтæ кæнын у поэты хæс, фæлæ уый тæссаг у цыфæнды рæстæджы дæр. Ахæм æмдзæвгæтæ-иу расайдтой фаутæ æмæ даутæ, арæх та æгъатыр критикæ. Уый фæстиуæгæн Камал æрцыд бæлвырд хатдзæгмæ: «Æргомдзырд уæвын никуы 'рхаста адæймагæн удæнцой, кæнæ та мулк, фæлæ йын уыйхыгъд зæххы æмуæз фыдæбæттæ æрхæссы – æмæ йын уыдон йæ ном æнæмæлæт ыскæнынц». Афтæ у сфæлдыстады хъысмæт. Камалы «Гаджидау»-ы фыдæхы цæхæр калы цард, рæстдзинад æмæ намысы знæгтыл, – уый лæг æмæ поэты ми у. Цы сойтæ смарзта æргомдзырдæй, уымæн тæрхонгæнæг – рæстæг æмæ истори.

Камалы æмдзæвгæтæй бирæтæ сты ирон лирикæйы æнтыст. Поэт ирон пародийы дæснытæн цæуы сæ раззæгты рæнхъы. Цыргъзонд кæй у, уымæн æвдисæн сты йæ эпиграммæтæ. Гæрзарм у тæлмац кæнынмæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Камал азымджын у, чысыл кæй фыссы, уымæй. Æниу, чи зоны, уый фæуддзаг миниуæг нæу. Йæхæдæг фæзæгъы: «Алцæуыл фыссын хъуыддаг нæу. Æмдзæвгæ хъуамæ фæзынд (явление) уа». Алчи ахæм зондыл куы хæцид, уæд нæ литературон хуымы къаддæр уаид æгæнон хæмпæл.

Камал разагъды лæг у. Йæ бон у Ир æмæ æндæр адæмты 'хсæн лæгау æрлæууын æмæ ныхас зæгъын. Зоны, кæм цы зæгъын хъæуы, уый дæр. Йæ бон у ирон фынгыл хистæр уæвын дæр æмæ оммен кæнын дæр, куы бахъæуа, уæд та зарын дæр. Уыдон æмткæй сты поэт æмæ лæджы æууæлтæ.

*Хуыздæр æмæ йын фылдæр бантысæд!*

*Джыккайты Шамил*

2001 аз

## ЗОНДЫ ЦÆСТÆЙ КÆСГÆЙÆ

Юбилей… Уый æцæг аивады дзырдфæразон фæдисонæн стыр цин æмæ тасы бæрæгбон у. Цин, дзырд дæр ыл нæй, йæ царды цыдæр бæрзæндмæ кæй схæццæ, уый расайы. Фæлæ, аивад æцæг чи ’мбары, тъæпптъылуптæй нæ, фæлæ йæ æцæгæй чи аразы, уый куырыхон зонды хицау вæййы. Зондджын адæймагæн та йæ аиппытæ йæхицæй хуыздæр ничи фæзоны. Æмæ йын цыфæнды кады митæ кæн, уæддæр, цы йын нæ бантыст йæхи фæндиаг сфæлдисын, уыдон æппын æдзух фæдары йæ зæрдыл. Кæдфæнды дæр. Кæмфæнды дæр. Æгæрыстæмæй, æдылытæ фылдæр кæмæ фæбæллынц, ахæм стыр юбилейы дæр! Йæ тас уым ис.

Æмæ йæхи зонд, йæхи тых, йæхи фарнæй дыууæ зæрдæзæгъгæ уисы фæрсæй-фæрстæм кæрæдзийы фæдыл чи никуы æрæвæрдта, уыдон стыр æмæ нæргæ юбилейтæ куы фæдомынц, уæд дисы бахаудзынæ: оу, иу фыдных исчи куы фæзына, æцæгæй цы дæ, уый адæмæн куы радзура æмæ дæ куы æрæвæра де ’цæг бынаты, уæд дыл дæ цæсгомы цъар нæ алæбырдзæнис, гормон?! Дæ койгæнæг куынæ уа, уæд де ’гуыдзæг уацмысгæндтæй адæмы ’хсæн дæхи дæхæдæг цæмæн худинаг кæныс? Хуыздæр нæу, бамбæхсай сæ, аппарай сæ? Чи зоны дын искæй цæсты иучысыл исты кад ис, уæд уый дæр дæлæмæ цæмæн æппарыс?

Æндæр хабар у, дзыллæ сæ кады цæстæвæрæны куы рахизын кæной адæмы размæ, æмæ йын сæ зæрдæбын фæндиæгтæ куы нывæндой, куы йын арфæ кæной, сæ зæрдæты лакъон æмæ сын маст куыд сыгъдæг кæны, сæ удтæ сын бæрзонд куыд æвæры, уый тыххæй.

Ныртæккæ кæй цытджын юбилейы тыххæй дзурдзыстæм, уый – Ходы Камал æнæ къæлæсытæ, æнæ ракæ-бакæ ссис, Ирыстоны сæрыстырæй кæй номæй цæуы, нæ уыцы кады цæстæвæрæн ныфсытæй. Разынд, Максим Горький афтæ кæмæй загъта: "Человек – это звучит гордо", – зæгъгæ, уыдонæй.

Дзыллæ дыл сæ цæст æрæвæрой, сæ хуыздæртыл дæ нымайой æмæ дæ сæхицæн ныфс хоной, ахæм лæг суай, уый бирæтæм æнцон кæсы. Уымæн æмæ искæй къухы дур рæуæг у. Нæ уыдысты Камалæн æнцон æмæ æхцон нæдæр йæ райгуырды бонтæ, нæдæр йæ сабибонтæ Фыдыбæстæйон хæст æмæ фæсхæсты рæстæджы. Йе скъолайон азты дæр бæллиццагæй ницы ис ссарæн сыгъдæг зæрдæ æмæ рухс бæллицтæй дарддæр. Фæстæдæр фырбуцæн нæ мысыд йæ фыдыфыды: «Ныртæккæйау сæ зонын: Дæ зæнгæйттæ, дæ худ, Дæ хотыхтæ, дæ гæрзтæ, Фæлæ дæ мидбылхудт Нæ уайы, нæ, мæ цæстыл…» («Мæ фыдыфыды мысгæйæ»).

Уæдæ, нæ фыдазты дæр размæ къахдзæф кæнын, Ирыстырысайыл хæцын æнцон кæмæ кæсы, уый хорз нæдæр хи царды фæзилæнтæ зоны, нæдæр æхсæнцарды. Фæлæ Камал æппæт мæстытæ æмæ тыхдымгæты ныхмæ дæр, лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, домбайæ кæй фæлæууы, уый дзуры йе стыр удфæразон æмæ куырыхон зондыл. Афтæ кæй зæгъы: «Кæны мæ ныхас бонзонгæдæр, арфдæр… Мæ къух нæ исын иу» хабарыл, зæгъгæ, уæззау зонд «хуымæтæг дзырды бавæр – куыд кæна», «æндыгъд нуарау, дыз-дыз», уым ис логикон æмæ цардуагон рæстдзинад. Уымæн æмæ йæ уды уыцы фидар домæн царды æххæст кæны æцæгæй. Цыфæнды зынты дæр ыл нæ ивы йæ зæрдæ. Йæ къухы иу æнтыст иннæйы фæдыл уымæн æфты.

Йæ фыццаг поэтикон уацмыстæ мыхуыры куы райдыдтой зынын, уæд сыл æрæвæрдта ирон чиныгкæсæг йæ цæст. Фæлæ 1962-æм азы Хуыгаты Сергей æмæ Джыккайты Шамилимæ иумæйаг æмбырдгонд «Бонвæрнон» джиппы уагъдæй куы апарахат адæмы ’хсæн, уæд Камалы ирд курдиатыл, æгæрыстæмæй, йæ ныхмæлæуджытæй дæр ничиуал дызæрдыг кодта. Лæджы ныхмæ барвæндæй дуртæ чи фæтулы, адæмы цæсты йæ бафтауынмæ йæ уды быцъынæг чи фæтоны, уыцы

гуылмыстæ та алы хатт дæр уыдысты æмæ уыдзысты. Годах Африкæйы дæр годах у. Æмæ уыдон кой нæ кæнын.

Куыд уыдис гæнæн, ирон чиныгкæсæджы цæст ма æрхæцыдаид «Фыдыбæстæ», «О, ме ’взонджы бонтæ…», «Мæ фыдыфыды мысгæйæ», «Хæхты зарæг», «Æз хæлæг кæнын мæхимæ» æмæ æндæр аив æмдзæвгæтыл.

Адæймаг сæ æнкъардта æмæ æнкъары, æхсайæм азты ирон литературæмæ, стæй æмткæй советон литературæмæ царды ног, сæрибар ахастæй цы сатæг уæлдæф æрбаулæфыд, уый æхцон ад. Уымæн æнæфæхатгæ нæ уыд. Уымæн æмæ уæд диссаг уыд, дæ уды бæллицтæ сæрибар æмæ фæлгонцонæй, æхсæрдзæны къæрцзардау, нывæндай сæ кæрæдзийы фæдыл.

Æвзонг, нудæсаздзыд лæппу хуымæтæджы нæ дзырдта йе ’взонджы бонтæм: «О, ме ’взонджы бонтæ, рæвдыд дæн уæ цинæй», «цырен арты стъæлфæнтау» схаудтой йæ риуæй æмæ уыдон рухсмæ тыбар-тыбургæнгæ федта йæ фæндаджы сæр («О, ме ’взонджы бонтæ…»).

Мах фылдæр хатт нæ удты фыдæнæн цинагыл цин кæнын нæ базонæм, æндæра ссæдзаздзыд поэт афтæ куы дзура: «Фыдыбæстæ! Нæ дыл кæнын ныхас, Нæ дæ хонын «Фæйлаугæ фурд», «Цырын арт!»… Мæ фыстыты цыфæнды бынат ахс, Уæддæр мæ риуы Стырдæр у Дæ бынат» уæд уый амонд у, уæдæ цы. Стæй æрмæст йæхи амонд нæ, фæлæ йæ Фыдыбæстæйы амонд. Йæ адæмы амонд. Уымæн æмæ стыр уарзтæй гуырынц цард, уды сыгъдæг æмæ фарн. Æнæ уыдон, бæрзонд уай, адæмæн зæрдæхцон хæссай, уый гæнæн куыд ис? Цайданы куы ницы уа, уæд дзы уадзгæ дæр ницы ракæндзынæ.

Æмæ нæ поэтæн уыдон  læвæрдтой æмæ дæттынц бæрзонд аивадон уацмыстæ фæлдисыны тых æмæ удфæразон. Уымæн нæ февварсы йæхиуыл: «Мæ зарæгмæ цъæхдзаст цъити нæ бадон». Цахæмфæнды бæрзæндыл куы уай, уæддæр хиуыл февварсын, дæхи хурхмæ кард куы бахæссай, уымæй уæлдай нæу. Поэт уымæн загъта: «Мæхæдæг æз уæлвонг рындзыл куы бадон, Уæддæр мæ бæллиц зæххæй гуырæг суадон» («Суадон»). Раст уыйау сты йæ фæндтæ æнæлаз, æмæ адæмы зæрдæмæ фæндаг уымæн арынц.

Йæ зарæг æвзонджы бонтæй фæстæмæ у бæлвырд дзури-

нæгтыл, бæлвырд бæллицтæ æмæ мæстытыл æмæ йæ уый кæны арф æмæ зæрдæмæдзæугæ. Ходы-фырт уый тыххæй йæхæдæг афтæ зæгъы: «Сывæллонау нæ бахудтаин уæгъды. Уæзбын, дам, у, нæ сыхбæстæ дзырдтой, Уæд-иу мæнæн та дидинæгджын рæгъытыл Мæ бæллицтæ сырх уардитæ тыдтой («Хæхты зарæг»).

Уæддæр æй йæ уды бæллицтæ нæ уагътой йе 'мкарæнтимæ йæхи ирхæфсын. Йæ зæрдæйы фæндтæ бынтон æндæр уыдысты. Нæ кодта бæрзонд æфцæджытæ рох. Уыдон ын здæхтой йæ цæстæнгас йæ зæрдæмæ. Уым ахста æхсæрдзæны зарæг. Æмæ йæ бон у, зæгъа сæрыстыр æмæ ныфсджынæй: «О, хæхты зарæг райгуырди мæнимæ, Хæссы мæ риуы бонæй-бонмæ рæз».

Камалы поэзи йæ райдайæнæй у сыгъдæг æмæ æргомдзырд. Уд йæхи зæрдæмæ цы сусæггаг ныдздзуры, уыдæттæ уый рахæссы адæмы рæгъмæ, скæны йæ иумæйаг цинаг кæнæ рис. Иу уды æнкъарæнтæ сваййынц æхсæнцарды ахсджиаг дзуринаг. Æмæ уый поэты йæ бирæ чиныгкæсджытæм кæны дзæвгар хæстæгдæр. Поэт цæуыл фæдзуры, уыдон сын сваййынц уарзон æмæ зæрдæскъæф.

Æмæ, чи зоны, поэзийы сусæгдзинæдтæй иу уый у. Æндæра, йе 'мдзæвгæ «Æз хæлæг кæнын мæхимæ» куыддæр мыхуыры фæзынд, афтæ цæмæн фæцис ирон поэзиуарзджытæн адджын. Иууылдæр хорз сты: «иу мæйрухс æхсæв» лæппу æмæ чызг кæй фембæлдысты парчы; кæй «кодтой сусæгæй сæ ныхас бæлæстæ» сæ разы; хохаг суадæттау кæй «æрттывтой уыцы сау цæстытæ»; «арвы урсцæппæрджын риуæй «Авд хойы» кæй зындысты, фæлæ уыдæттæ кæсгæйæ чиныгкæсæг иууыл тынгдæр байрайы, уацмыс йæ тæккæ кульминацион бæрзæндмæ куы схæццæ вæййы, уæд поэты æргом æмæ сыгъдæг æнкъарæнæй:

Уыцы ирд мæйрухс æхсæвы
Фембæлдыстæм парчы.
Æз хæлæг кæнын мæхимæ,
Ахæм чызг кæй уарзы!

Поэты æлвæст, дзæнгæлтæгæнæг дзырд цæвы зæрдæйы нуæрттæ. Автор цы уацмысты фæдуды æмæ фæсудзы, уый

чиныгкæсæджы уд уидагмæ ма змæлын кæна, уый гæнæн нæй. Камал царды рæстдзинад кæй æвзары; гадзрахатæй цæуын, мæнгард митæ кæнын, «мæймæбулкъау кæмæн у йе сконд, афтæ: йæ агъуд сырх, йæ гуырдзон» сконд та урс, уыдон ын æнæуынон кæй сты, йе ’мдзæвгæ «Гаджидау» кæсгæйæ, куы уынæм, «Ирыстоны тæхгæ-нæргæ бæрзонд Дзуар»-æй сæ æлгъиты йæ автор – «Йæ ныхмæ-иу Рæстдзинады фарн растæд, Æнæдонæй йæ доны былæй здах»; «О, Уастырджи, æргæрах æй лас ды»; «Æнæ бавæрдæй баззайæд йæ сынтыл», уæд нын уыдæттæ æхсызгон сты æмæ стæм йæ фарс.

Чиныджы автор æмæ чиныгкæсæг æмвæнд, æмдзырд куы вæййынц, уæд уый та амондыл, фарныл дзурæг у. «Рагон нырыккон зарæджы» авторимæ нæ сагъæс иу у – «йæ сау фат маргæйдзаг æрдынæн алайнаг сонт риуы кæй тæлфы», ууыл. Нæ маст авторимæ уый тыххæй æхсиды: «Нæ нын зæронд уадзынц, нæ саби Фыдгултæ, райстой нæм кæрдтæ… Æмæ нын нал ис фæцудæн: «Аланты ’хсидгæ туг, о, сабух, Кæнæ мæлгæ, кæнæ цæргæ!», уымæн æмæ поэты фидарæй уырны:

О, скифты знæт кадæн, сæ цытæн
Нырма нæ бамынæг сæ ном,
Лæууынц, фыдæлтыккон бæрцытау,
Нырма сæ байзæддаг æнгом.

Ацы бæлвырд архитектурæйыл амад, æлвæст, зæлланггæнаг æмдзæвгæ æрмæст поэты сфæлдыстады нæ, фæлæ фæстаг азты ирон поэзийы цы æрттивагдæр уацмыстæ фæзынд, уыдонæй у иу.

Римаг император Юлий Цезарь, дам, арæх фæлхат кодта – сабыргай тагъд кæн, зæгъгæ. Камал литературæйы цы аразы, уый сабыргай: «Фæлтау цардудæй сау зындонмæ бафтон, Цæйнæфæлтау фæзмон мæхи мæхæдæг» («Арæх нал фыссыс…»). Афтæ сабыргай, æмæ йæ уацмыс адæммæ йæхицæй фæраздæр вæййы. Свæййы сын уарзон уацмыс. Æрцæры сæ удты. Фыссæгæн та адæймаджы зæрдæйы цæрынæй стырдæр хорзæх Хуыцау ницы ма радта, ницы дæр ын ратдзæнис. Æмæ уыцы хорзæхæй Камал цух нæу.

Ходы-фырты сфæлдыстад бирæ цæмæйдæрты, бирæ цардуагон хабæрттæй, стæй дзæвгар аивадон амæлттæй æл-

васы адæймаджы йæхимæ. Фæлæ сæ сæйрагдæртæй иу у йæ уæзгæ афоризмон ныхас. Уый фæрцы йæ бон æрмæст уацмыс рæсугъд балхынцъ кæнын нæ бавæййы, фæлæ йæ дзырд фæкæны «æндыгъд нуарау дыз-дыз». Се ’ппæты чи фæнымайдзæн, фæлæ дзы иу цалдæрмæ куы ’ркæсæм, уæд уый уæлдай нæ уыдзæнис: «Нæ цард у тухи. Уый мидæг и н’ амонд, æнæ тухи нæй амондæн уæвæн. …Куырдадзы комы ссыгъдæг и æфсæйнаг» («Дыууæ урс сонеты»); «Былалгъ ныхас поэзийæн йæ марæг» («Ис де ’мдзæвгæты ронбæгъд декларацы…»); «нæ ивы адæймаг йæ конд, зæронд лæг уа, кæнæ та уа бынтон ног» («Бæрзонд нысанмæ…»). Æгæрыстæмæй йæм иудзæвгар æмдзæвгæтæ, Къостайы «Кæмæн цы?»-йау сæрæй кæронмæ сты афоризмтæй нывæст: «Цы уа кæнинаг//нал быхсы æмгъуыдтæ.//Æлвæст фатау дæ нысанмæ тæхгæ!//Хæдзаргæнæгæй лидзы калм йæ хуынкъмæ// бæндæнæфсон мæ фелвасдзæн, зæгъгæ…». Æмæ стæй сæйраг: «Поэт сæйраг хæдзаргæнæг//æнусты//уый кæлмыты// сæ хуынчъытæм//тæры!» («Хæдзаргæнæг»).

Къоста «Кæмæн цы?» сæрмагондæй, зонгæ-зонын сфæлдыста афоризмтæй. Камал цы аразы, уый куыннæ зыдта, фæлæ сæ, ома, афоризмтæй саразон, ахæм хæс æвæрдта йæ разы, уый мæ æххæстæй нæ уырны. Фæлæ цæст рæвдауынц, уд сæ улæфы. Сæйраг уый у: «Кæмæ нæй лæгдзинад// лæгдзинадыл зары;//æвидауцæн фидыц//йæ ныхасы сæр;// йæхæдæг æмгар чи нæу//кувы æмгарæн;//æнæгъдау фæкæны //«æгъдау-æгъдау»…// («Хатгай…»). Ноджыдæр нæ бон у æрхæссын ахæм дæнцæгтæ.

Ацы æмдзæвгæтæ сæрæй-кæронмæ сты уыцы иу сулæфтæй арæзт. Ныхас никуы фæлæууы. Никуы фескъуыйы. Æмæ уыцы аивадон амал дæр домы йæхи сусæгдзинад, цæмæй чиныгкæсæджы зæрдæйыл æмбæла хуыздæр. Стæй кæд алы уацмыс йæхи архитектурæ, йæхи джипп домы, уæддæр ыл сæ арæзт куынæ фæзыны, уæд сæ зæрдæ исы хуыздæр. Камалмæ ис фыссæджы уыцы стæм дæсныйад, поэты сусæггаг аивтæ хурмæ куынæ ракалы.

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта Цæрукъаты Алыксандры поэзийы тыххæй, зæгъгæ, йæм «хæдбындур фæлгонцтæ æмæ бæлвырд лирикон зæрдæйы уаг цæуынц буар-æмбуар». Æмæ афтæ чи зæгъа Ходы-фырты поэзийæ дæр, уый нæ

фæрæдидзæнис. Уацмысы темæ, йæ ритмикæ, цы лирикон зæрдæйы уагыл æрцыд фыст, йæ фæлгонцтæ иууылдæр æм æнæуынгæ тæгтæй сты æмбаст. Зæрдæ сæ уый тыххæй фæулæфы тынгдæр. Æмæ йæм фæлгонц фæлгонцы тыххæй нæ фæзыны, фæлæ дзы йæ уацмыс рарттивын кæны ирддæрæй: «Сæумæрайсом. Нывæнды хур йæ тынтæ (Сты хуры тынæй, райсомæй хуылыдз). Цъæх ламийæ, сыгъзæрины къæрттытау, Рæгъæд кæрдотæн се ’мбистæ зынынц» («Терчы был»).

Кæнæ æндæр ныв – цæвиттон хæлуарæджы хызæй «Цæст фæливæн»-ы. Ног дæр чи нæу, фæлæ нын йæ фенд «алайнаг æндон уарт» æрымысгæйæ, æхсызгон кæмæн вæййы. Æмæ цас сты поэтмæ ахæм ирд цæвиттонтæ!

Камал царды дæр, аивады дæр фæлмæн юмор, стæй куы фембæлы, уæд карз сатирæмæ дæр æмхиц у. Æмæ йын уый цымыдисондæр кæны йæ нуарджын, хæдбындур сфæлдыстад. Адæймаджы ахæссы цахæмдæр сæнтты бæстæмæ. Бафтауы йæ царды сагъæстыл. Уæдæ, æндæр куыд ис зæгъæн Камалы зындгонд цыбыр æмдзæвгæ «Армукъайы уынæрæй скъуыддзаг»-æй: «Кæсагуæйгæнæг: Кæй ма хъæуы кæсæгтæ?! Сæрджынты кило сомырдæг! Æнæсæртæ та – сом!..». Йæ райгуырдыл цалдæр дæс азы рацыдис, фæлæ уæддæр нæ сафы йæ тых. Уымæн æмæ æвдисы, царды иу фæлтæрæй иннæмæ чи хизы, уыцы æгъатыр рæстдзинад. Адæймагæн йæ зондмæ, йæ сæрмæ гæсгæ аргъ кæй никуы цыд æмæ цæуы, уыцы æгъатыр рæстдзинад.

Поэты сфæлдыстадыл нæ чидæриддæр фæдзуры, уыдон æй, сæ кæрæдзийы дзыхæй исæгау, цингæнгæ уымæн фæфæлхатт кæнынц. Уымæн æмæ дзы æнæ дæлæ-уæлæ хатынц æцæг аивады тых.

Камалы юмор кæд искæмæнты зын бауромæн вæййы, уæддæр йæ ныхмæ нæй дзурæн, царды рæстдзинад, кæд зынхæссæн разыны, уæддæр тыхджын у. Афтæ куы зæгъæм, уыцы юморы фæрцы ссис Ирыстоны иууылхуыздæр пародист, уæд нæ ныхасы рæдыд ницы уыдзæнис.

Сындзкъутæрыл дæр зайы адджын гагатæ, фæлæ сын се ’ртонын куынæ базонай, уæд дæ йæхæдæг ныттондзæнис. Камал аивады дæр, царды дæр тынг хорз фæзоны, цы йын фембæлы аразын, уый. Йе ’взонджы бонтæй фæстæмæ алы бæрнон бынæттæ уымæн ахста æмæ ахсы. Уыд журнал «Мах

дуджы» редакцийы хайады сæргъæууæг, чингуыты рауагъдад «Ир»-ы редактор, стæй сæйраг редактор, Министрты Советы цур Мыхуыр æмæ чингуыты базарады комитеты сæрдар, Ирон театры директор. 1990-æм азæй разамынд кæны Фысджыты цæдисæн. Фæлæ, уæддæр, сæйраджы-сæйраг у фыссæг. Йæ номгæнæг, йæ кадгæнæг у йæ аивадон сфæлдыстад. Нæ сæйраг ныхас фылдæр йе сфæлдыстадыл уый тыххæй нывæндæм.

Æцæг, аивадон уацмыстыл цахæмфæнды ныхас æрæфтау, куыдфæнды сæ стау, кæнæ сæ фыдгой кæн, уæддæр сæхæдæг куыд зæгъой сæхи тыххæй, афтæ ничи. Уымæ гæсгæ мæ нæ ныхас балхынцъ кæныны размæ фæнды цæвиттонæн æрхæссын Камалы хуыздæр уацмыстæй иу, æмдзæвгæ «Уæларвæй цы ’рхауы, уый уромы зæхх»:

Уæззау тохы мадæн йæ иунæг фæмард,
мад иста йæ дзыкку бындзыггай…
Зæрдæ йын æвæрдтой:
«Æгъатыр у цард,
дæ маройæ, охха́й, æрæнцай!..»

Сысыди мадæн йæ цæстыты зæгъ,
нæ йыл кодта иуцъусдуг адæн…
«Уæларвæй цы ’рхауа,
уый уромы зæхх!» -
ныфсытæ-иу авæрдтой мадæн…

Ныллæууыди мадæн йæ царды фæззæг,
йæ дзыхмæ нæ иста къæбæр дæр…
…Уæларвæй цы ’рхауа,
уый уромы зæхх,
фæлæ йæ нæ уромы

Зæрдæ!..

Æндæр адæмты поэттæ æмæ дунейы классикты уацмыстæ, уæлдайдæр, драматургийæ, Камал цы уацмыстæ сдзурын кодта ирон æвзагыл, уыдон сæхæдæг хæзна сты. Уæдæ,

сабитæн цы æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ сфæлдыста, драматурги æмæ критикæйы жанрты цы уацмыстæ снывæзта, уыдон дæр рæвдауынц чиныгкæсæджы цæст æмæ зæрдæ. Уый, гъай-гъайдæр, цæстуарзон адæймагæн æхсызгон у, æмæ юбиляр йæ цины бон сæрыстыр куы уа, уæд ыл никæй зæрдæ бахуддзæн.

Ходы Камал йæ куырыхон зонд, йæ адæймагадон миниуджытæ æмæ ирд курдиаты фæрцы ссис Ирыстоны адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон æмæ Хуадонты Зурабы номыл «Нарты фæткъуы»-йы премиты лауреат, Республикæйы паддзахадон Гимны автор æмæ сæйраджысæйраг – адæмы уарзон поэт.

Æмæ дзы иуæй дæр афтæ нæ зæгъдзынæ, нæ йæм æмбæлы, зæгъгæ. Сæхи æцæг паддзахад æмæ æцæг адæм чи хонынц, уыдон Камалы хуызæн Поэттæ æмæ Адæймæгтæй разынынц дунейы дзыллæты ’хсæн. Йæ хуыздæртæн æмбæлон кад чи кæны, уый йæхицæн кад кæны, æмæ Ирыстоны адæм Ходы Камалы 70 азы юбилейыл зæрдæхцон æмæ парахатæй кæй æмбæлынц, уый нæ Поэты ном уæлдæр нæ фæкæндзæнис, фæлæ дзурæг у, нæ дзыллæ, уый искæй фæнды æви нæ, уæддæр сæ аивады кусджыты стыр сгуыхтытæм кæддæртау йæхи ницыуынæг кæй нал кæны, фæлæ йын цы æмбæлы, уыдон кæй аразы сæрыстырæй. Уый дзурæг у, бынаты лæгты цæстæнгасæй кæй нал аргъ кæнæм нæ дзыллæйы лæгтæн, фæлæ нæ зонды цæст æцæг дардмæ уынын кæй райдыдта, ууыл.

*Хъазиты Мелитон*

25.01.2011 аз

# СФÆЛДИСТАДОН БАСТДЗИЙНÆДТÆ

2020-аг анзи Дзæуæгигъæуи РЦИ-Алани уæдта Белгороди облæсти Финсгути цæдести сæрдартæ Агънати Гæстæн æма Вера Кобзарь бадзубанди кодтонцæ æма бадзурд бафинстонцæ сфæлдистадон æмкуст кæнуни тухх æй. Еци фембæлди адтæй Уæрæсей Финсгути цæдеси сæрдар Николай Иванов. Бадзурди домæнтæн гъуддагæй аргъ кæнæн æма мухури уадзæн Белгородаг зундгонд финсгутæй еу цалдæрей уадзимистæ дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй. Етæ дæр сæхе журналти фæрстæбæл мухур кæндзæнæнцæ мах скурдиадгундæр финсгути æмдзæвгитæ æма радзурдтæ.

Вера КОБЗАРЬ

Уæрæсей Финсгути цæдеси иуонг. Цалдæр æмдзæвгити æмбурдгондей автор – «Вчера был снег», «Весенний дождь», «Светлый август», «Ожидание», «Таинственный свет», преми «Прохоровское поле» уæдта 4-аг Медадæмон поэтикон конкурси «Звезда полей – 2013!» лауреат. Цæруй Белгороди, æрæги иссæй сæ регионалон финсгути цæдеси сæрдар.

* * *

Нурма зумæг æй фур изол,
Арви гъазгæй ма хор ферттевуй,
Саубиндзæ ма зæнгæ ку стелуй,
Къахгæй меддеденæг æ «дзол».

Нурма даруй ирд арви ’рдæг,
И бон нæма ’фхæлуй, æвæдзи,
Сифтæр аййев кæнуй и æрдзи,
Заруй кæрдæги цъæрæхснæг.

Уæд дæ цæститæ еудадзуг
Идзаг цæмæ ’нцæ цидæр ресæй,
Кæсунцæ сах ’ма тæрсгæ-резгæй,
Росбæл ферттевуй цæстисуг?..

Нурма зумæг æй фур изол...

## БИЛГÆРОН

Мæтъæл уарун гъаруй æ конди, –
Ревæд цолахъ лæууй билгон.
Дунгæн хæссуй, цума, нивонди
Фæззæг бæлæсти сифтæ ’ргон.

Уалдзæги зартæ агорунмæ,
Тархуз къотæрти ’хсæн мæ уод
Тæхуй игон гъæдти рæбунтæ,
Кæнуй се ’рлæгунæй æнод.

Фал æрмæст уарун, æрмæст дунгæ,
’Ма дони ефстаг фæццæхъал,
’Ма тухст къалеути ’рдзæф кæнунцæ
Фæззæги сабур уаг игъал...

## БУРДÆН

Мæйи кæрон, комахсæни
Рохс æхсæви фæлуста.
Æрвдуйнеййæн йæ авдæни
Уорс бурдæн æхе узта.

Фæгъгъос уидæ, ранæрсидæ,
Уæд уæларвмæ ирæзтæй.
Лигъз будуртæ расæрфидæ,
Ракæсидæ бæлæстæй.

Мет ’ма стъалути æмхæццæ,
Сæрзелæггун игурд æй.
И метбурдæн æнæбæрцæ
Аци ’хсæвæ исцурд æй.

* * *

Зулун туппурбæл идарди –
Ку ракæсай къæразæй –
Гъæуайгæсау фур æнцадæй
Еунæгæй лæууй бæрзæ.

Нигки ба ма – хуаси ласæг,
Зæронд къотæр, цох сифæй.
Цæй, нæ уатæй рафецауæн,
Æрзелæн будурти, цæй.

Цади сæр авгау фестадæй,
И уадсести æвдесуй.
Уади уолæфт дæр нистадæй,
Хъæзи зарун игъусуй.

Нæдæр тухст ’ма нæдæр хъонцтæ, –
Ке зонуй зумæг ’здæхун.
Æрмæст мæргътæ гъæр кодтонцæ,
Нæма сæ фæндуй тæхун...

## МЕТГОР ЦЪЕУТÆ

Маст адтæй æма фæцæй...
Адтæй ’ма фесавдæй.
Мет, зелæ мæ сæрмæ, цæй!
Мет, уорс мет не ’нцадæй.

Æрæмбарзта уорс хъæпæн
Гъæдтæ ’ма рæзбунтæ.
Зелуй, кæнуй лигъз – тъæпæн,
Соруй, соруй нин нæ рунтæ.

Цидæр адтæй лæгъузæй, –
Уорс мет сæ нимбарзта.
Метгор цъеути бал бæрзæй
Игъæлдзæг ку ’руаста.

Æрæмбарзта сæнтуорс мет
Зæнхи цар æд дестæ...
Зелуй, зелуй сæнтуорс мет,
Соруй нин нæ незтæ...

* * *

Игъоси, цæгатаг зуст дунгæ
Куд неуй ристхуз, мæстгунæй!
Уорс мет куд æмбæрзуй гъæунгтæ,
Зæнхæ куд кæнуй æ бунæй.

Гъизт бон куд рахæссуй дуйнемæ
Аргъауæндæнттæй дзæнгæрæг.
Мегътæ ба дарунцæ сæхеми
Изол арвигъæртæ бæрæг.

Идард кæмидæр ба еу бæсти,
Ци зæнхи, – нæ 'й зонун дзæбæх –
Кæрдæги цъæх-цъæхид пæлæзтæ,
Уарунти фæрнæйдзаг сæх-сæх!..

*Скъодтати Эльбруси тæлмац уруссаг æвзагæй*

Татьяна ОГУРЦОВА

*Уæрæсей Финсгути цæдеси иуонг. Æй цалдæр киунугей автор. Уони хæццæ «Лирикæ», «Из трех тетрадей», «Захолодь», «Областное небо». «Прохоровское поле», зæгъгæ, уæхæн литературон премий лауреат. Цæруй Белгороди.*

## ПОЭТТÆ

Ци ’й уæ зар. Æнæбари тъæппитæ,
Царди хæлтти æлвæст алдæмбид.
Рагон финстæй кæлуй рохс тæппитæ,
Игъусуй нæуæг тъафæй нæ кудт.

Ду поэт, æд фуддзард, гъезæмарæ,
Лимæнсайд, еунæгади евгед.
Фал уæддæр æй дæ цард дæхе барæ,
Уомæн æма æдæ ду поэт.

Æрмæстдæр дæу цæстæй æгъзæлунцæ
Налхъут-налтæ, æвзест цæстисуг.
Зæрдæскъуд дæу рæнгъитæ кæнунцæ,
Æрмæстдæр дæу тог фæууй рæсугъд.

Зæнхон фудтæн уогæй сæ амæттаг,
Пеллонау уони содзуй сау маст,
Æрмæст етæ æнцæ тæрегъæддаг,
Æрмæст уони гъæуй æрвон уарзт.

## АРТ

Сæццæнгæсæй кæсун æнарт пецмæ,
Соги бæсти содздзæн нур мæ финст.
Фæззæг ба бахъæрттæй рæстæмбесмæ,
Лæборуй мæ метуатмæ æ гъизт.

Бæрæг даруй мæ над хумæтæгæй,
Иссæй зæнхæ халасæй зæрдцъæх.
Æрмæст бæрзæ лæууй цæрдбæгънæгæй,
Фæззегæндæ даруй усмæн цъæх.

Фæсбудур ба кокойни уæлгъæдæ
Кедæр артæй зиннуй фунуквæд.
Иссугътон мæ къохæй финст гæгъæди,
Зир-зир кæнуй мæ цонг æ байвæд.

Фæццудæнцæ пеллæнттæ идардмæ,
Гæгъæдитæн цæуй сæ къæр-къæр.
Бæргæ содзуй, фалæ еци артмæ
Нæ ’й мæ бон мæхе тавун уæддæр...

*Колити Виталий тæлмацтæ*
*уруссаг æвзагæй*

# САБИЙТИ ДУЙНЕ

## БÆГЪАТÆР НАРТÆ

*(Идарддæр. Æрмæг мухур кæнæн 2017 анзи журнал «Ирæф»-и 4-аг номерæй фæстæмæ)*

### НАРТИ СОСЛАН УОДÆГАСÆЙ МÆРДТИ БÆСТИ КУД АДТÆЙ

Сослан нæртон лæг адтæй, сауæнги дæр, цауæни хаттæй. Æ кари ку бацудæй, уæд æ еунæг фурт рамардæй æма ибæл гузавæ кодта, æдта ма ци кодтайдæ?! Æма, еу бон кæми адтæй, уоми æ сагъæсæй ранæхстæр æй, кумæ цудæй, уой дæр нæ зудта. Берæ фæххаттæй æма нецæбæл исæмбалдæй. Уæд Хуцаумæ искувта æма загъта: «А, Хуцау, æдта абони уæнгæ мæ берæ ку уарзтай, уæд мин нур ци дæ зæрди ес! Æгадæ мæ ку некæд кодтай, нур ба цæмæн уотæ ’й, мæ фурти дæр мин ку райстай?! Нур ба ди корун, цæмæй уæддæр Нарти астæумæ ревæдæй нæ иссæуон, уотæ мин радтæ!»

Цæун байдæдта, цæун, æма ’й Хуцау гъæдæмæ бахаста, ’ма дуйней рохс нæбал рауидта. Стонг дæр иссæй ’ма тар гъæди медæгæ æруолæфтæй.

Еу сахат уоми фæббадтæй, уæдта истухстæй æма искувта: «Йа, Хуцау! Табу де Стурдзийнадæн! Корун ди, æма мæ уæддæр ами ма рамарæ судæй!»

Коми дæлæмæ ниууидта уæргъуни асæ мегъи цъопп. Мегъи цъопп коми исхæлеу æй, сауæнгæ ма сау хонхи дæр æримбарзта. Сосланбæл еци мегъæ æрталингæ кодта æма, æ къæхтæмæ ку æркæсидæ, уæд сæ нæбал уидта æма загъта:

– А, Хуцау! Кæд ме ’сæфт не ’рцудæй, уæд айæ циуавæр мегъæ ’й, мæ къæхтæ дæр ку нæбал уинун, æма цирдæмæ цæуон, уой ку нæбал зонун.

Берæ фæссагъæс кодта Сослан, уæдта загъта æхецæн:

– Цæй, комæрдæмæ урдугмæ цæуон, æма кæд еу риндзæбæл исæмбæлинæ.

Урдугмæ цæун райдæдта, ’ма, кæми æргуридæ, кæми рахауидæ. Рахаудтæй бабæй мæнæ нур дæр.

Фестадæй ’ма ранæхстæр æй, æ развæндаг нæ уидта, уотемæй. Хуцау æй мæскъæмæ бафтуйун кодта. Мæскъæ-мæскъæ бабæй урдуги цæун байдæдта. Æ цуди медæгæ еу донбæл исцурæвæрæ ’й æма уотæ ниссагъæс кодта: «Цæй, аци донбæл цæуон, естæбæл æмбæлдзæнæн: е дондзау, е курондзау, е ба æндæр ести».

Дони билæбæл еу къахнад рауидта, донмæ нихкизтæй ’ма си æ къох ниццавта, цирдæмæ уайуй, уой базонунмæ. Ба ’й зудта. Цæун райдæдта дон-дон, дон цирдæмæ уадæй, ецирдæмæ.

Фонс донмæ тæрæг дæр не ’ссирдта, бæх донмæ ласæг дæр – нæ, курондзау дæр, æндæр ести дæр – уотæ.

Сослан загъта æхе меднимæр: «Аци къахнадбæл коми урдугмæ цæудзæнæн, æма мæ кæд еу дуйнебæл исæмбæлун кæнидæ».

Е ’ндурæ ’ма æ сагъæдахъи фæттæ – æ дæлагис, æ церхъ ба – æ фарсбæл, уотемæй бабæй Сослан къахнадбæл рандæй коми урдугмæ. Хъæбæр берæ бæнттæ фæццудæй тар мегъи хурфи, талингæ коми урдугмæ. Æнæуаг тухуаст исæстонг æй æма загъта: «А, Хуцау! Аци зиндзийнадæ мин цæмæн искодтай? Нарти астæу мæ кой ходуйнагæй байзайдзæнæй, атемæй ку фесæфон, уæд. Æстонгæй дæр ку мæлун æма мæ еу дуйнебæл цæмæннæ исæмбæлун кæнис?!»

Никкидæр ма хъæбæр берæ бæнттæ коми фæццудæй, æрæгиау ба коми думæгмæ рахъæрттæй æма дуйне фæрроxс æй. Ракастæй, æма уоми ба тар гъæдæ исфедудæй ’ма си дуйней лигъз будуртæ, ниллæг, зæрдæн æхцæуæн, уæдта зæрдæн дзæбæх роxс хор адтæй. Арвмæ ракæститæ кодта, æма ибæл хор дæр æма мæйæ дæр нæ зиндтæй. Сослан хъæбæр фæддес кодта ’ма загъта: «А, Хуцау! Ци дессаг дуйнеймæ мæ бафтудтай? Мæ сувæллонæй ардæмæ кæми нæ фæххаттæн, уæхæн рауæн ку нæбал ниууагътон, уæд атæ ци дессагræсугъд будуртæ ’нцæ! Ани æз ку некæд фæууидтон, роxс дæр ку æй, фал хор дæр ку нæ кæсуй! Æстонгæй дæр ку мæлун æма кæми ци бахуæрон?!»

Ракæсæ-бакæсæ ракодта, æма и будурти ци хуари муггаг н' адтæй уæдта, фонсæй, сирдæй, æндæрæй, уæхæн нæбал байзадæй. Сирдтæ дæр си тæрсгæ нæ кодтонцæ, фал хизтæнцæ æнæуой фонси хузæн. Кæсуй, æма еу рауæнмæ къуппи, туппургонди, хузæн пихсæ бауидта, 'ма имæ ниннæхстæр æй: «Цæуон уордæмæ 'ма си æндæр ку неци уа, уæддæр и пихсити мæхе бафснайдзæнæн». Бахъæрттæй. Уоми ба дин пихси æхсæн – æхсири цадæ. И пихсæ к' адтæй, е дин ибæл зилдæгæй билтæбæл исæвзурстæй. 'Ма Сослан баздахтæй, æма æхе æхсирæй исæфсаста, уæдта пихсити буни æхе рахъан кодта, 'ма уоми уолæфуй.

Уотæ рæхги ба еу æртæ кизги цадæуордæгмæ фæззиндтæнцæ æма æхсири цадæн е 'ннæ билæбæл сæ хъæпбæлтæ ракалдтонцæ. И æртæ кизги адтæнцæ, сæ конд, сæ уиндæн н' адтæй, уæхæн рæсугъдтæ. Сæхе цадæмæ бакалдтонцæ æртемæй дæр, æма уоми æртадтонцæ. Сослан дæр сæмæ берæ фæккастæй, уæдта багъузтæй 'ма си кæстæри хъæпбæлтæ иснимахста. Кизгуттæ дæр æртайунæй ку бафсастæнцæ, уæд цадæй исхизтæнцæ. Кæсунцæ, æма дин кæстæри хъæпбæлтæ уоми – нæбал. Рагорæ-багорæ кæнун сæ байдæдтонцæ, æма ма сæ кæми иссирдтайуонцæ,- уæхæн нæртон лæг сæ баримахста!

Уотемæй сæ ку нæбал ирдтонцæ, уæдта и кизгуттæ Хуцауæй дзурд равардтонцæ: «Уæ, нæ хъæпбæлтæ нин ка баримахста, е нин сæ фæстæмæ ку радта, уæд ин Хуцауæй соми кæнæн, цидæр нин зæгъа, уой ин ке бакæндзинан, уобæл, цифæнди ку феста, уæддæр!»

Æма син Сослан сæ сомибæл нæртон уасхау баууæндтæй. Сæ хъæпбæлтæ син равардта, кæд мæ мæ хæдзарæбæл исæмбæлун кæниуонцæ, зæгъгæ, æнгъæл кæсгæй.

Фал силгоймаг æ дзурдæн æцæг кæд адтæй?! Куддæр сæ хъæппæлтæ сæ къох иссирдтонцæ, уотæ си ке уæнттæ н' адтæй, е фæллæбурдта Сосланмæ æмай æхсири цади æхсæнмæ нинтъухта æд хуæцæнгæрзтæ:

– Ардæмæ цъеу-маргъ ку нæ тæхуй, уæд ду ба мæн хъæпбæлтæ ци æгъдауи тухкæй баримахстай, – зæгъгæ, ибæл нигъгъæр кæнгæй.

Сослан цади сæрбæл æ къабæзтæ берæ фæттилдта, уæдта 'й æхсир æ бунмæ раиста. Æхсири хурфи бунмæ цæйбæрцæ фæццудайдæ, уæдта цади бунмæ рахъæрттæй.

Гъема, мæгур, уотемæй Сослан æхсæз дæлзæнхи фæцæй, æхсири цади уотæ ниллæстæй. Уордæмæ бабæй ку рахъæрттæй, уæдта еу денгизбæл силгоймаги дзигкой халæй конд хедбæл бацудæй иннæ фарсмæ. Судæй мæлунмæ бабæй æрифтудæй, уотемæй уæнгмæрдтитæ гæнгæ еу хонхи цъасæмæ бахъæрттæй. Цъаси балæсон, зæгъгæ, куд загъта, уотæ ба Сослан еу доррæбун иссирдта, æндегæй изгæ ке бахуардта, медæгæй ба æрттевæнтæ ка калдта, уæхæн хæтæл. Айæ мин естæмæн бæздзæнæй, æхсæн дзаумай хузæн ку зиннуй, зæгъгæ, æма уой куддæр исиста, уотæ ба ин Хуцау æ сæрти еу халон æрбатæхун кодта. Сослан дæр имæ изæрхуæрд лагъзгубун фæййаразта æма æй фехста, ’ма дæ фудгол - уотæ: æрхаудтæй и халон æма ’й хомæй бахуардта. Е стгутæ ’ма ин æ сестæ ба еумæ исцурхта, æхуæдæг ба хонхи цъаси балæстæй æма дин тæкгкæ меддуар зиндони фæммедæг æй. Уоми ба ка е ’взагæй, ка æ сæригъунтæй, ка æ хæкъолæй, ка ба – сæрмесиндзæгмæ ауигъд, уотемæй си æрлæуунæн дæр н’ адтæй тæрегъæдгун адæми æсмагæй. Фал Сослан куддæр исмедæг æй уордæмæ, уотæ ба еугур зиндони адæм цийнæ кæнун байдæдтонцæ: «Æгас цæуæд Сослан! Уодæгасæй ци амалæй æрцудтæ ардæмæ? Уæлæбæл ци хабæрттæ ес?» – зæгъгæ ’й, фарстонцæ.

Судæй мæлун, æма бал мин хуæрун бакæнтæ, уæдта мæ фæрсдзинайтæ, зæгъгæ, сæмæ дзоруй. Æма ин тæрегъæдгунтæ загътонцæ:

– Ами хуæргæ нæ фæккæнунцæ.

– Мадта æнæхуæргæй ка лæууй, уæхæнттæн ба æз хабæрттæ нæ фæдздзорун,– æ къох сæбæл рарæуигъта Сослан, уотемæй фестадæй æма фæннæхстæр æй. Дзенетмæ бахъæрттæй.

Уоми ба æфтуйгæ цудæй дæнттæ устур донбæл, уой билæбæл ба сæдæ рæсугъд кизги хуарз ефтонгæй синдтонцæ. Сæ рази алли хуæруйнаг æма ниуазуйнаги мугкагæй идзаг. Сæрæй есгæ æма бунæй ахедгæ ке хонунцæ, сæ хуæруйнæгтæ – уæхæнттæ. Кизгутти ку рауидта Сослан, уæд æхе меднимæр загъта: «Гъенур ба мин кæд еци кизгуттæ ести бахуæрун кæниуонцæ!»

Ниццудæй æма сæмæ дзоруй:

– Уæ бон хуарз, хуарз кизгуттæ!

Етæ дæр имæ дзорунцæ:

– Æгас цо, Нарти Сослан. Ци изæд, ци идауæг дæ æрхаста ардæмæ? Уæлæбæл дæр дæ Хуцау берæ уарзта ’ма дæ мæрдтæмæ дæр, дзенетмæ дæ цар æма дæ бауæри цауæйнон рæвдзæй æрбауагъта. Дæу дæ нивæ не ’рхаста, фал бабæй дæ дæ лæгигъæдæ æрхаста, æндæра ардæмæ, дзенетмæ, æд гебенатæ цæуæн нæйййес!

Сослан сæ рафарста:

– Циуавæр айтæ, ци айтæ сумах?

Етæ ба ин загътонцæ:

– Мах, лæгмæ ка нæма фæццудæй, æма æнæкурдæй, уæдта курдуати ка рамардæй, уæхæн кизгуттæ ан, æма мæнæ аци хуæруйнæгтæ ба, махæн уæлæбæл дуйней ке нихæлар кодтонцæ, етæ æнцæ. Нур ба нæ рази ’нцæ, куд уинис, уотæ.

– Ести мин бахуæрун кæнтæ, æстонг дæн,– загъта син Сослан.

Семгæ бал ракæнæ нæ хæццæ, уæдта дин ести уодзæнæй, зæгъгæ ’й, синдбæл исхуæцун кодтонцæ.

Рæсугъддæр ци дууæ кизги адтæй, уони астæу æрхуæстæй синдбæл. Сослан нарæмон адтæй æма нæбал фæллæудтæй: кондгиндæр кизги фелхъивта. Уотæ, мæрдти, дзенети будури дæр æ фудуагдзийнадæ нæ уагъта.

Уæд имæ и кизгæ дæр дзоруй:

– Сослан! А дзенети будур æй æма ами дæр дæ фудуагдзийнадæ нæ уадзис. Уæлæбæл кудтитæ кодтай, ами, дзенети будури, уотитæ гæнæн нæйййес, æма дин аци хатт хатир фæууæд, дугкаг хатт ба уотæ ку бакæнай, уæд дин хатир нæбал уодзæнæй.

Нæрæмон Сослан бабæй нæуæгæй кизги цонг фелхъивта. Дугкаг хатт ма ин æ цонг ку фелхъивта, уæд ин кизгæ нæбал нихкатир кодта. Æхе фæууæгъдæ кодта, уотемæй Сослани базугбæл фæххуæстæй æма 'й устур дони астæумæ низзувутт ласта. Сослан форди, денгизи сæрбæл æ къабæзтæ берæ фæттилдта.

Æд гæрзтæ дони ранигъулидæ, кæми фæууæлбилæ уидæ æма дзоруй кизгуттæмæ:

– Фæррæдудтæн, ниммин хатир кæнтæ.

Кизгуттæ дзорунцæ:

– Фæстаг хатт ма ин нихкатир кæнун гъæуй.

Ци кизгæ 'й ниггæлста, е æй исиста донæй дæр æма ин загъта:

– Уæлæбæл дуйней кудтитæ фæккæнис, уотитæ гæнæн ами нæйййес, фал дин мах хæццæ бунат ес æма цæрæ ами нæ хæццæ, дзенети.

– Æстонг дæн æма мин ести бахуæрун кæнтæ,– дзоруй сæмæ Сослан.

– Нæ хæццæ цæрæ ами, уæлæбæл дуйнеймæ мабал бæллæ æма дæ бафсаддзинан. Мæнæ нæ рази ци хуæруйнæгтæ ес, уони уиндæй мах куд æфсæст ан, уотæ ду дæр уодзæнæ. Хуæргæ ба си неке кæнуй ами.

Сослан ба син загъта:

– Хуæрун фæткæ кæми нæйййес, еци дзенет мæн некæми гъæуй!

Нарти 'хсæнмæ цæун, зæгъгæ, син нæ бакумдта дзенети лæууН.

Рай æскъардтонцæ æма рараст æй еу рауæнбæл. Уоми ба къуар адæймаги Нартæй уодхар кæнунцæ, гъæрзунцæ, дзиназунцæ. Дзорунцæ имæ:

– Гъатт, Сослан, ис нæ уæгъдæ кæнæ, фæннæ ервæзун кæнæ аци гъезæмарæй!

– Уæлиуон дуйнейбæл лæгъуздзийнадæй ци нæ кодтан, уæхæн н' адтæй, æма нин нур ба мæрдти 'гъдауæй аци хузи тæрхон æрцудæй.

Рандæй уордигæй, ниссæ уагъта, æдта син ци æ бон адтæй. Бацудæй æндæр рауæнмæ. Уоми ба зиндони цади адæм хæпситæ, хелæгтæ, æнкъуæлхитæ æма æнæуой уæхæнтти хæццæ ранигъулиуонцæ, уæдта фæззинниуонцæ. Хæпситæ ниууасиуонцæ, адæм ба дзорунцæ:

– Гъæтт, Сослан, мах де ’уазæг, фæннæервæзун кæнæ!..

– Сослани бон ами неци ’й, фал ци кæнетæ, цæмæн уæхæн зин æвзаретæ?

– Уæлæбæл царди давун æма хахурæй ци нæ кодтан, уæхæн н’ адтæй, æма нур ба нæ тæрхон уотæ рацудæй мæрдти æгъдауæй.



Сослан бабæй рандæй уордигæй дæр æма бахъæрттæй еу æндæр рауæнмæ. Уоми ба рæсугъд æвзестæ авæрттæ, уоми ба æвзестæ къелатæбæл бадтæнцæ еу къуар лæги. Алли хуарз, алли дзæбæхæй адтæй сæ раз идзаг, æвналгæ ба сæмæ нæ кодтонцæ. Нийибæл цийнæ ’нцæ, æгас цо, Сослан, зæгъгæ. Е дæр сæбæл хъæбæр фæддес кодта ’ма сæ бафарста, ауæхæн арæзти медæгæ цæмæн æнцæ, сæ гъуддаг уотæ хуарз цæмæн æй, уобæл. Етæ дæр ин загътонцæ:

– Уæлæбæл дуйнейбæл мах раст цард кодтан, давгæ некæмæй кодтан, хуарз фæуунбæл кустан. Берæ уарзтан мæгур адæми, æнхус син кодтан æма уой тухххæй нин дæлиуон дуйней уæхæн амонд лæвæрд ес.

Æстонг дæн, æма мæ бафсадетæ, зæгъгæ, бабæй коруй Сослан уонæй дæр хуæруйнаг.

Етæ ба ин загътонцæ:

– Нæ хæццæ лæууæ ами. Уæлæбæл дуйнемæ мабал бæллæ, мабал цо, æма мæнæ мах рази ка ’й, етæ махæн куд æнхус æнцæ æнæ бахуæргæй, уотæ дæуæн дæр уодзæнæнцæ. Дзенети лæууунæй дæ барæ ес нæ хæццæ, ескæд дæмæ фæсмон æрцæудзæнæй, ку нæ ниллæууай, уæд.

Хуæруйнаг дæттун фæткæ кæми нæйийес стонг лæгæн, еци дзенет мæн нецæмæн гъæуй, зæгъгæ, бабæй син нæ ниллæудтæй уоми дæр. Сослани фæндадтæй Нарти адæмæн мæрдти хабæрттæ фæдздзорун æма бабæй ниууагъта уони. Еу сугъзæрийнæ авармæ бахъæрттæй. Бацудæй медæгмæ, æма уоми ба – сугъзæрийнæ – сæ къелатæ, æнæуой арæзт къуар лæги си бадтæй, сæ рази алли хузи хуæруйнаги дзæбæхæй идзаг.

Етæ дæр бабæй ниццийнæ æнцæ Сосланбæл, кæцæй фæдтæ, ци хуарз адтæй, ке æрцудтæ, е, зæгъгæ, нур ба лæууæ нæ хæццæ ами! Нур, Сослан судæй ке мардæй, уой дæр куд нæ лæдæрдтайуонцæ æма ин загътонцæ:

– Уинæн дæ уавæр, фал нæхуæдтæ дæр хуæргæ нæ кæнæн. Мæнæ, нæ рази ка ес, уони уиндæй æфсæст ан. Ду дæр мабал цо уæлæбæл дуйнеймæ, фал цæрæ ами мах хæццæ, æма уодзæнæ æфсæст дзенети медæгæ. Ма кæнæ, ма цо ардигæй, æрфæсмон кæндзæнæ еу бони сæри.

Нæбал сæмæ байгъуста æма ин идарддæр байамудтонцæ над. Сослан дæр амунд надбæл рацудæй æма еу лæг æма уосæмæ æрхъæрттæй: лæг æ гъæлæсæй цæхæртæ калдта,

уосæ ба имæ æ къохтæ бадаридæ, сæхуæдтæ ба сæ дууæ дæр нимпулдæнцæ.

Уæ бон хуарз, зæгъгæ, дзоруй Сослан. Етæ дæр имæ дзорунцæ:

– Æгас цо, Нарти хуарз Сослан! Уæлæбæл дуйнейбæл дæр дæ Хуцау берæ уарзта ’ма дæ мæрдтæмæ дæр дæ цар æма, уотæ, дæ бауæри уодæгасæй æрбауагъта, уæдта дин ами дæр хъæбæр хуарз бунат уодзæнæй. – Æвæдзи, уодæгасæй ке ниццудæй, уой туххæн ибæл ести бæрæггæнæн адтæй.

Сослан бабæй сæмæ дзоруй:

– Ци дессаг айтæ, ци кодтайтæ? Уæ гъуддаг уотæ лæгъуз цæмæн æй?

Етæ дæр имæ дзорунцæ:

– Нæхе фудæй атæ гъезæмарæ кæнæн, уæлæбæл дуйней бийнонти астæу нæхецæн сосæггæй хецæн хуæруйнæгтæ кодтан ’ма нур ба еци давддзийнадæ мæрдти аци зиндзийнадæй федæн: анз æртæ бони атæ фæгъгъезæмарæ кæнæн, мæрдти хецау нин гъеууотæ истæрхон кодта.

Сослан сæмæ дзоруй:

– Æз æстонгæй мæлун, ести мин радтетæ!

Етæ дæр ин еу уосæмæ нийййамудтонцæ. Сослан имæ амунд надбæл нихъхъæрттæй. Уосæ сугъзæрийнæ къелабæл бадтæй, сугъзæрийнæ цетенæ æ рази алли хуæруйнаги дзæбæхæй идзагæй лæудтæй.

Сослан имæ дзоруй:

– Дæ бон хуарз, дзæбæх уосæ! Дæ гъуддаг алцæмæй дæр уотæ хуарз цæмæн æй?

Е дæр имæ дзоруй:

– Æгас цо, Нарти Сослан! Уæлæбæл дуйней дæр дæ Хуцау берæ уарзта, нур ба дæ мæрдтæмæ дæр дæ цар æма дæ бауæри æрбауагъта, уæдта дæуæн бунат дæр хуарз ес ами, дзенети. Мæнæн ба авд лæхъуæни ’ма авд ности адтæй æма се ’гасей дæр æнхузон уидтон, се ’гасемæн дæр хуарз адтæн, æма мин етæ дæр хуарз адтæнцæ. Мæ къохи хъæбæр берæ адтæй æма дæдтунæй нæ аурстон, æма, кедæр фæллæвардтон, етæ нур ба мæ размæ кæдзосæй лæууцæ.

– Мадта æстонгæй мæлун æма мин ести бахуæрун кæнæ.

– Нуртæгкæ,– зæгъгæ, имæ дзоруй,– мæ къохи, Хуцауи фæрци, берæ ес,– æма ин фингæбæл еу æртæ къæбæри фе-

вардта. Сослан æхе меднимæр ниссагъæси ’й, нур мин етæ цæй фагæ ’нцæ, зæгъгæ.

Уосæ ба имæ дзоруй:

– Кæсуни барæ сæмæ ес, хуæруни барæ ба – нæ. Цæбæл гузавæ кæнис? Кæсæ сæмæ æма бафсæддзæнæ!

Сослан фингæмæ хæстæг бабадтæй æма имæ кæсун райдæдта. Фингæй еу къæбæр райсæфидæ æма бабæй æ бунати æндæр къæбæр равзуридæ, уотемæй Сослан æхе бафсаста айдагъ сæ уиндæй. Фингæ ба уæлдай ревæддæр нæ фæцæй уæддæр. Сослан деси бафтудæй, фæййин æнцон æй.

Ку бафсастæй, уæдта бабæй уосæмæ дзоруй:

– Хуарз уосæ, еу гъуддаг ма ди корун: Хуцауæй мин ракорæ, цæмæй уæлæбæл дуйнеймæ фæстæмæ исхезон æма, цæмæй Нарти астæу мæ кой ходуйнагæй ма байзайа, зæгъгæ, Сосланæн æ мард кæми фесавдæй, е дæр нæбал исбæрæг æй!

Уосæ ба ин загъта:

– Мæн бон уотæ нæ ’й, фал мæнæ аци надбæл иссо ’ма еу дзæхæрадонæмæ нихъхъæртдзæнæ. Е уодзæнæй дзенети дзæхæрадонæ æма æ бæлæсти буни ба хъæбæр берæ сувæллæнттæ гъазунцæ. Гъема уони бон æй дæуæн фенхус кæнун.

Сослан и уосæн райарфæ кодта, æма ин ци над байамудта, еци надбæл рацудæй. Дзенети дзæхæрадонæмæ æрхъæрттæй. Уордигæй имæ дуйней сувæллæнттæ ракалдæй æма имæ дзорунцæ цийнæгæнгæй:

– Æгас цо, хуарз Сослан! Хуцау дин бунат равардта ами, дзенети дзæхæрадони, мах хæццæ. Уодæгасæй ке æрцудтæ мæрдти бæстæмæ, е дæ бæлццон арæзтæй бæрæг æй, æндæра, ами ба хъæпбæлтæ нæ гъæуй.

Сослан син, æ хабар ци адтæй, уой æрдзурдта кæрæй-кæронмæ. Сувæллæнттæ имæ, еу дæр «мæнмæ рауай», иннæ дæр «мæнмæ рауай», зæгъгæ, дзурдтонцæ, фал си некæмæн бакумдта:

– Барæнтæ, барæнтæ, мæ хортæ! Æз ба уин уæ хецауæн райарфæ кæнон, атæ хуарз цард сумахæн ка уинун кæнуй, уомæн, – зæгъгæ, син загъта.

Гъой, гъой, гъой! Сувæллæнттæ уой ку райгъустонцæ, гъома, Сослан нæ хецаумæ цæуй мах тухæй арфæ кæнунмæ, зæгъгæ, уæд сæ фур цийнæй æ разæй пæр-пæр гæнгæ сæ хецауи размæ исмедæг æнцæ. Е адтæй гъунтъуз бауæр, устур

бæгънæг лæг, æ даргъ рехæ рафелауæ-бафелауæ кодта, уотемæй æй е усхъитæбæл фæстæмæ рагæлста ’ма си е скъелтæ æримбарзта. Сувæллæнттæ ин зæгъунцæ:

– Нарти Сослан уодæгасæй ардæмæ æрцудæй, æма дæ размæ æрбацудæй арфæмæ. Уæдта Сослани фæстæмæ раздæхун фæндуй Нарти астæумæ, æма ди корæн, цæмæй ин æй радтай, уой.

Кæрæдзебæл ниццийнæ ’нцæ мæрдти хецау ’ма нæртон лæг, цума рагæй зонгæ адтæнцæ, уотæ. Берæ фæдздзубанди кодтонцæ. Мæрдти хецау Сослани гури кæндтитæмæ æма цъухи рахастмæ ку æркастæй, уæд загъта:

– Сослан, хъæбæр æхцæуæн мин адтæй дæ фæууиндæ, дæ базонун, æма нур ба еумæ мæнæ ами хецауадæ кæндзинан, кæд дæ фæндуй, уæд.

Сослан не сарази æй:

– Нæ мин ес ниллæууæн ами. Нарти астæу мæ кой ходуйнагæй байзайдзæнæй, мæ мард кæми байзадæй, уой дæр ку нæбал базононцæ, уæд. Иннемæй ба мæбæл мæ хæдзари сæхе гъезæмарæй рамардзæнæнцæ. Мæ уосæ мæмæ æнгъæл кæсуй.

– Гъæй, Сослан! Цæбæлти гузавæ кæнис! Æз дæуæн ами уосæ ке иссердзæнæн, уой зонæ,– зæгъгæ 'й, арази кæнуй мæрдти хецау уоми байзайунбæл. – Мæхецæн æртæ кизги ес æма дæ уонæй ка гъæуа, уой дин ратдзæнæн.

Уотæ рæхги ба и æртæ кизги адæми дзахъуламæ гæсгæ сæ фиди размæ исмедæг æнцæ.

Мæнæ дин атæ ба ме 'ртæ кизги, 'ма дæ си кæци гъæуй, уой райсæ, зæгъгæ, дзоруй мæрдти хецау Сосланмæ. Е дæр сæбæл æ цæстæ радардта, 'ма дин етæ ба, кокойнæ къотæри размæ æхсири цади ци æртæ кизги фæууидта, цади 'й ка багæлста, етæ.

Æхе меднимæр æ цæстæ æхемæ æркъуæрдта, дессаг мастхатæн рæстæг мин искодта, зæгъгæ. Æхсири цади 'й ка багæлста, уой, кæстæр кизги, нийййамудта 'ма ин æй равардта мæрдти хецау. Сослан æй æрхудта уоми, адæм еугурæй дæр киндзхон фæццудæнцæ, уотемæй.

Хуарз! Сослан уоми цæйбæрцæ фæццардæй, Хуцау æй зонуй, уæдта кизги фидæн загъта: «Нæ фидæ! Аци цард мæхецæн не сагкаг кæндзæнæн, мæ уæлæбæл хæдзарæ ку нæ бабæрæг кæнон, уæд. Ести агъаздзийнадæ мин радтæ, цæмæй ма мæ хæдзарæ фæййинон, уой туххæй, уæдта æрæздæхдзæнæн, æма дуйнемæ дæр еумæ цæрдзинан.

– Ма кæнæ! Ку фæццæуай 'ма уотемæй ку æздæхай фæстæмæ, уæд дæ бунат зиндони уодзæнæй, уой туххæй, æма уæлæбæл берæ фудеуæгтæ фæккодтай, иннемæй ба мин мæ хабархæссæг халони рамардтай мæрдти дуармæ, уæдта мин мæ кизги бафхуардтай, 'ма уони тæрегъæдæй,– зæгъгæ, ин æрдзубанди кодта мæрдти хецау.

Сослан æхе меднимæр рагъуди кодта, фæстæмæ ку æриздæхон, уæдта ин æ кизги æрхондзæнæн, æма мин уомæ гæсгæ дзенет уодзæнæй, зæгъгæ. Уотемæй ин нæ исарази æй.

– Мадта, кæд нæ лæууис, уæдта дæ ронæ фехалæ 'ма мæмæ дæ фæсонтæ æрбадарæ,– зæгъгæ, загъта мæрдти хецау æпбун фæстаг.

Сослан æ ронæ фехалдта 'ма имæ æ фæсонтæ бадардта. Е дæр ин æ дууæ уонебæл æ дууæ къохи æривардта, æхуæдæг ба ин загъта:

– Кай зонуй, уæлæбæл дуйнейбæл ку не 'ууæндонцæ, мæрдти ке адтæ, уобæл, уæд сæмæ дæ фæсонтæ бавдесдзæнæ.

Æхуæдæгка сувæллæнттæмæ фæгъгъæр кодта æма дзенети дзæхæрадони бæгънæг сувæллæнттæ дæр сæ базуртæ фергъувтонцæ, испæр-пæр кодтонцæ, зелун райдæдтонцæ.

Сослан дæр сæбæл цийнæ кæнуй, æфсесæй, ефтонгæй, игъæлдзæгæй сæ ку фиууидта, уæд. Иннемæй ба, кæд мæхе фурти дæр фæууининæ, зæгъгæ, уомæ æнгъæл кæсгæй. Гъема, æрæгиау ба æ фурт фæззиндтæй æма кæрæдзебæл сæ фур цийнæй берæ фæккудтæнцæ. Гъе, уæдта, æвæдзи, æ фурти кутемæй ниууагъта, Хуцау зонуй, уæдмæти ба сувæллæнтти базурти дунгæй зелæн дунгæ фелвæстæй, æма Сослани фелваста, æма 'й хæссун райдæдта. Дуйней лигъз будуртæ, денгизти сæрти 'й фæххаста и дунгæ уæдта 'й æривардта еу рауæни æма идарддæр ци 'рдæмæ цудайдæ, уой нæбал ахæста æ сæр. Уотæ рæхги ба еу бæласæ бауидта æма уоми исмедæг æй. Æ сæрмæ ин исхизтæй 'ма си астъонæ. Астъони авд цæргæси бæдоли 'ма дин ницийнæ 'нцæ, мæнæ Нарти Сослан, æгас цæуай, зæгъгæ.

– Сумах бабæй мæ цæмæй зонетæ,– фæрсуй сæ Сослан.

– Гæр æма алли бон нæ мадæ дæу кой ку фæккæнуй,– зæгъгæ, ин цæргæси бæдæлттæ дæр.

Уотæ рæхги бæласи зæнгæбæл еу руймон исцæй лæстæй цæргæси бæдæлттæ хуæрунмæ, 'ма имæ Сослан фездахтæй, æма 'й æ церхъæй никъкъуæхтæ кодта бæласи буни. Цæргæс алли æхсæвæ дæр æ дзамани бæдæлттæ уадзидæ 'ма ин сæмæ еци руймон багъомпал æй, æма ин сæ алли бон дæр хуæргæ кодта æма и цæргæс, уони ба багъомпали уалдæнгæ, æндæр рауæнмæ фæххаста, 'ма баустуртæ 'нцæ, уæдта сæ фæстæмæ уоми нивварда, раст Сослан уоми ци бон адтæй, уой разæй.

Сослан бабæй фæстæмæ исхизтæй цæргæси бæдæлтти размæ, 'ма 'ймæ дзорунцæ: «Ба дæ римæхсæн, кенæ ба нæ мадæ ку фæззинна, уæд дæ æ фур цийнæй рахуæрдзæнæй», – зæгъгæ 'й, сæ еу æ базури сеси бунмæ раримахста.

Изæрæрдæмæ ба бæдæлтти мадæ фæззиндтæй 'ма æ базурти пæр-пæрæй устур думгæ фелвæстæй, уой фæсте – уарун. Уарун ба адтæй цæргæси цæстисугтæй, æ бæдæлттæн бабæй тарстæй æма уой азарæй.

Уæд æрхъæрттæй æ астъонæмæ, 'ма æ бæдæлтти уоми ку æруидта, уæдта æ фур цийнæй ци ракодтайдæ, уой нæбал

зудта, фал сæмæ æрæгиау ба дзоруй: «Еци руймон ка рамардта, ка уæ фæййервæзун кодта, уæдта ци аллон-беллон æсмаг æй?»

– Аллон дæр дæхуæдæг, беллон дæр дæхуæдæг, æндæр ба ами æсмаг нæййес, фал хуали хуæрун ахур дæ, ’ма бабæй, æвæдзи, дæлæ руймони фиди æсмаг дæ финдзи цæуй. Ервæзун ба нæ фæккодта Нарти Сослан, алли бон ке кой кодтай, ейæ,– зæгъгæ, ин дзуапп равардтонцæ æ бæдæлттæ.

– Æма ци фæцæй нур ба Сослан? Тæходуй, уой фæууинæ, уæд ин мæ дæндагæй цирагъ бадаринæ,– зæгъгæ, сæмæ дзоруй и цæргæс.

– Ба ’й хуæрдзæнæ, æндæр ба дин æй байамонианæ.

– Ма тæрсетæ, – зæгъгæ, син дзурд равардта.

Гъема ’йбæл ку бауу æндтæнцæ, уæдта имæ ’й бавдистонцæ, ’ма ’й цæргæс æ фур цийнæй авд хатти ранихъуардта, авд хатти ба ’й фæстæмæ исгæлста. Уотемæй, æвæдзи, кæрæдзебæл цæй бæрцæ фæццийнæ кодтонцæ, Хуцау зонуй, уæдта æрæхсæвæ ’й æма еугурæй дæр астъони нихкустæнцæ.

Сæумæ ба и цæргæс Сослани фæрсуй: «Гъи, мæ бæдæлтти уод ервæзунгæнæг, дæ хуарздзийнадæ дин цæмæй бахатон?»

– Арфæгонд уо дæ дзæбæх дзубандити тухкæй, фал мин кæд хуарз фæуун ес дæ зæрди, уæд мæ мæ райгурæн бæстæбæл исæмбæлун кæнæ! Ци ’рдигон дæн, уой ба дин амонун, æвæдзи, нæ гъæуй. Гъема мин еци хуарз агъаз бакæнæ,– загъта Сослан.

Цæргæс еци дзубанди ку æригъуста, уæд ниссагъæси æй æма дзоруй: «Бæргæ дæ исмедæг кæнинæ дæ хæдзари, фал базæронд дæн ’ма хуæруйнаг æма ниуазуйнагбæл тагъд æхсицгæ кæнун ’ма мæ хæццæ етæ ку нæ уонцæ, уæд ескæцæй рахаудзинан, фал, цæй, ду абони лæууæ, æз ба ескумæ мæхецæн фæндаггаг агорунмæ цæуон æма кæд ескæцæй ести æрхæссинæ».

Сослани уоми ниууагъта, æхуæдæг ба раздахтæй. Гъема еу хани кувди косæрттæ, авд къамбеци фæхсунгондæй, уæдта авд цæудзар гæбæти сæнæ раскъафта, уотемæй уони хæццæ Сослани размæ исмедæг æй. Æхсæвæ ма уоми фæцæнцæ. Сæумæраги цæргæс æ фæндаггаг æ базурти æхсæн æ рагъи исцурхта. Сослани ба син сæ сæрбæл рабадун кодта, уотемæй

ратахтæнцæ. Гъема, еу уæлзæнхæ ку фæууиуонцæ, уæдта еу Сослан цæргæси гъæлæси къамбеци мард æма сæни габæт рацæвидæ.

Уотемæй æвдæймаг уæлзæнхæ ку фæцæнцæ ’ма цæргæси гъæлæси сæни гæбæт æма къамбеци мард ку рацавта, уæд и цæргæс æнхæст нæ рафсастæй. Сослан дæр æй ралæдæрдтæй, ’ма уохкай, фæстæмæ хауæн, зæгъгæ, æ зæнги хæцъæф æрбалух кодта ’ма ’й цæргæси гъæлæси рацавта. Æма ’й цæргæс æ дæлæвзаг нилхъивта. Уотемæй тухкæй-фудтæй фæууæлбилæ ’нцæ.

Ку фæууæлбилæ ’нцæ, уæдта и цæргæс Сослани зæнги хæцъæф фæстæмæ банихаста æма кæрæдземæн хъæбæр райарфæ кодтонцæ, уотемæй си алкедæр æ хæдзарæмæ рандæ ’й: цæргæс æ бæдæлттæмæ, Сослан ба æ райгурæн хæдзарæмæ, и Устур Нарти æхсæнмæ.

Сослан æ гъæумæ ку бахæстæг æй, уæд кæсуй ’ма дин еу фиййау æмбесмæ заруй, кафуй, æмбесмæ – кæуй, æрдеуагæ кæнуй, ’ма имæ Сослан дзоруй:

– Ци кæнис, дзæбæх биццеу? Æмбесмæ кæугæ ку кæнис, æмбесмæ ба – заргæ!

– Ци ма кæнуйнаг дæн? Нарти Сослан – хуарз лæг æй худтонцæ, – рамардæй, ’ма уобæл кæун. Æма нур ба фондз анзи цæуй уæдæй ардæмæ, æма ин устур хист кæнунцæ. Гъема, изæри ку ниццæуон, уæдта æз дæр еци хисти мæхе нифсаддзæнæн ‘ма уобæл зарун,– зæгъгæ, ин биццеу дзуапп равардта.

Сослан бахудтæй æма имæ дзоруй:

– Цо, мадта Нартæмæ хуæрзæнгорæггаги уайæ, æз Сослан дæн, æма син æй фегъосун кæнæ, е ба сæ хист кувдмæ раййевонцæ.

Биццеу дæр фæтъæбæрт ласта, хъонцгун хæдзарæмæ исмедæг æй æма еуемæн дæр, иннемæн дæр радзоридæ: «Сослан æгас æй, æрбацæуй», «Сослан гъæуи фæстемæ æрбахъæрттæй!»

Фал дин ибæл кæми æууæндтæнцæ: «Рандæ уо, дзæгъæл дзорæ ма кæнæ, хъæсти нез дæ бахуардта!» – зæгъгæ ’й расхуститæ кодтонцæ.

Уотæ рæхги ба сæмæ æцæгæй Сослан исмедæг æй, æма ’й адæм сæ фур цийнæй зæнхæбæл дæр нæбал уагътонцæ. Хъуритæ ’й кодтонцæ, хъæбæрдæр – Нарти зæрæндтæ, иуонæхсæрттæ:

– Мах ба дæ рамæлун æнгъæл ку адтан, нур ба нин дæ хабæрттæ ракæнæ.

Гъема син Сослан мæрдти хабæрттæ фæдздзурдта: дзенет æма зиндонæ ке фæййидта, мæрдти хецауи хæццæ дæр ке базонгæ æй, уони кæрæй-кæронмæ.

Сирдон имæ фегъуста, уæдта дзоруй:

– Кæми дæлбунти бабæй зелæн кодтай, кай зонуй?! Кæми дзæгъæл фæххаттæ, мæрдти адтæн, зæгъгæ…

Сослан дæр æ уæллаггурæ рабæгънæг кодта ’ма сæмæ æ фæсонтæ равдиста. Æ фæсонтæбæл ба финст адтæй: «Мæрдти Бæрастур». Еци финст ку байаргъудтонцæ, уæд си баируагæс æй, Сослан æцæгтæ ке дзурдта, е, уæдта мæрдти хецау «Бæрастур» ке хуннуй, уой дæр базудтонцæ.

Гъема уæдæй ардæмæ байзадæй «Мæрдти Барастур» ном адæми астæу.

Цидæр адтæй, Нартæ сæ хист кувдмæ раййивтонцæ æма æгас нæртон адæм сæ зонгити хæццæ æстæмæй-астмæ фæццийнæ кодтонцæ. Дуйнемæ уоми нæ бадтайуонцæ, Сосланæн рохсаг зæгъунмæ ка ’рцудæй, еци адæм æма еу афони фæххæлеу æнцæ. Алке æ хæдзарæмæ рандæй.

Сослан дæр æ уоси рази æризадæй, ’ма ин æ гъезæмæрттæ, æ фудæбæнттæ, æ лæгигъæдтæ уæдта, сæ фурти ке фæййидта, уони æрдзубандитæ кодта. И уосæ, мæгур, берæ фæккудтæй, æ фурти ин æ зæрди ку æрифтудта, уæд.

# ПУБЛИЦИСТИКÆ

ХИДИРТИ Батраз

## ИРÆФИ РАЙОНИ ЕВГЪУД ÆНЗТИ КУСТИ ХАТДЗÆГТÆ

Ирæфи райони бунæттон хецауади кустæн хатдзæгтæгæнгæй, фиццаги-фиццагидæр æрлæуун гъæуй финансон архайдбæл. Ирæфи райони еугур цæргутæн дæр æнæ зундгонд нæ 'й, райони бюджетон организацитæ дзæвгарæ ихæстæ ке дардтонцæ, уой фæдбæл нæмæ ци ахсгиаг æма æнæлухгонд фарстатæ æма уавæртæ рауайидæ, е: бюджетон организаций æхцай фæрæзнитæ уорæд æрцæуионцæ, уомæ гæсгæ ба сæ материалон-техникон базитæ ранæуæг кæнунæн фулдæр хатт фадуæттæ нæ уидæ, фагæ дехгонд нæ цудæй æхцай фæрæзнитæ сувæллæнтти равдауæндæнтти хуæруйнаг кæнунæн æма уотæ ид. Республики разамундæрдигæй цæстæдард ке фæххуæздæр æй фæстаг æнзти, уой фæрци сæрмагонд мадзæлттæ арæзт æрцудæй еци лухгæнуйнаг фарстатæ раеуварс кæнунæн. Уонæмæ хауй, гъæууон-хæдзарадон нисæнеуæг кæмæн ес, еци еугæндтæй налогтæ æмбурд кæнуни гъуддаг фæнниваебæлдæр кæнун. Уомæй еумæйаг æфтуйæгтæ фæффулдæр æнцæ 25 процентей бæрцæ. Еци мадзæлтти фæрци район фæууæгъдæдæр æй феддонти къæлæтæй, фæззиндтæй размæвæрд ихæстæ æнхæст кæнунæн фадуæттæ социалон æма экономикон къабæзти.

Район хаст æрцудæй, федералон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн сæрмагонд программитæмæ, е ба нин фадуат равардта националон проекти архайунæн дæр. Етæ нин устур æнхус æнцæ нуриккон уаварти, нæ социалон ирæзт идарддæр уæлдæр къæпхæнмæ есунæн.

Æркæсæн, социалон къабази нæ къохи ци æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй, уонæмæ. Райсæн ахурадæ:

1. Гъæу Советское-й арæзт æрцудæй, нуриккон домæнтæн æнхæст дзуапп ка дæттуй, уæхæн рæвдауæндонæ сувæллæнттæн 120 бунатей хæццæ. Райдайæни си адтæй æдеугурæй дууæ къуари, фæстæдæр ба сæ нимæдзæ исхъæрттæй 6 къуаремæ. Уой уæлæнхасæн ба ма си фæззиндтæй 14 косæн бунати.

2. Ахурадæ идарддæр райрæзун кæнуни программæмæ гæсгæ, дууæ нæуæг фæрсаг азгъунсти арæзт æрцудæй сувæллæнттæн Хæзнидон æма Секери. Сæ дууеми дæр ма уæлæнхасæн фæззиндтæй фæйнæ 55 бунати.

3. Националон проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ Чиколай 1-аг æма Лескени астæуккаг скъолати цалцæггонд æрцудæнцæ сæрмагонд ахурадон азгъунститæ (кустити аргъ исхъæрттæй 180 млн сомемæ). Етæ ма ефтонггонд æрцудæнцæ сæрмагонд ахурадон ефтонггæрзтæй дæр. Идарддæр, Сурх-Дигори, Чиколай æртæ скъолаеми, Хæзнидони, уæдта Лескени астæуккаг скъолати игонгонд æрцудæнцæ шахмæттæй гъазæн кълæстæ. 2019 анзи сæмæ ласт æрцудæнцæ еугур æнæмæнгæ гъæугæ ахургæнæн фæрæзнитæ дæр æма абони косунцæ æнæкъулумпийæй. Еугур еци мадзæлттæ устур агъаз фæууодзæнцæ нæ райони скъолати ахурдзаутæн нуриккон техникон фæрæзнити рæуаги информацион-коммуникацион ефтонггæрзтæй профессионалон уагæбæл ахур кæнунæн.

4. Ирæфи райони скъолати еуæй-еу азгъунститæ рагæй æнцæ æдзæллаг уаварти, гъæуй сæ цалцæг кæнун. Уомæ гæсгæ бал цалцæггæнæн куститæ райдæдтонцæ Чиколай дугкаг скъолай тæккæ рагондæр азгъунсти æма гъæуама кæронмæ рахъæртонцæ 2021 анзмæ, скъолабæл – 50 анзи исæнхæсти бæрæгбонмæ.

Райони адæмон ахуради къабази ма ци лухгæнуйнаг фарстатæ ес, уонæмæ бахæссæн ес:

1. Ирæфи райони сувæллæнтти рæвдауæндæнтти 2020

анзи 1-аг январи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ еу сувæллонбæл харзгонд цæуй 75 соми æма 90 капекки. Е æй, евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, еу минкъий фулдæр, фал нормæ 96 соми ке æй, уой уæнгæ исхъæртун ба нæ къохи нæма бафтудæй.

2. Агкаг домæнтæн дзуапп нæ дæдтунцæ Чиколай 1-аг æма 3-аг рæвдауæндæнтти азгъунстити уавæртæ, уæдта Лескени дæр еци уавæр рæвдзæдæр нæ 'й.

Базелуйнаг æнцæ Æхсæрисæри, Мæхчески, Лескени, Секери æма Чиколай 3-аг астæугкаг скъолати азгъунститæ.

3. Ахсгиаг фарстабæл нимад цæуй, скъолати ахургæнгутæ ке нæ фагæ кæнуй, е дæр. Берæ нæмæ ес, сæ карæмæ гæсгæ æгæр ка фæххестæр æй, уæхæн педагогтæ, уойхигъд нæмæ æригон ахургæнгутæ ба нæ хъæртуй. Æма кæд фæлтæрдгун ахургæнгутæ айдагъ скъоладзаути нæ гъæунцæ, фал ма сæ гъæздуг зонундзийнæдтæ кæстæр ахургæнгутæн дæр дæдтонцæ гъæуама, уæддæр фæстæгти нимæдзæ хъæртуй еугæйттæмæ. Берети си фæндгæ дæр кæнуй сæ куст ниууадзун æма æ зæруи бауолæфун, фал сæ ка раййева, уæхæнттæ ба нæййес. Нæ зæрдæ дарæн, гъæугкаг скъолати ахургæнгутæн фæстаг рæстæгути ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уоми архайгæй, æригон кадрти фарста дæр лухгонд ке æрцæудзæнæй, уобæл.

Социалон къабази иннæ ахсгиаг гъуддаг æй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнунадæ. Евгъуд рæстæг, комкоммæ нисан кæмæн ес, еци программи архайди, уæдта республики разамунди фæрци дзæвгарæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй райони æнæнездзийнадæ гъæуайгæнæн кустуæтти æма лæггæдти уавæр фæххуæздæр кæнуни гъудтаги.

Нуриккон домæнтæн дзуаппдæдтæг азгъунст арæзт æрцудæй Толдзгуни. Уæхæн азгъунститæ ма арæзт цæунцæ Мæцути, Секери, Сурх-Дигори гъæути. Федæнмæ ба ма сæбæл бафтуйдзæнцæ Æхсæрисæри æма Секери гъæутæ дæр. Райони разамунд активонæй архайуй, цæмæй капиталон æгъдауæй цалцæггонд æрцæуа Чиколай сæйраг сæйгæдони азгъунст. Еугур еци мадзæлттæ устур æнхус фæууодзæнцæ райони цæргути æнæнездзийнадæ гъæуайкæнунади лæггæдтæ бунтондæр нæуæг къæпхæнмæ исесунæн.

Фал ма ами дæр берæ ес æнæлухгонд гъудтæгутæ, кæцити райони разамунди бон нæ 'й æхе хъауритæй раеуварс кæнун.

Райони гъæутæ кæрæдземæ бустæги идард ке æнцæ, уомæ гæсгæ нæ фадуат нæ амонуй еугур гъæутæ дæр аллихузон незтæй дзæбæхгæнæг дохтурти кадртæй банхæст кæнун. Материалон-техникон ефтонгадæ æма дохтурти кадртæ кæрæдземæй лæууæнцæ идард. Æркæсуйнаг гъудтаг æй сæ мизди фарста дæр.

Социалон райрæзти къабæзтæй еу æй культурæ дæр.

Фæстаг рæстæгути еци гъудтаги райони æрцудæй зингæ æййивддзийнæдтæ. Æппунфæстаг, кæронмæ цалцæггонд æрцудæй райони культури хæдзари азгъунст – айдагъ концертон зал æма фæрсаг азгъунститæ цалцæггонд не ’рцудæнцæ, фал ма си æвæрд æрцудæй æнæмæнгæ гъæугæ ефтонггæрзтæ дæр.

Уой фæрци Чиколай аййевæдти скъола, берæ рæстæгути ка нæ куста, нур нæуæгæй райдæдта косун æма сувæллæнттæн фадуат ес аллихузон къуæртти архайунæн. Капиталон æгъдауæй цалцæггонд æрцудæй Сурх-Дигори культури хæдзарæ. Нæуæг культури хæдзари азгъунст арæзт æрцудæй Æхсæрисæри. Кæронмæ фæццæунцæ цалцæггæнæн кусти-тæ Секери гъæуи дæр.

Еугур еци мадзæлттæ устур агъаз фæцæнцæ, нæ райони культури æма Чиколай аййевæдти скъолай архайгутæ сæ дæсниадæ цæмæй равдистайуонцæ аллихузон æркастити айдагъ нæхе республики нæ, фал Ростови, Санкт-Петербурги æма Мæскуй, уомæн.

Евгъуд æнзти устур куст æрцудæй муниципалон программæ «Адæми цæрæнуатон уаварттæ фæххуæздæр кæнуни» фæдбæл. Еци программæмæ гæсгæ бюджетон фæрæзнитæй харзгонд æрцудæй 3625,1 мин соми.

Райони гъæути æндаг бакаст фæаййевдæр кæнунбæл ба харзгонд æрцудæй 12850,4 мин соми. Чиколай сæйраг гъæунгтæ сæ хузæ искалдтонцæ.

Æргом здæхт цудæй æма цæуй райони фæндæгти уаварттæ фæххуæздæр кæнуни фарстатæмæ. 2020 анзи, «Æдас фæндæгтæ», зæгъгæ, еци национaлон проекти архайгæй, районæн дехгонд æрцудæй 20639,101 мин соми. Уой уæлæнхасæн ба ма бунæттон бюджетæй – 18038,880 мин соми. Уотемæй еумæйагæй æхцай нимæдзæ исхъæрттæй дзæвгарæмæ.

2020 анзи Ираæфи райони гъæути фæндæгтæ цалцæггонд

æрцудæй 8,589 километри. Уони хæццæ: асфальтгонд æрцудæй 7,448 километри, хурæй æмбæрзт – 11,41 километри æма фестæгæй цæуæн къахвæндæгтæ – 4,492 километри.

Фондз скъолаемæ арæзт æрцудæй фестæгæй бацæуæнтæ.

Райдæдтонцæ цалцæггæнæн-аразæн кусти тæ «Чикола – Мæцутæ – Коми-Арти» уæнгæ, уæдта Гæлиати гъæумæ низдæхæни дæр.

«Ахурадæ», еци проектмæ гæсгæ бундоронæй цалцæггонд æрцудæй Чиколай 2-аг астæугкаг скъола. Еци кусти тæн дехгонд æрцудæй 40363,590 мин соми.

2020 анзи регионалон бюджетæй дехгонд æрцудæй 8653,062 мин соми Чиколай канализацион системæ саразунæн. Уомæн æ дæргъæ хъæртдзæй 2 километремæ.

Гъæути æндаг бакаст фæаййевдæр кæнуни программæмæ гæсгæ Чиколай «Уалахези Парк» æма Лескени æхсæнадон территори барæсугъдкæнунбæл харзгонд æрцудæй 13375,000 мин соми.

«Гъæууон территоритæ фæррæсугъддæр кæнуни» программæмæ гæсгæ Ираæфи райони фондз гъæуеми æхсæнадон территоритæ аййевдæргонд æрцудæнцæ Дзинагъай, Секери, Советское æма Толдзгуни. Сæ еумæйаг кустити аргъ исхъæрттæй 11425,000 мин сомемæ.

«Адæми цæрæн уавæртæ фæххуæздæр кæнуни» программæмæ гæсгæ Къамати арæзт цæуй цæрæнуæттæ – 2515,176 мин сомей аргъ.

2021 анзи ма нæ зæрди ес:

**Спорт.** «Территоритæ еумæйагæй райрæзун кæнуни» программæмæ гæсгæ Чиколай аразун райдайдзинан спортивон æнæнездзийнадæ федардæргæнæн комплекс. Уой арæзтадæ кæронмæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуа 2023 анзмæ. Æ аразæн кустити еумæйаг хæрзтæ исхъæртдзæнцæ 250000,0 мин сомемæ.

**Культурæ.** Национaлон проект «Культурæ»-мæ гæсгæ бундоронæй цалцæггонд æрцæудзæй Хæзнидони культури хæдзарæ.

**Ахурадæ.** Национ проект «Ахурадæ»-мæ гæсгæ Лескени еумæйагахурадон скъолай азгъунст æрцæудзæй цалцæггонд, уотæ ма цалцæггонд цæудзæй Чиколай 3-аг скъолай спортивон зал дæр.

**Гъæути æндаг бакаст аййев кæнун.** Еци проектмæ гæсгæ аййевгонд æрцæудзæнцæ Чиколай æма Сурх-Дигори территоритæ. Уæхæн куститæ ма конд цæудзæнцæ: Зæдæлески, Мæцути, Дзинагъай, Стур-Дигори, Мæхчески æма Гæлиати. Етæ баст æнцæ туристон фæндæгти хæццæ.

Еци еугур мадзæлттæ арæзт цæудзæнцæ райони цæргути социалон царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæн, кæстæр фæлтæри исонбон идарддæр ирæзун кæнунæн. Уомæ арæзт æнцæ нæ Республики æма райони разамунди æгас хъауритæ дæр.

Социалон къабази райрæзтæн нæййес уæн æнæ экономикон рахуæцæнтæй. Уомæ гæсгæ ба экономикон политики мах цубур рæстæгмæ гъæуй:

1. Гъæууон-хæдзарадон кустади райрæзун кæнун гъæуй айдагъ тиллæг æма рæзи къабæзтæ нæ, фал фонсдарунадæ дæр, уой хæццæ ба устур фонсдарæн кустуæттæ нæ, фал хе хæдзæртти минкъий фермитæ аразун. Берæ фæрæзнитæ нæмæ ес уомæн æма сæмæ цæстæдард фæллæмбунæгдæр кæнун гъæуй. Еци кустбæл бафтаун æмбæлуй айдагъ кустгъон адæми нæ, фал ма пенсиесгутæ æма æригон цæргути дæр, еугур хъауритæй дæр син æнхус гæнгæй.

2. Уæлдæр куд банисан кодтон, уомæ гæсгæ, Ирæфи райони географион уавæртæ хинцгæй, уæдта си ци экологион уавæр исæвзурдæй, уотемæй фулдæр спайда кæнун гъæуй паддзахадон æнхус æма гранттæй, цæмæй фулдæр арæзт цæуонцæ фонсдарунадæ, рæзæ æма тиллæгæй ци бæркад есæн, етæ экологион домæнтæн æнхæст дзуапп дæдтонцæ, уомæн. Райрæзун кæнун гъæуй идарддæр бийнонти фермитæ, хе минкъий, уæдта æндæр хузи коллективон хæдзарæдтæ.

3. Идарддæр Ирæфи райони райрæзун кæнун гъæуй туристон къабазæ. Уомæн нæмæ ес еугур гæнæнтæ дæр, æрмæстдæр сæ гъæуй царди рауадзун. Уомæ гæсгæ ба нæ фулдæр æргом раздахун гъæуй фæндæгти арæзтадæмæ, сæйрагдæр ба – хуæнхбæсти, аразун нæ гъæуй туристон базитæ æма ирæзун кæнун уони хæццæ баст гъуддæгутæ...

МАЛХЪАРТИ Нателлæ

## МАЛХЪАРТИ МУГГАГИ РАВЗУРДИ ИСТОРИ

Цæгат Иристони Малхъарти муггагæй кадæриддæр цæруй, етæ гъæуама фæлтæрæй-фæлтæрмæ зононцæ айдагъ сæ муггаги равзурди истори нæ, фал ма, сæ ахили ратæдзæни уедæгтæ Ассийæй ке цæунцæ, уой дæр. Уомæн æвдесæн æнцæ берæнимæдзон архивон бæрæггæнæнтæ.

Æссон историк Абийти М. К. куд финсуй, уомæ гæсгæ «Малхъар æй Ассий тæккæ рагондæр æхсæнади мийнæвар, фал æй, махмæ гæсгæ, уруссаг официалон гæгъæдити ба, цæмæй æнцондæрлæдæрæн адтайдæ, уой тухæн раййивтонцæ дзурд «Балхъар»-мæ.

Тауæрæхъмæ гæсгæ, кæддæр, хъæбæр раги, будури гъæутæй еуей цæрæг, цауæйнон, цауæнгæнгæй, бафтудæй Череки цæугæдони билтæмæ æма коми хурфæмæ исраст æй. Еци цауæйнони ном хундтæй Малхъар. Кæмæй адтæй, е дæр бæрæг бæлвурд нæ ’й, фал еу афони ба бафтудæй еу æрдозæмæ. Уоми цæргæй баййафта цалдæр хæдзари. Малхъари зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй еци рауæн æма исфæндæ кодта уоми æрцæрун. Фæстæдæр æ бийнонтæ æма æ хеуæнтти исамидин кодта, æма гъæуæй минкъий уоддæр æндæр æрдозæ сæхецæн равзурстонцæ цæрæнбунатæн.

Цæйбæрцæ рæстæг рацардæнцæ уоми, Хуцау æ зонæг, фал сæмæ еу бони ба еу æнæзонгæ лæг бафтудæй иуазæгуати, æ ном хундтæй Мисака. Малхъарти бийнонтæ уæдмæ адтæнцæ фараст æнсувæри æма еунæг хуæрæ. Мисака æма Малхъарон кæрæдзей зæрдæмæ хъæбæр фæццудæнцæ. Сæ хебари дзубандий рæстæг кизгæ аразий дзуапп равардта Мисакайæн æ цардæмбал исунмæ, фал æнсувæртæ ба цæхгæр ниллæудтæнцæ. Нæ сæ фæндæ адтæй, цæмæй сæ еунæг хуæрæ æнæзонгæ, æндæр бæстаги амонди хай бацайдæ, е. Уæд æнсувæрти хуæрæ баевдалдæй æма син хуссæги хуасæ

бадардта, Мисака ба сæ фунæййæй рамардта æма сæ мулк, сæ зæнхитæ уой бацæнцæ.

Иннæ тауæрæхъмæ гæсгæ ба XIV æноси, Тамерлан алайнаг æфсæдтæ ку ниппурх кодта, уæд ма, Мадзарæй уодæгас ци алайнæгтæ байзадæй, етæ хуæнхбæстæмæ сæхе байстонцæ.

Уонæй еу æфсæдтон разамонæг Малхъар æ æфсади байзайæддæгти хæццæ æхецæн еу рауæн æрбунат кодта. Еци зæнхи хай абони дæр хуннуй Малхъар (Балхъар).

Анзи дæргъци исаразта устургомау федар галауан æхецæн цæрунмæ. Абони дæр ма æ ихæлдзæнтæ æгас æнцæ æма хуннунцæ Малкар-Кала.

Малхъарæн райгурдæй фурт Тотуран, Тотуранæн – Болат. Болат æхецæн бийнойнаг æрхудта Цæгат Иристонæй, æ ном хундтæй Озай æма син райгурдæй фараст фурти (Айдек, Ацец, Эуел, Алæф, Икъран, Бек, Есен, Сеуюл, Эней) æма кизгæ Жюзжан.

Аци тауæрæхъи дæр, Абийти М. К. ци хабар æрхаста, е цæуй фæлхатгонд, гъома, Малхъарти æнсувæртæ сæ хуæри Мисакайæн радтунбæл не ’сарази æнцæ, æма ’й æгади тард ракодтонцæ сæ хæдзарæй. Æстæри уогæй, еу бон фæлладæй æриздахтæнцæ сæ хæдзарæмæ. Уой уæлæнхасæн ба ма адтæнцæ сæйгæ.

Мисака син балихстæ кодта, цæмæй æй сæхемæ бауадзонцæ, æма син фенхус кæна æрсæ дзæбæх кæнунæн. Æнсувæртæ ку æрфунæй æнцæ, уæдта сæ рамардта æма сæ хуæри хæццæ æрцардæй. Фал аци тауæрæхъмæ гæсгæ и фараст æнсувæремæй дууемæй раервазтæнцæ: Эуел æма Айдек. Уонæй рантæстæй Малхъарти муггаг.

Кæсæг-Бæлхъарæй еу силгоймаг А. Шомахова, интернети куд финсуй, уомæ гæсгæ ин æ фиди фиди фидæ Малхъарти Хъирим Якуби фурт уотæ радзурдта: «Малхъартæ адтæнцæ æхсæз æнсувæри æма еунæг хуæрæ. Сæ хуæрæ бауарзта, Малхъарти муггаг æзнаги цæстæй кæмæ кастæнцæ, уæхæн æндæр муггаги лæхъуæни. Æнсувæртæ уой ку фегъустонцæ, уæд цæхгæр ниллæудтæнцæ, сæ хуæрæ æ цард еци нæлгоймаги хæццæ баеу кодтайдæ, уой нихмæ.

Кизгæ æ бон ку базудта, уæд æ уарзони хæццæ бадзубанди кодта æма е ’нсувæртæн «бузæ» (хъæбæр карз ниуæзтæ) бадардта, уой фæсте ба æ уæле сурх пъолци искодта æма сæ мæсуги сæрмæ исхизтæй. Е ба адтæй, е ’нсувæртæ сау расуг

æма тохунгьон ке нæ ’нцæ, уой бæрæггæнæн, уой нисан, бунæй арæсæни имæ ка æнгъæлмæ кастæй, уонæн. Мæлæтдзаг тох баеудагъ æй, æма Малхъарти æнсувæртæй дуурæ фæммард æй, иннæ æнсувæр ба æ хуæри барæхуста æма ’й рамардта. Æнсувæртæй æртемæй зудтонцæ, сæ хуæри зæрди ци фудраконддзийнадæ æрæфтудæй, уой, фал сæ зæрдæ дардтонцæ, кизгæ æ мадæй райгургæ æнсувæртæмæ æ къох ке некæд исесдзæнæй, уобæл, æма син рагацау неци фегъосун кодтонцæ. Фал гъудтаг конд ку æрцудæй, уæдта ма бæргæ балæдæрдтæнцæ сæ рæдуд, фал байрæгæмæ æй, æма фæйнердæмæ сæхе райстонцæ. Æнсувæртæй еу æхе райста Баксани коммæ, уоми уосæ ракурдта æма цæргæ байзадæй. Дугкаг æхе райста Кæсæгмæ, æртигкаг ба æрбафтудæй Иристонмæ. Ами æхецæн уосæн ракурдта ирон кизгæ, æ муггаг нæбал раййивта, цуппæрæймаг ба сæхе хæдзари цæргæй байзадæй.

Историктæ æма ертасгутæ куд зæгъунцæ, уотемæй Малхъар, куд Бадели æма Басиат, уотæ адтæй идард кæцæйдæр æрцæуæггаг.

Малхъарти муггаги исæнтæстбæл зæрдиагæй бакуста К. Курданова (Малхъарон). Е исаразта генеалогон таблицæ. Уомæй бæрæг æй, уæлдæр æрхаст тæуæрæхътæ æцæгдзийнади бундорбæл ке æнцойнæ кæнунцæ, е. Дæлдæр хæссæн еци фæлтæрти номхигъд:

*Малхъар, æ фурт Тотуран, уой фурт Болат.*

*Болати фурттæ: Айдек, Ацец, Эуел, Алæф, Икъран, Бек, Есен, Сеуюл, Эней, кизгæ Жюзжан.*

*Айдекæн: Алан, Аланæн – Бийберт, уомæн – Таулан, уомæн – Оракъ.*

*Оракъи фурттæ: Баракъ, Додту æма Къиез.*

*Баракъæн: Малхъар, Чила æма Къара.*

*Малхъарæн: Алимурзæ.*

*Чилайæн: Жумакул, Исса, Ома, Огъур.*

*Къарайæн: Алидчаг, Сарæмурзæ, Къæрæмурзæ, Якуб, Ибрагим, Солтан, Чуммук, Аслæмурзæ, Аслæнгерий, Аслæмбег.*

*Додтуйæн: Кяусар, Алла-Хаджи.*

*Алла-Хаджий фурт – Махæй.*

Ертасгути берæнимæцон куститæмæ гæсгæ, дигори муггæгтæй беретæ Ассийæй æрбалигъдæнцæ хонсар-нигулæн Дигори бæстихаймæ æма си сæхецæн цæрæнбунæттæн рав-

зурстонцæ Стур-Дигорæ, Къуссу, Одола, Æхсæргин æма уотæ идарддæр.

Дигорæ æма Асси рагæй нури уæнгæ дæр цæрунцæ фæрсæй-фæрстæмæ. Еу ба сæ кæнунцæ, Ираф æма Череки цæугæдæнтти ’хсæн ци дууæ коми ес, етæ.

Æссон ертасæг Х. Х. Малкондуев куд финсуй, уомæ гæсгæ: «Дигорон æвзаг Ассий зундгонд адтæй XIII æноси уæнгæ. Евгъуд æноси ба ма пайда кодтонцæ дигорон нимадæй (дугæйттæй æма дæсгæйттæй). Хонгæ дæр æй кодтонцæ (дюгер санау), гъома «дигорон нимад».

Идарддæр финсуй: «Берæ зæрæндтæ мин дзурдтонцæ, сæ фиддæлтæ дигорон æвзаг хуарз ке зудтонцæ, айдагъ уой тухæй нæ, фал ма ибæл заргæ дæр кæниуонцæ».

Нигки дæр ма еума уæхæн цау: 1975 анзи Ассимæ æрбацудæй фæсарæйнаг еу дигорон лæг. Бæрзонд уæлвæзи кæмидæр еу гъæуи фембалдæй уорсрехæгун зæронд лæгбæл. Зæронд ку базудта, иуазæгæн æ фиддæлтæ Устур-Дигорæй æнцæ, уой, уæд ин радзурдта: «Асси æма Дигорæ еу адæмихатт æнцæ, – зæгъгæ. – Мах еци дзубанди игъосгæ æрцудан нæ фиддæлтæй абони уæнгæ. Ассий æма Кæсæги зæнхитæбæл недзаманти цардæнцæ, сæхе дигорон ка худта, еци алантæ. Фал ралæудтæй уæхæн рæстæг, æма нæ нæ цæрæнбунæттæ ниууадзун багъудæй. Етæ ба адтæнцæ нæ фæлабулай цæргутæ. Етæ нимæдзæй дзæвгарæ фулдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ, куд фæстæмæ, исхæлæмулæ ан сæ хæццæ, æма нæ рагфиддæлти æвзаг дæр иронхгæнгæ цудан, æвзагиздæх дæр исæндæрхузон æй.

Æвæццæгæн дæмæ дессаг кæсуй, мæнæ дæ хæццæ дигоронау ке дзорун, е. Ба ди æруагæс уæд, нæ гъæуи цæргутæн сæ фулдæр дигорæнттæ æнцæ. Фал ма си, дигорон æвзаг ка зонуй, уонæй еунæг æз байзадтæн. Æз мæ фиди хæццæ арæх цæуинæ Дигоргоммæ, сæйрагдæр ба Къуссумæ. Уæдта мæнæ аци гъæуæй беретæ фæллигъдæнцæ уордæмæ, гъома, Дигоргоммæ».

Идарддæр автор æхемæ фаутæ хæссуй: еци зæронд лæги нигки лæмбунæгдæр ке нæ бафæрститæ кодта, уæдта и гъæуи ном дæр нæ нигъгъуди кодта, æ муггаг дæр. Гъуди ма кодта, æ ном Сæрауз кенæ Сæрваз ке хундтæй, уой.

Куд зонæн, уотемæй еци рæстæг Стур-Дигори зилдмæ

хаудтæнцæ Æхсæргин, Къуссу, Одола æма Москæ. Еци гъæути цæргутæ адтæнцæ Цæргæсати гъæздугути дæлбарæ.

Гурдзиаг паддзахи фурт Вахушти Багратиони куд зæгъуй, уомæ гæсгæ Цæргæсатæ Дигори нимад адтæнцæ барæдарæг æлдæрттæбæл. Сæ муггаги равзурди тухæн байзадæй цалдæр хузи тауæрæхъи, фал се ’гасей дæр еу кæнуй уæхæн гъуди: Цæргæс Стур-Дигорæмæ æрбафтудæй хонсарæрдигæй æма баст адтæй Абхазаг æлдæртти муггаг Шервашидзети хæццæ. Цæргæси æртæ фуртемæй исæнтæстæнцæ муггæгтæ: Хъæрæбугъатæ, Хъантемуртæ æма Таймазтæ.

Нæ республики сæйраг архиви ес, 1886 анзи Пусулмонгъæуи цæрæг адæмæн ци бийнонти номхигъд арæзт æрцудæй, е.

Еци рæстæг Пусулмонгъæуи Малхъарти муггагæй цардæнцæ:

*1. Малхъарти Цæраййи фурт Айтег æма е ’нсувæр Ораз.*

*2. Малхъарти Абисали фурт Хамæза, æ фурт Хакъиассæ. Е ’нсувæртæ: Елмурза, Бекмурза.*

*3. Малхъарти Кинай фурт Мæхæмæт. Æ фурттæ: Хъубади, Пшемахо, Аслæнгери. Хъубадий фурти-фурттæ: Хаджеумар æма Хаджимæт.*

*4. Малхъарти Хъæвдуни фурт Хъаурбег. Æ фурттæ: Хаджимæт, Муха. Æнсувæртæ: Мурзабег, Дзасар, Заурбег, Адулгерий.*

Се ’гас дæр хуæст адтæнцæ пусулмон динбæл, цардæнцæ гъæдæй арæзт къæсти, дардтонцæ сторвонс, бæхтæ, листвонс.

Дæлдæр мæ æрхæссун фæндуй, Цæгат Иристони ци Малхъартæ цардæй, етæ сæ рагфиддæлтæй ци тауæрæхътæ æригъустонцæ, уонæй еу къабази кой ракæнун, сæрмагондæй ба, дигорон æлдæрттæ, Хъантемурти муггагæй ка рантæстæй, уони кой. Малхъарти Хъургъохъи хæдзари еци темæбæл некæд дзориуонцæ, цæмæй Малхъарти иннæ къабæзти зæрдихудти ма бацæуонцæ, уомæ гæсгæ.

Æ истори ба уæхæн æй: Малхъарти еци къабази рагфиддæл Цæрай адтæй Хъантемуртæй еу лæги фурт. Адтæй ин бийнойнаг Дзадзати муггагæй, – Асиат æ ном. Лæгæн æхе худтонцæ Хадо. Цæрай ку ралæхъуæн æй, уæд ин æрхудтонцæ бийнойнагæн Гæтæгти Мæкъæзи æма син исæнтæстæй æртæ сувæллони: Айтег, Ораз æма кизгæ Хангуассæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ Цæрай цауæни фæммард

æй, æма ин æ æригон седзæргæс уосæ, уæдта е ’ртæ сувæллони æхемæ райста Малхъарти Абисал.

Еци дзубанди финст æрцудæй Малхъарти Рæхмани дзурдтæй. Финсгæ ба ’й никкодта æ фурти фурт.

«Дигори цардæнцæ Хъантемурти бийнонтæ: мадæ, фидæ æма дууæ сувæллони. Етæ еу бони сæри æрбаседзæр æнцæ. Еу рæстæгути фæсте уордæмæ цæрунмæ æрбафтудæй Малхъартæй еу лæг æма е æхецæн бийнойнагæн ракурдта седзæрти мади. Фæстæдæр син исæнтæстæй нигкидæр ма еумæйаг сувæллæнттæ. Фал Малхъари-фурт, Хъантемурти хестæртæй барæ ракоргæй, седзæр сувæллæнтти дæр æхе муггагбæл ниффинсун кодта. Хъæнтемуртæн ба зæрдæ байвардта, гъома, дан, ку багъомбæл уонцæ, уæд син балæдæрун кæндзæй, тогæй Хъантемуртæй ке æнцæ, уой. Куд загъта, уотæ бакодта. Фал сæ сæ фидæ некæд дех кодта æхе цæуæтæй, уомæ гæсгæ лæхъуæнти нæбал бафæндадтæй сæхе Хъантемурти муггагбæл ниффинсун».

Фал абони уæнгæ дæр Хъантемуртæ æма Малхъартæ кæрæдзей хæццæ æнсувæрдзийнадæ нæма фехалдтонцæ, еу муггаг иннемæй кизгæ нæ коруй.

Хестæртæ куд дзорунцæ, уотемæй Малхъарти муггаги хестæртæ, Цæрай ку фæммард æй, уæд Мæкъæзæн лихстæ кодтонцæ, цæмæй е дæр сæ хæццæ Туркмæ фæлледза, фал нæ бакумдта.

Гæтæгти Бекири дзубандитæмæ гæсгæ: «Гæтæгти Габойæн адтæй хуæрæ Мæкъæз. Е киндзи цуд адтæй Малхъартæмæ. Гæтæгти муггаг еугурæй дæр зудтонцæ, Малхъарти хæццæ тогхæстæг ке ан, уой».

Нæ хестæр фæлтæри еци радзубандитæ, хатгай, рæстæгæй ка фæббор æй, уæхæн тъæфтæбæл финст, берæ документтæй æцæгдæрхуз фæуунцæ, уомæн æма нæ хестæртæ хъæбæр нимадтонцæ тогхæстæгдзийнадæ, уæдта алли бийнонтæ дæр, æд устур, æд минкъий, зудтонцæ сæ хæстæгути. Сæ еци рахастдзийнæдтæ лæвæрд цудæнцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Æз мæхуæдæг цалдæр анзи фæккустон аци темæбæл æма мæ къохи бафтудæй, Канадæмæ эмигрантæй ка рафтудæй, уони архиви Хъантемурти Цæраййи фурти фурт, Малхъарти Айтеги фурт Мухай царди хабæрттæ исбæлвурд кæнун. Муха 1913 анзи Америкæмæ рафтудæй кустагор. Науæ «Сэнт

Паул»-æй æрхизтæй наулæууæн Саутгэмптони. 1918 анзи фæстæмæ æ райгуræн бæстæмæ ку здахтæй, уæд сæрмагонд анкети фарстатæн дзуапп гъæуама равардтайдæ, æма уоми куд финст æрцудæй, уомæ гæсгæ Малхъарти Муха адтæй 1889 анзи игурд, зæнхкосæг, бийнонтæ ин нæма адтæй, пусулмон динбæл хуæст, Пусулмонгъæугкаг, 1911 анзи æрвист адтæй æфсæдтон службæмæ. Æ фидæ – Айтег, æ мадæ – Минæ, цæрунцæ Пусулмонгъæуи. Ес ин æнсувæртæ: Дрис, Сослæмбег æма Зекре. Канади æй 1913 анзæй нурмæ.

1918 анзи Муха фæстæмæ æ райгуræн бæстæмæ ку æрбаздахтæй, уæд, цубур рæстæги фæсте, бийнонти гъуддаг бакодта. Америки ци æхцай капеккитæ бакуста, уонæй Чиколай исаразта хирхвадæн, фал 30-аг æнзти ба еу адæймаги культи азарæй ахæст æрцудæй. Æ гъудтагмæ ин ку æркастæнцæ, уæд си неци уæхæн знаггадæ иссердтонцæ æма ’й фæстæмæ исуæгъдæ кодтонцæ.

30-аг æнзти ма ахæст æрцудæнцæ Малхъарти Хъасун Орази фурт æма Малхъарти Ораз Цæраййи фурт.

Фидибæсти Устур тугъд ку райдæдта, уæд тæккæ фиццаг бонти знаги нихмæ тохмæ рандæ ’нцæ: Дириси фурт – Рамазан, Хъургъохъи фурттæ – Мæхæмæт, Къостан, Орази фурт – Хъургъохъ, Мухай фурт – Хушин.

Рамазан тугъдæй исæздахтæй сахъатæй, Къостан æнæбæрæгæй фесавдæй. Мæхæмæт ба хуарзæнхæгонд æрцудæй æ бæгъатæрдзийнади тухх æн «Сурх Стъалуй» орденæй, «Фидибæсти тугъди 1-аг къæпхæни» орденæй æма еуæндæс майданемæй.

Малхъарти муггаги ес, айдагъ Иристони нæ, фал Уæрæсей дæр æ ном кæмæн райгъустæй, уæхæн зундгонд адæнтæ: Акъоти-Малхъарти Фатимæ Хъургъохъи кизгæ – РЦИ-Аланий æскъуæлхт дохтур, Малхъарти Мусай фурт Таймураз – Дзæуæгигъæуи федералон тæрхонгæнæг, Малхъарти Мæхæмæти кизгæ Светæ, – социологон наукити кандидат, Мæскуй «Корпораци Я»-й коммуникацион къуари генералон директори хуæдæййевæг, АЕШ-и штат Луизиани кадгин сенатор. Етæ сæрустурæй хæссунцæ Малхъарти муггаги кадгин ном.

Дигорон Малхъартæн федар бастдзийнæдтæ ес сæ æссон æрвадтæлти хæццæ. Зонунцæ ’й, æнсувæртæ ке æнцæ, еу артæй байуаргæ, æма си иронхуати некæд изайуй.

хузæ: Стур-Дигорæ, Дигоргоми гъæу